



AKADEMI KREYÒL AYISYEN



KAYE AKADEMI AN

LANG, ATIZAY AK SOSYETE
LANG, ATIZAY AK SOSYETE
LANG, ATIZAY AK SOSYETE
LANG, ATIZAY AK SOSYETE
LANG, ATIZAY AK SOSYETE
LANG, ATIZAY AK SOSYETE



DIZYÈM ANIVÈSÈ AKA (2014-2024)

NIMEWO 1
DESANM 2024

Kaye Akademi An

KAYE AKADEMI KREYÒL AYISYEN

**DIZYÈM ANIVÈSÈ AKADEMI
KREYÒL AYISYEN**

2014-2024

Kaye Akademi An

Pwodiksyon:

Akademi Kreyòl Ayisyen

Konsepsyon:

Beaunel BEAUZILE

Mizanpaj:

Direksyon Kominikasyon AKA

Konsepsyon grafik paj kouvèti a:

Frandler REGNUS ak Fedalson DESTINÉ,
enfòmatisyen AKA

© Copyright (dwa sou kopi ak repwodiksyon):

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) desanm 2024

20, Avni Lamartinière, Bwa vèna, HT6116, Pòtoprens, Ayiti
Telefòn: +509 3333-0815 / 33330816
Imel:enfomasyon@akademikreyol.net
Sitwèb:www.akademikreyol.net



EDITORIAL

Samuel JEAN BAPTISTE

Akademi Kreyòl Ayisyen pran plezi pou li ofri pèp ayisyen an yon piblikasyon tou nèf: **KAYE AKADEMI AN**. Nimewo sa a se yon edisyon espesyal nou ap pibliye nan okazyon 10èm anivèsè enstitisyon an, ki te pran envestiti li nan mwa desanm 2014.

Pou ki sa yon **KAYE** Akademi Kreyòl Ayisyen? Moman trajik peyi nou, Ayiti, ap viv aktyèlman la, anpil nan nou wè li tankou yon moman tranzisyon, kidonk yon moman desizif ant yon rejim istorisite ak yon lòt rejim istorisite, pou nou itilize chema tranzisyonèl istòryen François Hartog pwopoze a pou esplike gran chanjman rejim politik yo anndan sosyete yo. Kidonk, si nou rete nan menm lojik sa a, nou nan yon moman kritik, yon tan desizyon sansib, kote sosyete ayisyen an genyen responsablite pou li panse yon sosyete tou nèf ki dwe ranplase Ayiti ki te la, anvan moman « kriz » nou ap viv kounye a la, pa yon lòt Ayiti ki ta dwe pran nesans nan finisman « kriz » sa a.

Moun ki pou fè travay sa a, se moun ki gen kapasite pou yo divòse totalman ni ak pratik politik ki mennen peyi nou nan bafon kote li ye a, ki konsakre echèk ansyen sistèm nan, ni sitou ak mantalite ki te konn gide pratik sa yo.

Akademi Kreyòl Ayisyen pran nesans nan mitan moman « kriz » sa a, menm lè sosyete a te pwopoze egzistans li depi nan Konstitisyon 1987 la. Prezans Akademi Kreyòl Ayisyen vin anime yon deba ki te la deja, se vre, sou pwoblematik lang anndan sosyete nou an, sou plas nou ba yo nan sosyete a, sou wòl nou fè de (2) lang ofisyèl nou

Kaye Akademi An

yo jwe nan echèk sosyete nou an, Genyen yon deba prèske pasyone sou kèk aspè tankou :

- Dwa lengwistik pèp ayisyen an;
- Wòl mòd amenajman lengwistik nou genyen nan lekòl ayisyen an jis kounye a jwe nan echèk elèv yo ak tout sistèm edikatif la;
- Bilengwis, plirilengwis, miltilengwis;
- Estandadizasyon lang kreyòl ayisyen an;
- Swadizan limit lang kreyòl ayisyen an (nan anseyman lasyans, pa ekzanp);
- Nesesite pou nou genyen de (2) lang ofisyèl ou non;

Epi lòt toujou.

Deba sa yo genyen yon enpòtans fondamantal nan konstriksyon yon sosyete, lè nou konnen wòl lang, kominikasyon ak idantite jwe nan devlopman yon kominote.

KAYE AKA a vini nan yon bon moman pou li anrichi deba sa yo, pote yo bay yon piblik ki pi laj, epi fè plis limyè jayi sou chwa nou dwe fè kanta kesyon lang nan, pou nou kapab asire chwa lengwistik nou pral fè yo se bon chwa yo, paske yo kòrèk, yo solid, yo baze sou lasyans ak sou enterè reyèl pèp ayisyen an ak devlopman dirab peyi nou an.

Kaye Akademi An

Misyon Akademi Kreyòl Ayisyen

Nan travay Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) gen pou li fè sou kòpis ak estati lang Kreyòl la, li pwodui Kaye akademi an ki se yon dokiman Edikasyon popilè, aksesib pou tout moun. Misyon AKA avèk KAYE a, se pou li:

- Valorize lang ak kilti kreyòl, an patikilye lang ak kilti kreyòl ayisyen an;
- Simaye konesans, refleksyon ak aplikasyon sou lang kreyòl, an patikilye sou lang kreyòl ayisyen an.
- Simaye konesans, refleksyon ak aplikasyon sou atizay ayisyen an, nan tout domèn atistik : literati, oralti, penti, eskilti, mizik;
- Simaye enfòmasyon, refleksyon ak aplikasyon konsènan Sosyete Ayiti a, nan limit misyon Akademi kreyòl Ayisyen.

Objektif Akademi Kreyòl Ayisyen

Akademi Kreyòl Ayisyen pwodui KAYE Akademi an, nan objektif pou li rive

- Kwape lide bovaris kiltirèl ayisyen an;
- Elimine osnon redui prejije negatif kont lang kreyòl la, an patikilye kont lang kreyòl ayisyen an.
- Ogmante estim pozitif pou lang kreyòl la, an patikilye pou lang kreyòl ayisyen an.

Koudèy sou kontni an

Nimewo inogiral sa a genyen twa (3) pati :

- Refleksyon sou lang kreyòl ayisyen an ;
- Lang kreyòl la nan literati epi kèk diskou ;
- Omaj pou douz (12) Akademisyen ki deja kite nou yo.

Nan premye pati a, Akademisyen Pauris Jean Baptiste fè yon rale sou « istwa òtograf kreyòl ayisyen » an, nan premye atik la. Atik la prezante nan twa etap kle, evolasyon istorik lang kreyòl ayisyen an, depi nan jestasyon li pou jis li rive nan nivo li ye jounen jodi a. Otè a pa kontante li pou li prezante nou yon kwonik. Li montre sitou kijan lang kreyòl la kontribiye pou ban nou nasyon sa a, epi nan konstriksyon idantite nou kòm Ayisyen ; kijan, pou nou pran chemen devlopman tout bon vre, fòk nou konnen toudabò kiyès nou ye, ki mak fabrik reyèl nou, ki direksyon nou vle e nou dwe pran, pou nou devlope tout bon vre kòm moun, epi devlope potansyèl nou nan pwòp enterè nou epi nan enterè kolektivite a.

Nan dezyèm atik la, Pwofesè Hugues Saint-fort, doktè nan lengwistik, envite nou pataje yon refleksyon « kritik sou gramè kreyòl ayisyen an ». Nan atik la, otè a montre nesite pou genyen yon gramè kreyòl, menm lè li rekonèt se pa yon travay fasil, ni yon travay amatè, mazèt, oswa chalatan. Pou doktè Saint-fort, gramè sa a dwe ekri an kreyòl akòz enpòtans anseyman an kreyòl genyen nan sistèm edikatif ayisyen an. Li itilize liv gramè kreyòl Joseph Sauveur Joseph pibliye a pou li analize kèk aspè fondamantal nan chapant gramè lang kreyòl ayisyen an.

Kaye Akademi An

Twazyèm atik la ki titre « Ayiti, yon gran pisans kiltirèl » soti anba plim Akademisyen Dominique Barthelemy. Nan atik la, otè a prezante epi eksplòre tout potansyalite peyi a sou plan kiltirèl. Li demontre kijan divèsite kiltirèl peyi nou se yon richès nou dwe eksplwate nan tout aspè li yo, ak nesesite pou nou envesti nan sous richès sa a si nou vle rekòlte devlopman pou peyi nou tout bon vre.

Pwofesè Beaunel Beauzile, otè katriyèm atik la, « diskriminasyon ak pledwaye sou pratik lang kreyòl la nan sistèm jistis ak administrasyon piblik an Ayiti », abòde yon kesyon fondamantal sou politik ak dwa lengwistik nan peyi a. Otè a montre kijan, alòske òganizasyon entènasyonal ki ap defann dwa moun yo ap mete aksan sou dwa minorite yo pou yo fonksyone nan lang yo, nan peyi nou, Ayiti se majorite a, prèske totalite popilasyon an ki ap sibi diskriminasyon ak estigmatizasyon sou plan lengwistik jis jounen jodi a. Pou otè a, Akademi Kreyòl Ayisyen, yon enstitisyon atik 213 Konstitisyon 1987 la ak Lwa 7 avril 2014 la kreye, se enstriman prensipal Leta ayisyen ak sosyete a genyen nan men yo pou repare enjistis sa yo, epi garanti dwa lengwistik pèp ayisyen an kòmsadwa. AKA kòmanse fè kèk efò pou reyalize misyon li, dapre otè a, men yon leta ayisyen modèn, ki oryante sou chanjman, dwe bay enstitisyon sa a tout mwayen pou devlope lang kreyòl la epi asire yon ekilib pozitif sou plan lengwistik anndan sosyete a.

Akademisyen Gesner Jean-Paul se otè senkyèm atik la, « Akademi Kreyol Ayisyen, ki sa li ye? ». Nan atik li a, pwofesè-lengwis Jean-Paul montre kijan entelijans ak jeni pèp ayisyen an te enspire li kreyasyon lang kreyòl la pou libere li anba tout fòm opresyon. Men sosyete nou an kontinye ap itilize lang franse kòm enstriman pou kenbe

Kaye Akademi An

esklizyon ak mepri pou kategori ki reprezante majorite popilasyon an. Jounen jodi a, pandan lang kreyòl la ap pran fòs, ap chèche okipe vrè plas li nan sosyete a, AKA dwe jwe wòl istorik konstitisyon peyi a ba li pou estandadize lang kreyòl la, devlope li, mete li nan nivo pou li sèvi pèp ayisyen an nan tout domenn tout bon vre. Men reyalizasyon misyon sa a, se yon veritab konba li ye, ki mande « volonte, konesans, konviksyon, angajman ».

« Souverennte lengwistik, dènye wòch dife souverennte Leta peyi Ayiti », se tit sizyèm atik la, ki soti anba plim Akademisyen Jean Gregory Calixte. Nan atik la, otè a fè yon long rale sou enpòtans ak dinamik lang nan sosyete yo. Li montre lang se yon makè souverennte. Pèp ayisyen an te kreye lang li paske li te rejte (e li kontinye rejte) lang kolon yo akòz degoutans li te genyen pou tout sa ki te senbolize mak fabrik kolon esklavajis la. Pandan otè a prevwa yon long vi pou lang kreyòl la, li raple se sèl lang 90% Ayisyen pale nan peyi a. Leta ayisyen dwe aji nan sans pou li favorize devlopman « lang ki simante tout Ayisyen » an, dapre konstitisyon 1987 la. Li dwe respektè tout Akò ak Trete entèsyonal li ratifye yo, nan sa ki regade dwa lengwistik pèp ayisyen an. Pou fini, nan tout gran tematik sosyete a ap abòde nan moman an pou oryante li sou chemen chanjman an, sa nou dwe anvizaje toudabò se avèk ki materyo nou dwe anvizaje konstriksyon moun ayisyen otantik la : ti fi kou ti gason, fanm kou gason.

Dezyèm pati **KAYE** a ofri yon varyete tèks literè nou kapab li, swa pou anrichi refleksyon nou, swa pou divèsisman nou. Lektè yo ap jwenn, nan lòd sa a :

1. Mesaj konsèy administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen pou tout pèp ayisyen an nan okazyon jounen entènasyonal lang kreyòl la, 28 oktòb 2024.

Kaye Akademi An

2. *Make Liv*, yon istwa Ileus Papillon ki soti nan rekèy nouvèl li: *7 kle pou louvri letènite*.
3. *Filozofi ak syanszimèn: ki sa lang kreyòl la di?* Yon tantativ Richardson Lubin pou li demontre lang kreyòl la gen kapasite pou li abòde tout gran tematik ak pwoblematik linivè yo, menmjan ak lang ansyen yo ki reprezante lang ki te pi « evolye » yo.
4. *W ap konn jòj ! Kote ekspresyon sa a soti?* Tout ekspresyon nou ap itilize nan lang kreyòl ayisyen an genyen yon istwa ki cache dèyè yo. Ileus Papillon ale fouye zo nan kalalou pou li pote ban nou, nan bon ti mamit, orijin ekspresyon «w ap konn Jòj » la.
5. Nan tèks *Joudlan* an, Akademisyen Joseph Sauveur Joseph esplike senbolik dat premye janvyè a nan lavi pèp ayisyen an. Li pwofite raple se Ayisyen ki bay mond modèn nan premye vrè leson demokrasi li nan dat premye janvyè 1804 : « Tout moun se moun epi yo genyen menm dwa! »
6. *Ayiti Zantray Mwen*, yon pwezi Akademisyen Christophe Charles pou degistasyon nou.
7. *Lanvè landwat*, yon pwezi Richardson Lubin, pou delektasyon nou.

Twazyèm pati KAYE a, tankou nou te deja anonse li, se yon omaj byen merite pou 12 Akademisyen ki deja kite nou. Omaj sa a, sou fòm akwostich, se yon kreyasyon Akademisyen Clotaire Saint-Natus.

Pou fini, Akademi Kreyòl Ayisyen deja remèsye nou pou akèy nou pral bay **KAYE AKA** a. Nou espere li pral itil, nan sans li pral anrichi repètwa piblikasyon wòdpòt nan lang kreyòl ayisyen an, ki se yon bezwen ak tout yon nesosite pou devlopman syantifik lang la. Nou deja pare pou nou akeyi enpresyon, remak ak kritik sou premye nimewo sa a, ki pral pèmèt nou amelyore edisyon ki dèyè yo, yon fason pou nou mete yo nan gou piblik la.

Bon lekti!

Kaye Akademi An

Samuel JEAN BAPTISTE

Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen
Jen 2025



Avan menm li te vin Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen (2024), **Samuel JEAN-BAPTISTE** te yon Akademisyen. Li se yon espesyalis nan edikasyon fondamantal, elaboratè liv lekòl, pwofesè, tradiktè. Mesye **Samuel JEAN-BAPTISTE** gen yon metriz entèdisiplinè nan Syans sosyal ak Syans moun, ak yon lisans nan edikasyon

PREMYE PATI
REFLEKSYON SOU LANG
LAN

BRÈF ISTWA ÒTOGRAF KREYÒL AYISYEN

Jean Pauris JEAN-BAPTISTE

Ekriti lang kreyòl ayisyen an pase twa prensipal etap deja nan devlopman egzistans li. Etap sila yo pa inosan nan cheminman ayisyen pou nou aksepte pwòp tèt nou kòm moun totalman daplon, totalman djanm, san pou otan rejte sa nou ka prete oswa benefisye kay zòt. Paske tout jan tout mannyè, vle pa vle, lavi se bay se pran pou singe vanse pi devan san klete tout pòt pou kontinye fouyapòt. Depi ou chache, te mèt santan milan, fòk ou rive trape yon jou. Chak tras ou kite, piti kou li ka piti, sa gen pou li sèvi sa k ap vini dèyè. Istwa ekriti lang kreyòl ayisyen an se yon bèl egzanp.

Premye Etap

Soti nan peryòd fòmasyon Kreyòl ayisyen an pou rive bò ane 1940 yo konsa, ekriti lang lan baze sou òtograf lang franse a kòm prensipal referans li. Sa kondi nou nan kouran òtograf etimolojik la. Divès tèks ekri, listwa konsève pou nou, yo la kòm temwen nenpòt moun ka konsilte. Pou prèv, nan “Moniteur Général de la Partie Française de Saint-Domingue, No 26 mai 1793”, men pwoklamasyon Polverel ak Santhonax te fè an kreyòl ayisyen (Tèks la te nan òtograf etimolojik) :

*Tout esklav ki va rete mawon pandan yon mwa...
kan yo tchenbe li, yo va koupe zorèy a li epi yo va*

Kaye Akademi An

make li M, la sou zepòl gòch... Pou mawon avèk zam nan men, yo va touye yo (1).

Twa mwa apre, Sonthonax rale yon bak, li boukante pawòl. Se konsa, jou 29 dawout 1793, li deklare nan vil Okap Ayisyen : « *Tout nèg ak milat ki nan lesklavaj vin lib pou yo gen dwa jwi tout avantaj lòt sitwayen franse ka jwi* » (2).

Soti 1793, nou rive nan ane 1802. Gen yon lòt kout gidon mannèv politik ki fèt. Lafrans voye yon lame moun nan yon flòt 23 batiman pou debake Sendomeng. Misyon espedisyon an se dezabiye frekansite Jeneral Tousen Louvèti ki sanble pran tèt li pou yon veritab lwijanboje nan koloni moun yo. Men moso nan kominike Napoléon Bonaparte siyen bay Jeneral Leclerc pote pou popilasyon Sendomeng lan:

«Paris, 17 Brimer, an 10 Repiblik Franse, yonn e endivizib. Konsil la Repiblik Franse, a tout zabitan Sen Domeng, Zabitan e vou tous ki dan Sendomeng.

Ki sa vou tout ye, ki koulè vou ye, ki kote papa zòt vini, nou pa gade sa: nou save tansèlman ke zòt tout lib, ke zòt tout egal, douvan Bondye e dan zye la Repiblik....

Kapitèn Leclerc ke nou voye pou kòmande Sendomeng, li mene avèk li tou plen navi, tou plen sòlda, tou plen kanon: men pa krè sila yo ki va di zòt ke blan vele fè vou esklav ankò: yo manti plito, ke krè yo, reponn e sonje byen ke se larepiblik ki bay libète e ki va ben save anpèche pèsan de pran li ankò: sòlda la, navi la, tout se pou gade libète e gade peyi ki pou larepiblik.

Kaye Akademi An

Vini donk, zòt tou, ranje kote Kapitàn Jeneral Leclerc. Se lapè li pote, se tout zafè li vini ranje, se bonè tout mond li vele. Blan, nèg, tout se zanfan larepiblik. Mè sila yo ki pa ale ranje kote li, ki pa vele obeyi li tout sa li va komande yo, va pini paske yo va trèt a peyi a yo e a larepiblik. Siye : Bonaparte, pa Premye Konsul » (3).

Depi nan orijin li, ekriti kreyòl ayisyen an chita sou baz siy senbòl alfabè òtograf lang franse a. Majorite tèks kreyòl ayisyen, pou nou pa di yo tout, nou ka konsilte ki parèt nan long peryòd, depi lang lan ti katkat, jouk rive nan epòk 1940 yo, yo tout bati sou referans òtograf lang franse a. Tèleka “Lapriye Boukman” listwa rapòte nou, chante "aso" zansèt nou yo, mayifik powèm “Choukounè” Oswald Durand, rekèy fab Lafontaine an kreyòl “Crik-Crak” George Sylvain, miting pwopagann politik Boutenègre nan “La Famille des Pitite Caille” Justin Lherisson, elatriye... se menm kout zo a.

Dictionnaire français-créole Jules Faine (Copyright Ottawa 1974 par les Editions Leméac Inc.) se egzanp vivan sou kesyon an. Annou pran yonn ou de egzanp definisyon mo franse li bay an kreyòl ayisyen:

1. **Abaissant**, adj.- Qui sèvi pour abaisser ioun bagaille.- Fig. – Qui fait.
2. **Abandonner**, v. tr.- Abandonnin; bandonnin; laguer; quitter; fai abandon; laisser; pas occuper. - Il a abandonné son travail (li bandonnen travail à ly... - Cet homme a abandonné sa famille (nhonme ça ha pas occuper fanmi ly...).

Nan kouran oralite a, Louise Tesonneau, nan paj 7, nan Contes D’HAITI, 1980, di te gen rekèy pwovèb Alexandre

Kaye Akademi An

Bonneau (1856), Bigelow (1875), J.J. Audain, (1877) ak Edmond Chenet, 1896. Nou prèske sèten yo tout te itilize òtograf franse a kòm referans pou yo ekri. Se te toutafè nòminal nan epòk la.

Tout egzanp nou bay pi wo a, yo demontre kouman ekriti kreyòl la anba lobedyans sistèm òtograf lang franse a pandan yon bèl bout tan.

Dezyèm Etap

Aprè yon tan se yon lòt tan. Nan deseni 1940 yo, baton an pral boukante bout. Yon jenn kretyen pwotestan nan legliz metodis peyi Ilann (Irlande), li kandida pou li vin misyonè an Ayiti. Li aprann Repiblik la se yon peyi frankofòn. Kòm misye se yon anglofòn, li deside fè yon bon eskal an Frans pou li mete franse a sou li. Aprè li fin pran yon bon dòz lang franse a, li debake Ayiti, peyi frankofòn li te kwè a. Kongregasyon Pòtoprens lan byen akeyi jenn misyonè a. Pastè a alèz pou li preche. Li kominiye byen, san gwo pwoblèm, ak asanble a. Nan epòk la, manm Asanble Metodis nan Pòtoprens te vrèman bileng. Prèske tout fidèl yo te alèz ni an franse, ni an kreyòl. Lang kreyòl la te yon ti jan tèt kana. Li pa te alamòd pou moute tout tab nan epòk la nan kèk Legliz nan kapital la. Kidonk, misyonè a, Pastè H. Ormonde Mc connell, li pa te santi li depeyize nan Legliz Metodis Pòtoprens nan kòmansman apostola li.

Distri Pòtoprens lan te gen plizyè lòt Asanble andeyò legliz santral la. Tèleka nan Diplan, yon zòn riral nan lewo Petyonvil epi nan legliz sou mòn Tapyon nan komin Tigwav. Asanble Diplan ak Tapyon ta pral yon tès enpòtan

Kaye Akademi An

pou misyonè a. Tandiske lè l ap preche Pòtoprens, li santi li an kominyon avèk Asanble a, men se pa te menm sansasyon an ditou lè se te nan legliz Diplan oswa legliz Tapyon. Pastè a menm konstate kretyen 2 kominote sa yo te amòf lè l ap ba yo pawòl levanjil la. Anpil moun nan asistan yo te menm konn ap bay kout tèt, ap dòmi pandan predikasyon an. Se konsa Pastè McConnell vin reyalize Ayiti pa yon peyi frankofòn vre jan li te imajine li a, malgre gen moun ki pale franse.

Se te yon veritab revelasyon pou li. Konsa pastè a tonbe mete reflechi sou kesyon an. Li deside mete chache mwayen pou fè alfabetizasyon nan lang majorite polilasyon an. Kòm bon tilandeng, li chache gen kontak avèk Laubach, yon lengwis ameriken. Teknisyen an baze sou alfabè fonetik entènasyonal la pou kreye yon alfabè pou kreyòl ayisyen an.

Anplis kreyasyon sistèm ekriti pou kreyòl ayisyen an, Mc Connell mande Prezidan Elie Lescot otorizasyon antreprann alfabetizasyon ak sistèm yo envante a. Si mwen pa twonpe m se, an pati, demann sa a ki te alabaz pwojè pwogram alfabetizasyon Inesko reyon Mabyal nan Sidès peyi a.

Liv kantik relijye ki te pi popilè nan mitan Sektè Pwotestan an te adopte sistèm grafi Laubach/McConnell la. Alapapòt, seksyon kreyòl liv kantik la di pou oryante kwayan yo lè y ap chante kantik yo :

Kaye Akademi An

Chan Desperans

Pou lektè ki pale franse yo

Pa gen lèt ki bèbè.

Aksan sikonflèks sou vwayèl sa yo se pou endike vwayèl la
nannize. Konsa :

â se kòm “an” franse

ê se kòm “in” franse

ô se kòm “on” franse

Anplis sa, pwononse “w” tankou “ou”

“Y” tankou “ll”

“g” tankou “gue” sof nan “gn” ki pwononse tankou an
franse.

Mwen te gen gwo chans ak gwo privilèj. Mwen te
asistan-monitè nan yon Sant Alfabetizasyon nan komin
Tènèv, kote mwen moun, nan kòmansman reny Prezidan
Paul Eugène Magloire. Se grafi sa a ki te alamòd nan epòk
la.

Kèk ane apre, sou reny Papa Dòk (Francois Duvalier),
yon gwoup entèlektiyèl ayisyen vin gen soupson sou sistèm
Laubach/Mc Connell la. Sanble yo te entèprete li kòm yon
koridò ameriken ap chache fofile antre pou sabote epi
kwape lang franse a an Ayiti. Se ta yon mwayen pou fè plas
pou lang angle a pran plis pye toujou nan popilasyon an.
Lide sa a te kontribiye pou devlope yon anti-sistèm grafi
Laubach la. Yo di se nan sans sa a ekriven powèt
kreyolofòn Emile Roumer, edikatè C. Fernand Pressoir,
politisyen-edikatè René Piquion, pwofesè Rony Durand,
madam Circé Douyon, madam Anette Legros, Marie-
Thérèse Archer te opozan fawouch kont sistèm Laubach la.
Yo fè bri kouri pran lari pou pase sistèm lan nan tenten. Yo
te menm rive rele li òtograf “Bwa nan nen”. Konsa yo jwe

Kaye Akademi An

nan may Ministè Edikasyon Nasyonal jouk vin gen rektifikasyon nan sistèm ekriti kreyòl ayisyen an. Pou respektè chanjman yo, moun te dwe ekri paregzanp:

*Ti pay ti pay, **zouazo** fè nich. Nan **binyin** toutouni, pa **gin** kache lonbrit. Bèf pou **roua**, savann pou **roua**. **Lakataou** fè **kaou**, **langinin** tandè. **Ayisyin** sere ou manje, li p ap sere ou **paròl**. Ak tout medya an liy sa yo se **va-n** koze kredi ki louveri. Yo pa gen **pa-n** pou fè bri kouri, nouvèl gaye. **Gnou** moun se veye zo ou pou pa pile si ou te **konnen**. San sa, ou ap pran nan **toua roua** san ou **pa konnin**.*

Timoun-yo pran oto-ha lan garaj la pou yo prominnin lan vil-la. Machann-nan ap couri dèyè bann-nan olié li vann bannann-nan-yo. Chanm-nan plin ak toil-yo, papa poté dépi midi. Papiyon-yo ap vole toutotou lamp-lan; anpil boulé zèl-yo... (Dezyèm egzanp sa a soti nan Gramè Lang Ayisyen, p.25, Marie-Thérèse Archer).

Sa ki sitou te nan lespri anpil moun ki te pwovoke chanjman nan sistèm Laubach/McConnel la, se te bay lang kreyòl ayisyen an yon tip òtograf ki ka sanse fasilite moun soti nan kreyòl pou pase pi fasil nan franse. Te gen defansè chanjman sa a ki te konn itilize espresyon “**òtograf pon**”.

Twazyèm Etap

Kesyon “òtograf pon” sa a te leve plim sou do anpil edikatè kreyolis. Ofis Nasyonal Alfabetizasyon ak Aksyon Kominotè (ONAAK) sanble te panche pou òtograf Pon an tou. Men nan mitan ONAAK la menm, te gen opozan ansoudin ak opozan deklare. Tèleka nèg tankou Emile Célestin Mégie, direktè fondatè Jounal Kreyòl GENDOL, Bob Limontas, elatriye. Pawòl la te menm rive vin ap diskite nan biwo minis Edikasyon Nasyonal la, Dtè Raoul Pierre-Louis. Se te nan ane 1976.

Pou sa epi kalme mezantant lan, minis lan fè konvoke yon woumble 3 jou nan lokal Lakwawouj sou Bisantnè a anba lobedyans ONAAK. Te gen prezans Jounal Bon Nouvèl, Jounal Boukan, Jounal Gindol, reprezantan Lekòl Nòmàl Papay nan Platosantral, Lekòl Nòmàl Matisan, Lekòl Nòmàl Lavaud nan Pòdepè, Lekòl Nòmàl Mafran nan Grandans, Lekòl Nòmàl Sant Pedagogik Riral Pwotestan, sou wout Frè, nan Petyonvil, Lekòl Nòmàl Damyen, Radyo Ayiti Entè, Radyo Limyè, Radyo Solèy, Radyo Kasik, reprezantan Sant Lengwistik Aplike (CLAP), reprezantan BILAP (Bilten Lengistik aplike), elatriye.

Rankont 3 jou sa a te chita sou alfabetizasyon adil yo an jeneral. Men alfabetizasyon granmoun kou timoun vin sòlve nan woumble a. Sanble Prezidan Jean-Claude Duvalier te vle demare yon refòm nan sistèm edikasyon an nan peyi a. Se te epòk pouvwa a te fèk lanse mouvman kouran Janklodis la. Apre anpil anpil diskisyon, anpil rale mennen vini, anpil kout move san tou, anpil soupson sou patisipan yo sispèk ki ta sanble yo se pòtpawòl mouvman kominis nan peyi a, minis Pierre-Louis mande ONAAK

Kaye Akademi An

fòmè yon komite ak divès sektè ki reprezante nan woumble a pou reflechi epi pwopozè modifikasyon ki merite fèt nan sistèm òtograf ki te alamòd nan moman an. Paske lang edikasyon an dwe konsène ni timoun ni granmoun, selon Prezidan Repiblik la, dapre M. Gille, direktè ONAAK epòk la.

Akote plizyè fonksyonè ONAAK la menm, te gen reprezantan Jounal Bon Nouvèl, Jounal Boukan, Jounal BILAP, reprezantan CLAP ki te prezan. ONAAK fòmè yon komite ki pran non GREKA (Gwoup Rechèch Etid Kreyòl Ayisyen).

Aprè travay plis pase 2 ane epik, GREKA remèt ONAAK 2 pwopozisyon òtograf. Minis Edikasyon Nasyonal la, Joseph C. BERNARD, prezante Lachanm avèk yonn nan pwopozisyon yo an septanm 1979. Aprè analiz ak anpil deba, Depite yo bay pwopozisyon an yon vòt favorab. Li rekòmande pou Ministè Edikasyon Nasyonal eksperimente nouvo sistèm òtograf la pandan 4 ane. Evalye li epi jeneralize li si rezilta evalyasyon an pozitif.

Malerezman, pa te janm gen swivi ki fèt sou kesyon an, soti janvye 1980 pou rive desanm 2014. Lè Akademi Kreyòl Ayisyen fin enstale, li reyaktifte kesyon an. Ministè Edikasyon Nasyonal fè suivi a. Epi revizyon sistèm òtograf la pibliye sou fòm Premye Rezolisyon AKA sou òtograf Kreyòl Ayisyen (2017) ak Dezyèm Rezolisyon AKA sou òtograf Kreyòl Ayisyen (2023).

Istwa evolisyon òtograf kreyòl ayisyen an ka sanble se yon istwa konsa konsa, yon istwa kèlkonk. Epoutan, gen yon dal vi ki bobinen ladan. Paske sanble, plis pase anpil

Kaye Akademi An

lòt pèp, lang nou an se nou. Li soti nan fondè matris nou. Nou pa leve jwenn li nan Sendonmeng. Nou se kreyatè li. Lang nou an fè yonn ak nou. Istwa li se istwa nou. Peripesi li se reflè pwòp peripesi nou. Vle pa vle, lang nou swente sa k ap brase nan fon krikrit nou. Istwa nou kòm pèp, istwa nou kòm endividi, li depoze nou nan fenfon yon depo mawonnay. Sa nou di, li toujou gen yon ti kabinèt kachotri. Kachotye nou nan san nou. Se yon fason pou nou tete lavi a san nou pa blese li ni bouskile li, lè li twòp pou nou. Paske bouskile nich ou twòp, ou ka fele ze ou san ou pa konnen, ni san ou pa bezwen. Konsa, atansyon pa kapon. Pito doub sis mouri nan men mèt li pase pou li mouri nan men ou.

Antre nan fondè kacho tout ti chanm kabinèt lang kreyòl ayisyen an se vanse ti kras nan fenfon krikrit nou chak kòm ayisyen ki plante, jèmen, boujonnen e menm donnen sou plas nan mikmak nou leve jwenn yo epi nou kontinye ap gwosi yo a. Sa fè, nou menm nèg kreyòl natif d Ayiti, nou pa koule nan grèg paswa kou tout lòt nèg ak nègès. Nou p ap bat, mande Bondye padon, lestomak nou non, pou di nou pa kanmarad zòt. Santiman konsa pa dwe janm vin nan lide nou. Men listwa nou fòje nou. Li modle nou yon jan dwòl nan fason li. Nou pa ka demòd sa, ni fè sanblan se pa sa. Fòk ou dòmi bò kote Jan pou konprann tout ti moute desann wonf Jan. Dèyè do se lwen langinen. Fòk ou vire jete yon lèy dèyè pou chache konnen epi konprann ki varyete pwa k ap kreve nan chodyè langinen. Se pa fasil, men li pa enposib. Enposib pa fèt pou li nan may nou kòm pitit batayè. Chache fouye sa ki genyen dèyè rido chak soupi nou pouse an kreyòl. Se yon bèl pa pou eseye konprann nou. E menm pou nou bouske chache wout konprann pwòp tèt nou san paspouki. Lang nou se nou.

Kaye Akademi An

Ayisyen viv lang li nan tout ti kachèt lang lan. Lavi se pran se bay. Men ale, men vini pou direzon zanmitay. Aksepte pwòp tèt nou se aksepte nou nan chak dimansyon nou. Chak dwèt nan men nou gen pwòp longè pa li, men se yo tout ansanm ki fè fòs men an. Epi men anpil fè kè chay brannen, jouk li pèdi pèz li.

Ki rapò tout rale sa a sanble genyen ak Brèf Istwa Òtograf Kreyòl Ayisyen ?

Enben, pyete n ap pyete wi pou bay lang nou an yon sistèm grafi ki kadre ak lavi lang lan. Sa fè pati demach nou pou nou chak aksepte pwòp tèt nou san repouse lòt lang. Fòk nou aprann kanpe devan glas pou nou wè nou san konplezans ni meprizans. Aprantisay sa a pa fasil non, sitou lè nou koumanse rèk, prèske ap mi sou pye. Se yon defi n ap chache leve jodi a pou nou pase mayèt la bay jenn boujon k ap moute yo. Annou vanse nan bon direksyon. Lang nou se nou.

Bibliyografi

1. Jean FOUCHARD, *Les Marrons de la Liberté*. Collection Histoire et Littérature Haitienne, p.234
2. Michel-Rolph TROUILLOT, *Ti Dife boule sou Istwa Dayiti*. koleksyon Lakansyèl 1977, p. 81
3. Maurice BITTER, *Haiti*. Collection Petite Planète, 1970, p. 46-47.

Jean Pauris JEAN-BAPTISTE

Pastè, Akademisyen

Ansyen Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen



Jean Pauris JEAN-BAPTISTE Akademisyen, li etidye lang an Frans, Pastè epi pwofesè retirete. Akademisyen Pauris se yonn nan ekriven ayisyen ki ekri plis woman kreyòl nan tout istwa literati ayisyen an. Li te resevwa Prix Deschamps an 1985 pou woman li ki pote tit "Nan lonbraj inosans". Akademisyen Pauris se premye Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen. Li te pran de manda (2014-2016/ 2016-2018).

KRITIK SOU GRAMÈ KREYÒL AYSYEN AN

Hugues SAINT-FORT

Pou majorite moun ki te pase lekòl an Ayiti, mo «gramè» a vle di yon liv kote nou aprann pale ak ekri «kòrèkteman» lang nou aprann lekòl. An jeneral, Ayisyen asosye konsèp «gramè» a ak lang franse paske se lang sa a sistèm edikasyon ayisyen an fè yo konprann ki posede yon «gramè».

An reyalite, nosyon «gramè» a pa yon nosyon ki senp. Lè lengwis yo (sa vle di moun save ki ap analize **langaj** ak **lang**) ap pale de gramè, yo vle pale de yon konsèp ki genyen 3 sans diferan pou pi piti:

- Yon konesans ki anba nivo konsyans nou, ki fè nou pa reyalize detay règ lang matènèl ke tout lokitè posede anvan menm yo kòmanse aprann règ sa yo sou ban lekòl. Se sa ki fè tout lang kretyen vivan pale genyen yon gramè.
- Travay lengwis yo se fè règ sa yo vin parèt klè kou dlo kòk pou tout moun, yon fason pou yo kapab konprann prensip ki dèyè konesans sa a. Donk, lè sa a, lengwis yo **dekri** gramè lang lan. Yo rele gramè sa yo «gramè deskriptif».
- Twazyèm sans nosyon «gramè» a genyen se lè li aplike sou liv ki prezante règ ak prensip pou moun suiv dapre lizaj ki pi «kòrèk» la sitou nan kad lekòl. Men lizaj sa a pa baze sou jan majorite moun nan sosyete a pale. Lizaj sa a baze sou jan yon ti gwoup

Kaye Akademi An

moun k ap byen mennen nan sosyete a pale. Se pouvwa politik, kpouvwa ekonomik ak pouvwa edikasyon ki fè se moun sa yo ki jwenn priyorite nan liv gramè sa yo. Yo rele gramè sa yo: «gramè preskriptif», osnon «gramè nòmatif». Se gramè ki montre moun ki jan yo dwe pale osnon ekri yon lang, paske pou moun ki ekri gramè sa yo, gen «bon» jan moun pale osnon ekri yon lang, epi gen «move» jan moun pale osnon ekri yon lang.

Mwen mete «Gramè kreyòl» Joseph-Sauveur Joseph (JSJ) pibliye a nan dezyèm kategori a (sa vle di nan kategori «gramè deskriptif»). JSJ se yon lengwis ayisyen ki genyen yon diplòm doktora (PhD) nan lengwistik nan Université du Québec à Montréal (UQAM). Li genyen anpil eksperyans kòm chèchè nan kreyolistik; kreyòl se lang matènèl li, tankou majorite Ayisyen ki fèt epi ki grandi an Ayiti. Kidonk, li se yon save ki kalifye pou ekri yon gramè kreyòl.

Nesesite Yon Gramè Kreyòl

Ekri yon gramè kreyòl pa yon travay ki fasil. Toudabò, pa gen anpil travay konsa ki fèt deja nan istwa edikasyon ak lengwistik an Ayiti. Ki fè poko genyen yon vokabilè «metalengwistik» ki byen chita pou dekri lang lan. Yo rele «metalang» lang grameryen yo itilize pou analize oswa dekri yon lang. Fraz nan egzanp sa a: «*Nan kreyòl la, yo konn anplwaye de vèb youn dèyè lòt ki fòme yon sèl sans. Nou rele yo vèb seryèl.*» (p.81), se yon metalang li ye. Li esplike ki sa ki fè nou ka pale de vèb seryèl nan lang kreyòl ayisyen.

Kaye Akademi An

Yon dezyèm rezon ki mande pou genyen gramè kreyòl ki ekri an kreyòl nan sistèm edikasyon an Ayiti, se enpòtans ansèyman an kreyòl genyen an Ayiti. Depi plis pase 40 lane (depi septanm 1979 - janvye 1980), Leta ayisyen pwopoze yon òtograf ofisyèl pou ekri lang kreyòl epi dekrete ke pwofesè ka sèvi ak lang kreyòl kòm zouti non sèlman pou anseye matyè eskolè tankou istwa, jewografi, elatriye, men tou pou anseye lang kreyòl la li menm. Sa vin poze tousuit yon gwo kesyon: ki jan pou nou byen anseye lang lan si pa genyen yon liv gramè lang lan?

Jan nou di sa pi wo a, gramè JSJ pibliye a se yon «gramè deskriptif» li ye. Gramè sa a dekri ki jan lang kreyòl ayisyen fonksyonnen, ki jan lokitè ayisyen pale kreyòl. Se pa yon gramè ki di nou tèl mo, tèl espresyon, tèl konstriksyon pi «bon» pase tèl lòt.

Orijin Lang Kreyòl Yo Ak Lang Kreyòl Ayisyen

Nan kòmansman liv la, Joseph-Sauveur JOSEPH ekri yon rezime sou istwa lang kreyòl ayisyen, sou ki jan lang sa a vin tounen premye lang tout Ayisyen ki fèt epi grandi an Ayiti, pale, li nan tout sikonstans lavi yo. JSJ espliche diferan ipotèz lengwis ki save sou kesyon etidye lang kreyòl yo (lengwis kreyolis) elabore pou reponn kesyon sa a: ki kote lang sa a sòti?

An patan, JSJ chèche orijin lang kreyòl yo an jeneral, paske lang kreyòl ayisyen an se youn pami plizyè lòt lang lengwis yo rele «lang kreyòl». Lang sa yo te kòmanse parèt apati 17èm syèk nan yon gwoup zile nan Karayib la ansanm ak nan Oseyan Endyen. Lang sa yo se konsekans

Kaye Akademi An

kolonizasyon ak sistèm lesklavaj Ewopeyen yo (Angle, Franse, Panyòl, Pòtigè, Olandè) te mete sou pèp afriken yo. JSJ montre ke youn nan premye save ki te chèche esplike ki jan lang kreyòl yo te parèt se Hugo Schuchardt (1842-1927) ki, an 1917, te vini ak yon esplikasyon kòmkiwa se kolon yo menm ki te fè espresenplifye pwòp lang pa yo lè yo tap pale ak Afriken yo pou fasilite komunikasyon ak yo.

JSJ site 2 lòt save ewopeyen ki te vini ak ipotèz pou montre ki jan lang kreyòl yo te parèt. Se te Christiaan Hesseling ak Lucien Adam (1883).

Se apati lane 1936 ke lengwis yo kòmanse pibliye rechèch sou lang kreyòl ayisyen. Premye lengwis ki te fè sa se te yon lengwis ayisyen ki rele Suzanne Sylvain. Nan yon tèz li te defann nan inivèsite Sorbonne, Sylvain te montre anpil resanblans ant kreyòl ak franse. Men, konklizyon nan fen liv li a pa koresponn ak done ki nan liv la. Nan konklizyon an, Sylvain te ekri fraz sa a: «*Nous sommes en présence d'un français coulé dans le moule de la syntaxe africaine ou...d'une langue éwé à vocabulaire français.*» (nou devan yon franse ki pase nan moul sentaks lang afriken oswa ... nou devan yon lang éwé ki genyen yon vokabilè franse.) [tradiksyon pa mwen]. Liv Sylvain an rele «*Le créole haïtien: morphologie et syntaxe*». Li te pibliye nan lane 1936. Nan lane 1937, yon lòt save ayisyen ki rele Jules Faine te ekri yon liv ki rele «*Philologie créole: étude historique et étymologique sur la langue créole d'Haïti*». Dapre Jules Faine, lang kreyòl ayisyen sòti nan kalite franse moun te konn pale nan epòk disetyèm syèk nan peyi Lafrans ansanm ak kèk dyalèk rejyonal yo te konn pale an Frans.

Kaye Akademi An

An 1974, lengwis franse Robert Chaudenson ekri yon gwo tèz doktora (li gen plis pase 1 200 paj) sou kreyòl moun pale sou zile La Réunion. Li pibliye apre sa yon pakèt rechèch sou kreyòl ki baze sou franse yo. Pozisyon lengwis Robert Chaudenson sou lang kreyòl yo se ke menm si yo se sistèm lengwistik ki otonòm, yo se evolisyon lang franse. Pandan ane 1980-1990 yo, lengwis kanadyen Claire Lefebvre ak lengwis John Lumsden te dirije yon pwojè rechèch sou konparezon ant yon lang afriken ki rele fon (fongbe) ak kreyòl ayisyen. Te genyen anpil asistan chèchè ki te travay sou pwojè sa a.

An 1992, lengwis ayisyen Michel DeGraff soutni yon tèz doktora sou lang kreyòl ayisyen nan University of Pennsylvania. Li pibliye apre sa yon foul atik ak liv sou lang kreyòl yo an jeneral ak sou kreyòl ayisyen. DeGraff, pwofesè lengwistik nan inivèsite MIT nan vil Boston, te gen yon lòt pozisyon nan gwo deba sa a ki t ap sekwe majorite lengwis kreyolis yo. Pozisyon pa li te diferan: dapre DeGraff, *“creoles would simply be the product of certain extraordinary external (sociohistorical) factors coupled with ordinary (internal) linguistic resources inherent to the human faculté de langage”*. (DeGraff 1999: 11). (Lang kreyòl yo ta senpleman pwodui yon seri faktè ekstèn ekstwòdinè (sosyo-istorik) ki vini avèk resous lengwistik òdinè (resous entèn) ki fè pati fakilte langaj tout moun posede). Pandan 5 ou 6 lane ki sot pase yo, DeGraff rapousuiv rechèch li sou pozisyon sa a ansanm avèk 2 lòt lengwis kreyolis, Salikoko Mufwene ak Enoch Aboh. Pou lengwis JSJ, kreyòl ayisyen se «yon lang tankou tout lang ki fèt nan yon sikonstans istorik patikilye. Li gen gramè ak leksik li ki rele li chèmèt chèmètès.» (p.22-23).

Klas Mo Nan Kreyòl Ayisyen

Aprè chapit sou orijin lang kreyòl ayisyen, JSJ bay bon jan espikasyon sou yon seri nosyon ki enpòtan anpil sou alfabè kreyòl ak sou prensip pou lekti ak ekriti. Pa egzanp, JSJ espik «gen 32 siy ki reprezante 32 son ki fòm alfabè kreyòl la. Men yo: a- an- b- ch- d- e- è- en- f- g- h- i- j- k- l- m- n- ng- o- ò- on- ou- oun- p- r- s- t- ui- v- w- y- z».

Gramè tradisyonèl la rele «pati nan diskou» (*les parties du discours*, an franse ; *parts of speech*, an angle) yon gwoup mo ki sèvi pou fòm fraz nan yon lang. Se yon ansyen tradisyon ki sòti nan gramè lang grèk ansyen epi ki pwolonje nan lang laten. Majorite lang oksidantal yo tankou franse oswa angle kontinye tradisyon sa a lè grameryen yo ap fè deskripsyon lang pa yo. Sepandan lengwis yo espik kesyon an yon lòt fason. Nan lengwistik modèn, save yo rele «klas mo» yon gwoup inite ki pataje yon seri similarite sentaksik, ki genyen menm fonksyon, ke nou kapab itilize nan menm pozisyon anndan yon estrikti.

JSJ enimer 9 klas mo nan deskripsyon gramè kreyòl li pibliye a. Se: *non*, *detèminan*, *pwonon*, *prepozisyon*, *vèb*, *adjektif kalifikatif*, *advèb*, *mo esklamasyon*, *konjonksyon*. Li defini epi analize chak klas mo sa yo epi li bay anpil egzanp. Men ki jan li defini detèminan: «*Yon detèminan se yon ti mo gramè yo fè akonpaye yon non pou presize sans li*» Egzanp: yon kay; kaw la; faktori a. Nan 3 egzanp sa yo, «yon», «la» ak «a» se 3 detèminan. Kite m kouri siyale, an reyalye «yon» se yon detèminan endefini men «la» ak «a» se detèminan defini. Men, yo se sa nou rele nan syans lengwistik «alomòf» (*allomorphe*, an franse; *allomorph*, an angle). Nan lengwistik, alomòf se non yo bay diferan

Kaye Akademi An

varyant yon mòfèm kapab genyen dapre kontèks / anviwonman kote li kapab parèt. «La» ak «a» se alomòf detèminan defini. An kreyòl, detèminan defini «la» parèt apre yon konsòn ki pa nazal men li tounen «a» si li plase apre yon vwayèl oral. Egz. *Tab la*, men *zwazo a*. Li kapab tounen «an» si li plase apre yon vwayèl nazal, tankou nan *pon an*, oswa *lan/nan* si li plase apre yon konsòn nazal, tankou nan *moun lan/nan*.

JSJ montre diferan kategori detèminan ki genyen an kreyòl: detèminan defini, endefini, demonstratif, posesif, kantite...Li esplike ki sa detèminan defini an ye, ki plas detèminan defini an okipe nan fraz la, konbyen fòm li genyen, ki jan lokitè yo itilize chak fòm li genyen, ki jan nou fòme pliryèl detèminan defini, ki lè nou anplwaye fòm pliryèl la. Apre sa, JSJ esplike ki sa detèminan endefini an ye, fòm detèminan endefini an, pozisyon li, avèk lòt detèminan endefini ki genyen, tankou *tout*, *latriye*, *chak*, *kèk*, *youn ou de*, *kèk grenn*, *lòt*, *yon foul*, *yon bann*... JSJ esplike sa yo rele detèminan demonstratif, detèminan posesif, detèminan entèwogatif, detèminan esklamatif, fòm yo, pozisyon yo, epi diferans ki genyen ant detèminan posesif avèk ou san detèminan defini.

JSJ bay yon deskripsyon sou klas mo «vèb» ki enteresan. Li defini «vèb» tankou *«yon mo ki anonse swa yon aksyon sijè a fè oubyen ekzistans osnon leta sijè a. Se li ki nannan (nwayo), pilye oubyen poto mitan fraz la»* (p. 80). Ekzanp: Jan ri; Mari pati.

JSJ montre ke vèb kreyòl yo genyen mòd, *aspè*, ak *kategori*. Li divize vèb yo an *vèb aksyon*, *vèb deta*, *vèb seryèl*, *vèb enpèsònèl*, Li esplike ki sa yon predika ye,

ki wòl kategori konpleman yo, epi konbyen konpleman vèb ki genyen an kreyòl. Li esplike tou nan bon jan ti mamit tan vèb yo ak fòm yo an kreyòl. Pati sa a se yon pati ki konplike anpil nan lang kreyòl la men JSJ rann li klè kou dlo kòk. Li montre pou tan prezan kreyòl la sèvi ak makè «ap» li mete devan vèb la; pou tan pase, kreyòl la mete makè «te» devan vèb la; pou tan fiti, kreyòl la mete makè «pral» devan vèb la, lè se yon fiti pwòch. Men, JSJ presize tou kèk pwèn ki enpòtan: nou kapab mete makè «ap» devan vèb la pou esprime dewoulman yon aksyon (se sa yo rele an franse «présent progressif»), men si se yon prezan abityèl, nou «pa ka mete «ap» pou make prezan an»; JSJ montre ke «ap» «gen de (2) entèpretasyon, li kapab anplwaye pou prezan oubyen pou fiti.» (p.86).

Lè li bezwen esprime tan kondisyonèl, kreyòl la mete makè «ta» devan vèb la. Finalman, JSJ montre ki jan kreyòl la eksprime fòm enperatif, kit li dirèk osnon endirèk.

JSJ fini deskripsyon gramè li an avèk 2 chapit ki enteresan: youn se definisyon ak deskripsyon nosyon «fraz» an kreyòl. Li defini yon fraz kon sa: «*se yon gwoup mo yo mete ansanm nan yon lòd lojik baze sou gramè lang lan pou esprime yon lide, yon bezwen, eks.*» (p.116). Li montre tout kalite fòm fraz ki genyen an kreyòl, pa egzanp, fraz deklaratif, fraz pou pase lòd, fraz esklamatif, fraz entèwogatif, fraz pozitif, fraz negatif. Fraz yo kapab pran fòm aktif osnon fòm pasif.

Lòt chapit enteresan ki nan fen gramè kreyòl la se espas JSJ rezève pou li dekri ponktyasyon an kreyòl. An patan, JSJ defini ki sa ponktyasyon ye: «*Se on seri siy, ki pa menm ak siy alfabè yo, ki pèmèt nou kapab make oubyen*

Kaye Akademi An

divize yon fraz osnon yon tèks.» (p.123). JSJ enimerere epi li defini 10 siy ponktyasyon nan lang kreyòl la. Men yo: pwen [.], pwen entèwogasyon [?], pwen esklamasyon [!], pwen sispanasyon [...], vigil [,], pwen vigil [;], de pwen [:], gimè [«»], tirè [-], parantèz [()].

Genyen kèk aspè liv la ki fè m panse ke gramè kreyòl JSJ pibliye a ale pi lwen pase yon travay rechèch yon save ayisyen fè ; li gen vize pratik tou. Pa egzanp, JSJ toujou bay tradiksyon franse egzanp kreyòl li bay pou kore yon definisyon. Sèl espikasyon ki genyen pou sa se paske genyen lokite frankofòn ki ap sèvi ak liv gramè sa a. Mwen detekte yon lòt aspè nan 2 dènye pati liv la kote nou jwenn yon lis pwovèb kreyòl ansanm ak yon leksik kreyòl. An jeneral, nou pa jwenn pwovèb ak leksik anndan yon liv gramè.

De tout fason, sa pa deranje anyen nan enpòtans ak michan kalite gramè kreyòl JSJ pibliye a. Se dezyèm edisyon liv la. Sa vle di premye edisyon an te byen mache jiskaske otè a oblije fè parèt yon dezyèm edisyon. JSJ trase chemen pou lòt save kreyolis kontinye travay dekri sistèm lengwistik sa a ki rele kreyòl, ke tout lokite ayisyen ki fèt epi grandi ann Ayiti byen posede anndan sèvo li.

Hugues SAINT-FORT

Lengwis

POTOMITAN

Me 2020, New York



Pwofesè Hugues SAINT-FORT gen yon Doktora nan Lengwistik. Li se pwofesè nan divès inivèsite ameriken. Pwofesè Hugues se yon kwonikè kiltirèl. Li pwodwi yon dividal atik ak lòt dokiman sou lang ak literati.

AYITI, YON GRAN PISANS KILTIRÈL

Dominique BARTHELEMY

Chak nasyon sou latè beni gen yon domèn yo espesyalize yo. Sèten peyi tankou Brezil, Itali, Almay, Ajantin, Espay domine mond foutbòl la. Konsa tou, Etazini, Lachin, Japon, Larisi, Lafrans ap taye banda sou plan teknoloji. Mwen kontante m pran kèk echantiyon nan 2 domèn sa yo sèlman jis pou mwen kapab fè zanmi lektè mwen yo konprann ki avantaj ki genyen lè ou domine yon domèn. Li pa yon sekre pou pèsonn, chak peyi nou site la yo reprezante yon pisans ekonomik. Nou vle di peyi ki trè rich. Sa ta vle fè nou konprann abitan, elit oudimwens pwofesyonèl peyi sa yo eksplwate domèn sa yo pou yo rive kreye richès.

Èske mwen bezwen sitiye pozisyon Etazini, Lalmay, Japon, Larisi, Brezil nan echèl ekonomik mondyal la? Pou kounye a, sa pa vo lapenn. Kounye a, an nou poze tèt nou kesyon pou nou chèche nan ki klas peyi Ayiti ta va twouve li e ki ran li okipe.

Mwen pa vle kenbe nou anba twòp sispenns, twòp rete tann paske jan pwovèb la di li: "Kreyòl pale, Kreyòl konprann." Li klè, Ayiti pa prèske reprezante anyen nan domèn tankou espò, teknoloji, konstriksyon, komunikasyon, agrikilti, ayewonotik, elatriye. Sepandan, si nou byen chèche, si nou fouye zo nan kalalou, n ap fini pa reyalize Ayiti gen yon domèn li kanpe mèt teren, an nou di chèmèt, chèmètrès. Nou menn ki te gen chans fè touris lokal, tankou patisipe nan fèt chanpèt nan kèk depatman, kèk komin nan

Kaye Akademi An

peyi d Ayiti tankou Laplèn Dinò, Bòdmè Limonad, Sodo nan Plato Santral, Tigwav nan Lwès, al benyen nan So Matirin, Jele, Kot-Defè, Labadi, e fè lòt eksperyans anplis ; poze tèt nou kesyon : Ki sa bagay sa ye? Èske gen yon peyi ki gen otan richès konsa? Ki sa n ap fè ak valè kiltirèl, valè natirèl, valè istorik sa yo?

Enben, koze mande ti chèz! Pa vre? N ap vini ak plis detay nan liy aprè yo.

Di Ayiti se yon pisans kiltirèl, ou dimwens yon gwo pisans kiltirèl se rive jwenn eleman kiltirèl ki kapab jistifye enpòtans peyi a genyen nan domèn sa an konparezon ak lòt peyi ki kapab genyen mwens e menm plis richès.

Dabò ki sa kilti yon peyi reprezante?

San nou pa bezwen al fouye nan gwo liv, kilti yon pèp se yon solòkòtò tout mès, tout abitud, tout konpòtman, tout tanperaman, tout ajisman, tout fason pèp sa a viv. An gwo, kilti yon pèp se diferan eleman ki diferansye pèp sa a vizavi lòt pèp yo.

Sou plan literati ak oralite dizon sou plan lengwistik, Ayiti genyen yon lang ki pèmèt popilasyon an kapab ekspri tout sa k ap pase nan lavi li. Gen pwovizyon pou li ekspri tout sa l ap eksperimente nan anviwònman li. Kòm egzanp, nou kapab pran diferan mesaj ekri ak enfòmasyon k ap sikile sou rezo sosyal yo, nan radyo, elatriye. Bèl lodyans k ap boukante nan veye, nan lakou, nan tab domino yo.

Fòk nou klè tou gen anpil ki prèske disparèt tèlman nou pa konnen valè yo. Se ka tire kont chak sware avan n al

Kaye Akademi An

dòmi. Rakonte istwa Bouki ak Timalis, istwa Jansòt ak Janlespri. Ou pa imajine kijan sa te devlope yon kapasite, yon elegans langajye lakay jèn fi ak jèn gason nan mitan fanmi, zanmi ak vwazinaj.

Se sa wi ki pwodiksyon ak konpreyansyon oral la, de nan kat konpetans lengwistik lasyans rekonèt. Pwa kiltirèl sa yo nou sot site la yo, se nan lang kreyòl nou an sèlman wi yo fè sans. Kèlkeswa fòm ekspresyon nou ta prete pou nou tradui yo an fransè ou an anglè, mwen garanti nou kouran an p ap pase.

Tande yon ti blag, ou va di m sa w wè :

« Pandan fineray yon mouche marye, tout moun ap kriye pou defen an ki pati kite yo. Fineray fin chante legliz; mentnan tout moun opa ap vanse pou al depoze mò a nan dènye demè li. Lè kòtèj la prèske rive devan simityè a, madanm marye a, kidonk madan defen an pete yon sèl rèl ! Lè yo kenbe l pou li pa tonbe, poze l kesyon: kisa li genyen, men repons li: "Mwen gen 20 an depi mwen marye avèk mari m, se pou lapremyè fwa mwen konnen kote li prale. Mwen p ap di plis. »

Relijyon vodou ak diferan chante ak dans fòklorik yo montre nou aklè richès ki kache anndan lang kreyòl la. Mwen p ap antre nan kote mistik. Sa yo pi gran pase m. Men kanta pou chante ak kout tanbou yo, kote bagèt ap marye, se bèl bagay. Rayi chen di dan l blan.

Kote nou konpatriyòt peyizan mwen yo, nèg nan seksyon kominal mwen yo? Mwen vle vini sou reyalite ki te egziste lontan, kote lè yon nèg oubyen yon fanm pèdi wòl li fè yon betiz nan kanton an tankou vòl, enfidelite,

Kaye Akademi An

kriye pou manje, bat fanm pou lajan rekòt. Enben monchè, enben machè pare tann, lè gen konbit, rara, ranpanno, mòtye (beton), pele sab, dosye ou pral vire an chanson.

Gade ilustrasyon sa a :

Oke ti Andre ! Oke !

Ayè ti Andre voye madanm li nan mache ak 2 sak lam. Lè madanm nan vini, li mande l pou li detaye ba li konbyen li vann chak tèt lam. Oke!

Nou kwè se jwèt. Se pa ti koze. Bagay sa yo konn mennen divòs. Fanm al jwenn paran yo.

Peyi Dayiti, se yonn nan peyi sou latè ki genyen yon gastwonomi san parèy, sa nou rele manje oubyen kizin Kreyòl. Nou vle m site? Soup joumou, janjòl (bouyon konsonmen nan nò), bagay ki pou fè w mòde lang ou, griyo kochon, nwa griye, kabrit griye, pwason gwo sèl, diri ak pwa vèt avèk yon bon sòs kribich, tonmtonm, tchaka mayi ak zo bèf, dous-makòs, diri ak lalo, bannann peze, poul kreyòl, pentad griye pou m site sa yo sèlman. Antouka mande kòdon ble yo, chèf kizin gwo otèl yo, yo va di nou plis.

Men èske nou konnen sou plan sa a gen anpil pwoblèm. Resèt yo pa ekri, se pa woutin nou aprann fè manje. Antouka, Ministè Edikasyon Nasyonal dwe pran reponsabilite li pou kou kizin anseye nan tout lekòl, kòmanse depi nan kindè, menm jan sa fèt an Chin. Ou imajine si kizin / gastwonomi nou an te ekspòte, konbyen sa t ap kreye anplwa nan lòt peyi.

Kaye Akademi An

Mezanmi, jan nou vwayaje egalman, se yon gwo eleman kiltirèl. Yon moto Awodjin k ap pote 6, 7, 8 moun alafwa, kote timoun pandye / kwoke 2 bò, chofè a chita sou gidon moto a, de pye l pwente devan, machann k ap monte moto devan dèyè pou pote gwo sak machandiz. Jan nou lote machandiz, sak sou do machin yo, anplis nou monte kouche sou yo. Obsève yon kamyon Madan Sara k ap pwente mòn Pilbowo, mòn Tapyon oubyen mòn Kabrit ou va di m sa w wè. Nou pa dwe bliye jan nou jere fatra lakay nou; kote pil fatra tounen adrès.

Mwen pa vle detaye twòp paske gen anpil bagay enpòtan pou nou ta di nan atik sa a sou plan kiltirèl ki vrèman enteresan. Se ka sit touristik nou yo tankou Vètyè, Sitadèl, Fò Jak ak Aleksann, Palè 365 pòt, Lakrètapyewo... sit natirèl yo tankou So Matirin, plaj Jele, plaj Labadi, Sodo, gwòt nou yo, Basen Manbo (Limonad), Basen Ble, Mòl Sen Nikola, pak nasyonal ak istorik ki konpoze sit Lèramye nan anviwònman Sitadèl, Kot-Defè, kòt Dèzakaden, Lòvanna (Katyè-Moren). Èske n ka bliye jou Latousen (fèt dè mò), chak premye novanm, tout gwo seremoni nan tout simityè jwenn ak 2 novanm jou fèt Gede, “loa” yo an demon.

Mezanmi kantite bèl plaj, bèl rivyè, bèl montay peyi a genyen pou nou atire touris, men malerezman nou devlope yon kilti negatif kote nou plis detwi olye nou pwoteje ak konstwi sa ki bon. Pou ki sa nou oblije debwaze forè yo? Pou ki sa nou fè lanmè yo tounen sit dechaj kote nou fè tout vye bagay, jete tout malpwòpte? Pou ki sa otorite lekòl yo (majistra yo, kazèk yo) pa pran mezi pwoteje sit istorik ak natirèl yo? Tankou mwen di li deja, se sous richès yo ye. Yo kapab pèmèt nou rantre milyon. Nou pi alèz nan tann

Kaye Akademi An

kwi y nou bay Blan. Aprè, lè yo pase nou lòd fè sesi, fè sela, nou va di y ap fè enjerans. Manti ! Nou ki pwoblèm nan. Nou pa konn valè nou.

Adje! Kite koze, pran pawòl. Èske nou konnen fèt chanpèt, se evènman kiltirèl ki rasanble plis moun nan peyi a? Ou panse se te kanaval oubyen rara. Men non! Kanaval kouri nan Pòtoprens oubyen nan Jakmèl ak vil Laprezidans chwazi pou 3 jou gra yo. Rara kouri nan Latibonit ak nan Leyogàn sèlman, men pou fèt chanpèt chak komin, chak seksyon kominal, chak katye selebre fèt chanpèt pa yo. E sa fèt nan yon anbyans vrèman fratènèl paske se raman ou tandè moun touye moun nan okazyon sa yo. Mwen panse mòd pratik sa yo dwe ankouraje, yo dwe jwenn ankourajman bò kote otorite yo, antreprenè yo. Non sèlman yo kontribiye nan kreye richès, men yo redui vyolans la tou. Se okazyon pou sitwayen yo divèti yo tou. Se enpòtan pou sante moral popilasyon an. Sitou pou yon pèp k ap travèse move moman anba lavi di ak ensekrite.

Nou panse mwen t ap fini san mwen pa pale de mizik tradisyonèl peyi d Ayiti. Wi gwoup oubyen djaz k ap jwe konpa, rap, rabòday, ak rasin yo. Pran gwoup mizikal sa yo epi analize estil oubyen tandans mizikal yo, answit mwen envite w fè konparezon avèk reyalyte mizikal Dominikani oubyen Jamayik.

Men gwoup yo: Septen, Tropicana, Klass, Zafèm, Nu Look, Disip, Tony Mix, Kadilak, Barikad Krew, Rock Fam, Roody Rood Boy, Boukman eksperyans, Ram, Kanpèch, Koudjay.

Atravè diferan gwoup sa yo ou jwenn yon divèsite mizikal enkonparab ki degaje, kontrèman ak Dominikani ki

Kaye Akademi An

se Salsa oswa Bachata, oubyen Jamayik kote se Reggae ki fè lalwa. Men divèsite sa a temwanye richès kiltirèl nou anplis teyat popilè ayisyen an, abiman kreyòl, dans tradisyonèl nou yo tankou : sketch Languichatte Debordus yo, Papa Pyè, chemiz pepe baya, pantalon abako, ... dans kwaze le 8, kontredans, tire baton, bat kòk, trese-riban, se yon seri tradisyon nou pa dwe abandone. Se yo ki mak fabrik nou. Se atravè yo nou idantifye nou kòm pèp. Se byen n ap ranmase ak 2 men sa blan an, sa lòt nasyon pote ban nou oubyen n al chèche. Lemond pa yon vazklo, pa gen pwoblèm men fò nou vann kilti pa nou tou. Nou pa wè malgre entelektyèl swadizan yo ap minimize valè lang kreyòl men tout gwo djaz, tout gwo gwoup se an kreyòl yo chante !

Mwen panse Akademi Kreyòl Ayisyen, an patenarya avèk Ministè Lakilti ak Ministè Edikasyon Nasyonal gen yon travay nan sans sa a pou reveye memwa kiltirèl pèp Ayisyen an ki prèske nwaye nan kilti oksidantal la.

Paralèlman nou dwe rekonèt tou Ayiti se sèl peyi nan mond lan kote li trè fasil pou nou mete tèt ansanm pou nou defann oubyen fè mal olye nou rasanble fòs nou ak konesans nou pou poze bon aksyon. Si nou kwè m manti mande politisyen yo sa yo fè pou nou soti nan kriz. Si yo onèt, yo ta dwe reponn: Nou kreye plis kriz ankò pou nou divize pou reye. Mande chèf gang yo. Yo fòme G9 an fanmi e alye, yo asosye yo an Viv Ansanm. Pou ki sa? Pou yo touye, pou yo kidnape, pou yo vyole, pou yo vòlè, pou yo kraze peyi. Men jamè pou yon bon koz. Enterè pèsònèl gen priyorite sou enterè kolektif. Lapriyè twò long fè jenou kwochi, an n al mete Amèn.

Kaye Akademi An

Lè nou byen analize faktè kiltirèl, eleman kiltirèl tankou sit natirèl, sit istorik, kizin, mizik, mès ak koutim pèp ayisyen, gen bon kote tankou move kote, nou vle di pozitif tankou negatif. Angwo, tout sa ki konpoze patrimwàn kiltirèl ti moso zile sa a, nou panse sa sifi pou nou avanse san rezèv, ak gòj deplwaye: "Ayiti se yon gran pisans kiltirèl". Nan ran peyi tankou Benen, Lend, Lachin, Lejip pou nou site sa yo sèlman.

Sepandan, gen yon lòt kesyon ki dwe atire atansyon nou plis toujou. Kisa nou fè ak resous mèveye sa yo? Se pa mwen ki pral envante lekòtrè paske tout moun konnen nwa sou blan, klè kou dlo kokoye, Ayiti se yon gran peyi men yon ti nasyon. Sa vle di nou chaje richès, men nou inyore valè yo, nou pa konnen enpòtans yo. Nou pito ap imite vye egzanp lòt peyi olye nou kiltive, nou eksplwate min trezò sa yo ki lakay nou. Alòs, jouk kilè n ap rive pran konsyans? Jous kilè n a rive konprann nou se yon gran pèp pou nou sispann reve al viv nan lòt peyi olye nou konstwi lakay nou?

Dominique BARTHELEMY
Akademisyen



Dominique BARTHELEMY

Akademisyen Dominique BARTHÉLÉMY etidye Dwa ak Lengwistik. Li gen fòmasyon kòm Jij tou. Akademisyen an se pwofesè epi fondatè Asosyasyon Pwofesè Lang Kreyòl Nò ak Nòdès.

DISKRIMINASYON AK PLEDWAYE SOU PRATIK LANG KREYÒL LA NAN SISTÈM JISTIS AK ADMINISTRASYON PIBLIK AN AYITI

Beaunel BEAUZILE

Tèks sa a se fwi refleksyon ak analiz sou plas lang kreyòl la nan sistèm jistis ak administrasyon piblik la nan peyi Dayiti ki te fèt nan kad yon konferans pwofesè Beaunel BEAUZILE te bay nan « **Platfòm Òganizasyon Ayisyen yo nan Dwa Moun (an franse POHDH)** ». Konferans sa a te fèt nan jou ki te 25 oktòb 2024 la nan kontèks komemorasyon « Jounen Entènasyonal Lang kreyòl » ki selebre nan mond lan chak ane nan dat 28 oktòb. Pwofesè a te prezante konferans sa a nan non **Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)** li te reprezante nan okazyon an.

PLAN

- 1- Kontèks kreyasyon ak evolisyon lang nan mond lan
- 2- Diskriminasyon ki fèt akòz lang
- 3- Pledwaye sou zafè lang ak dwa lwengwistik minorite yo nan mond lan
 - a. Deklarasyon Baselòn lan (La Déclaration de Barcelone)
 - b. Rekòmandasyon Oslo yo (Les Recommandations d'Oslo)
- 4- Sitiyasyon lang ak evolisyon lengwistik nan peyi Dayiti:
 - a. Konstitisyon 1987 la
 - b. Lwa 7 avril 2014 ki kreye AKA a
- 5- Sitiyasyon lang kreyòl la nan lajistis ak administrasyon peyi Dayiti

1. Kontèks Kreyasyon Ak Evolisyon Lang Nan Mond Lan

Sa deja fè plizyè santèn milye lane depi lè moun kòmanse mete tèt yo ansanm pou yo fòme kominote epi pou yo viv ansanm youn bò kote lòt. Depi lè sa a, yo kòmanse santi nesese pou yo devlope lòt fòm kominikasyon ki depase senp jès ak mim yo te konn abitye fè ak yon pati nan kò yo pou yo te kominike youn ak lòt nan epòk sa a. Se konsa yo pral adopte mòd kominikasyon vèbal la ki pral ba yo posiblite eksprime plis lide ak pataje plis reyalite yo ap viv. Kèk tan apre, yo pral transfòme fòm ekspresyon vèbal sa yo an lang. Kidonk, amezi gwoup moun sa yo ap ogmante epi kominote yo ap vin pi gran, se konsa yo pral fòme lòt kominote oswa lòt ti sosyete nou te ka rele sosyete satelit ki pral devlope kilti ak lang pa yo apati rasin kiltirèl ak lengwistik premye kominote yo soti ladan l lan. Sitiyasyon sa pral fè, soti nan yon kominote pou ale nan yon lòt, mannyè pale yo pral varye pou nou pa di diferan nèt. Se konsa, tikal pa tikal, e depi nan tan “preyistorik yo”, te deja genyen yon pakèt lang sou latè ki gen resanblans antre yo selon zòn oswa rejyon yo te regwoupe a, osnon lòt lang yo te enfliyanse menmsi lang ak pèp sa yo pa ta fè pati menm rejyon kiltirèl ak yo. Sa vle di tou, diferan mòd pale sa yo pral devlope nan kontèks evolisyon moun ak sosyete kote yo te kreye yo a, anplis lòt moun ak sosyete premye gwoup la vin gen otorite oswa pouvwa dominasyon sou yo, nou te ka site kòm egzanp dominasyon lang endoewopeyen yo sou lòt lang otoktòn lòt rejyon tankou Afrik, Amerik ak Karayib la. Sa pral bay lengwis yo okazyon pou yo regwoupe mannyè pale sa yo an fanmi lengwistik selon zòn yo te konn plis itilize yo a.

Kaye Akademi An

Se konsa lang kreyòl ayisyen an vin pran sous li nan lang ki derive yo menm nan laten an (paregzanp: pòtigè, espanyòl ak fransè) ki se prensipal lang puisans kolonyal yo, soti 16yèm jouk rive nan kòmansman 20yèm syèk yo te pale epi kontinye ap pale. Sa vle di tou anndan lang kreyòl la ou jwenn eleman tout lòt lang nou sot site la yo, san nou pa bliye enfliyans lang ameriken yo (anglè) vin egzèsè nan kat (4) dènye deseni yo sou kreyòl la, akoz relasyon alevini ki vin plis genyen ant dyaspora yo ak moun ki ap viv sou teritwa peyi Dayiti. Men an reyalyte nou ka di enfliyans lang anglè a sou kreyòl la kòmanse depi peryòd okipasyon Yangki yo (Yankees) nan kòmansman ventyèm (20yèm) syèk la, pi presizeman apati 1915.

Men ki kote diskriminasyon kont moun yo ki pale sèlman lang kreyòl la soti?

2. Diskriminasyon Ki Fèt Akoz Lang

Depi nan tan lakoloni te deja genyen diskriminasyon ant blan franse ki fèt nan metwopòl la, peyi Lafrans, ak lòt blan franse ki te fèt, yo menm, nan koloni an. Dènye kategori blan sa yo te vin pote non *blan kreyòl* ki te vin yon fòm separasyon ak sila yo ki se metwopoliten. Se kòm si yo ta di anba chal, blan kreyòl la pa edike, pa fòm oswa pa sivilize menm jan ak yo ki ap viv sou teritwa Lafrans lan, ki pa manke anyen pou viv kòm moun tout bon. Kidonk, dapre yo, blan kreyòl se sovaj. Depi lè sa a, konpòtman sa a vin transfòmè tèt li an yon gwo eritaj ki pral transmèt de yon jenerasyon a yon lòt, de yon kominote a yon lòt pandan li travèse Atlantik la pou blayi kò li anndan koloni yo. Menm gwoup ki te plis majinalize anndan koloni Sen

Kaye Akademi An

Domeng lan, esklav yo, ta pral vin antre nan fè diskriminasyon sou pwòp kominote pa yo a. Esklav domestik ki ap ranmase kèk mo franse anba bouch mèt la kwè li pa kamarad lòt esklav nan chan an ki pa kapab pwononse okenn mo franse. Men kòman diskriminasyon sa a ki chita sou lang lan vin transmèt anndan sosyete a depi peryòd kolonyal la. Sepandan li vin pran ekstansyon li apre Endependans ki te chanje sitiyasyon politik la san chanje sitiyasyon sosyal pèp la. Kidonk, sila yo ki te ka pwononse de (2) ou twa (3) mo franse yo vin abite nan vil oswa zòn periferik vil yo alòske anyen esklav chan yo ki te ka pale sèlman kreyòl la al fòm kategori peyizan an ki te toujou rete san fòmasyon ak edikasyon depi lè a pou jis lajounen jodi. An reyalyte, eritaj diskriminasyon baze sou lang lan blan franse yo kite a pa limite l sèlman ak zòn kote yon moun fèt - paregzanp moun andeyò ak moun lavil, moun anwo (katye boujwa) ak moun anba (katye pòv, geto), elatriye - li ale pi lwen pase sa nou panse a ki chita sou lang lan. Se kòm si se moun ki pale bon jan franse ki se sitwayen epi ki merite bon jan konsiderasyon ak tout lòt avantaj devan je tout moun, sou sila yo ki pale kreyòl sèlman, ki pa konsidere kòm sitwayen epi ki pa merite gen okenn apresyasyon ak konsiderasyon.

Nou vle siyale yon lòt aspè enpòtan nan koze diskriminasyon sou zafè lang lan nan mond lan. Prejije sa yo konn chita sou baz kantite moun nan sosyete a ki pale lang patikilye a parapò ak tout popilasyon an ki pale lang ofisyèl peyi a. Lòt fason nou ka rele lang ti ponyen moun yo pale a se «*lang minorite a*». Yo itilize ekspresyon «*Lang minorite a*» pou kalifye ti kantite moun yo ki pale lang lan ki twò fèb epi ki pa reprezante anyen parapò ak tout

popilasyon kote lokitè yo ap viv la. Lè yo pa itilize ekspresyon sa a, yo konn souvan anplwaye mo **Patwa** pou kategorize langaj gwoup minoritè a. Se yon fason tou pou yo minimize e menm rejte gwoup sa a epi tou pase dwa yo anba pye, kòmsi yo pa te menm egziste. Se nan kontèks diskriminasyon gwoup majorite a ap fè sou lòt ti gwoup yo gen tout yon seri òganizasyon ak enstitisyon nan mond lan ki ap goumen pou defann dwa lengwistik ti ponyen moun sa yo.

3. Pledwaye Sou Lang Ak Dwa Lengwistik Minorite Yo Nan Mond Lan

Tout kote sou latè, moun yo ki ap viv an ti gwoup anndan yon gwo popilasyon toujou fè fas ak reyalite lengwistik kominote pa yo a ki toujou neglijè parapò ak lang tout rès popilasyon an pale a. Sitiyasyon yo ladan l lan konn lakòz dwa yo pa rive respektè jan sa ta dwe fèt la. Sa ki vle di tou moun sa yo konn sibi prejije ak diskriminasyon poutèt sa. Se nan objektif defans dwa lengwistik gwoup moun ki pi piti nan sosyete kote yo ap viv la, gen kèk òganizasyon entènasyonal ki mete tèt yo ansanm pou yo pote vwa lokitè sa yo ale pi lwen posib.

a. Deklarasyon Baselòn Lan (La Déclaration de Barcelone)

Se nan kad yon Konferans Mondyal sou Dwa Lengwistik (an fransè Conférence Mondiale sur les droits linguistiques, CMDL) yon seri enstitisyon ak òganizasyon ki angaje yo nan batay sa a, pami yo «*PEN Club International*», «*Centre International Escarré pour les*

Kaye Akademi An

Minorités Ethniques et les Nations (CIEMEN)» ak UNESCO, te reyini pou deside sou sò moun yo ap maltrete nan sosyete a akòz lang yo oswa mòd pale yo. Se nan Vil Baselòn nan peyi Espay, soti 6 pou rive 9 jen 1996 òganizasyon ak enstitisyon sa yo te reyini pou yo adopte yon deklarasyon Tèt ansanm pou defann kominote lengwistik minoritè yo. Desizyon yo te pran ansanm nan Vil Baselòn lan pote non «**Deklarasyon inivèsèl dwa lengwistik**», yo ba li ti non jwèt li an franse «**Déclaration de Barcelone**».

Men ki sa deklarasyon sa a di menm sou zafè patisipasyon kominote lengwistik yo nan sistèm jistis ak administrasyon piblik nan peyi kote yo ap evolye a?

Daprè **Deklarasyon Baselòn** lan nan **atik 15** li di:

Toute communauté linguistique a droit à ce que sa langue soit utilisée en tant que langue officielle sur son territoire.

Toute communauté linguistique a droit à ce que les actes juridiques et administratifs, les documents publics et privés et les inscriptions sur les registres publics réalisés dans la langue du territoire soient considérés comme valables et effectifs et que personne ne puisse en prétexter la méconnaissance.

Atik 18 deklarasyon sa a fè tout pouvwa piblik nan tout peyi obligasyon pou yo mete lwa yo nan lang tout kominote lengwistik ki egziste sou teritwa peyi o a. pou nou ilistre sa ki di nan atik sa a, n ap rapòte atik la nan lang franse a jan nou jwenn li an :

Kaye Akademi An

Toute communauté linguistique a le droit d'exiger que les lois et autres dispositions juridiques qui la concernent soient publiées dans la langue propre à son territoire.

Les pouvoirs publics qui ont plus d'une langue territorialement historique dans leurs domaines d'action doivent publier toutes lois et dispositions de caractère général dans ces langues, indépendamment du fait que leurs locuteurs comprennent d'autres langues.

Kanta pou **atik 20** an, li pa kapab pi klè pase sa nan aplikasyon lang pèp la nan lajistis. Li di:

Toute personne a le droit d'utiliser oralement et par écrit, dans les Tribunaux de justice, la langue historiquement parlée sur le territoire où ceux-ci sont situés. Les Tribunaux doivent utiliser la langue propre à ce territoire dans leurs actions internes. Si le système juridique de l'État imposait que la procédure se poursuive hors du territoire d'origine du justiciable, la langue d'origine devrait néanmoins être maintenue.

Dans tous les cas, chaque personne a le droit d'être jugée dans une langue qu'elle puisse comprendre et parler ou d'obtenir l'assistance d'un interprète.

Toujou nan sa ki gen rapò ak lajistis, **Deklarasyon Baselòn** lan presize nan **atik 22** a: «Toute communauté linguistique est en droit d'exiger que tout acte notarial ou officiel émis par un officier public soit rédigé dans la langue propre au territoire qui est du ressort de cet officier public.».

**b. Rekòmandasyon Oslo yo (Les
Recommandations d'Oslo)**

Se nan menm demach pou defann dwa lengwistik minorite yo, n ap site «*Organisation pour la sécurité et la coopération en Europe (OSCE)*» ki kreye an 1992 yon lòt òganis pou defann gwoup moun ki pi piti yo, yo rele «*Haut Commissariat de l'OSCE pour les minorités Nationales (HCMN)*». Se de (2) òganizasyon sa yo, OSCE ak HCMN ki te reyini nan Vil Oslo ki se kapital peyi Norvège an fevriye 1998 pou yo te kapab fè kèk rekòmandasyon sou zafè dwa lengwistik gwoup ki minorite yo. Desizyon yo a pote non « **Rekòmandasyon Oslo nan sa ki regade dwa lengwistik minorite nasyonal yo** ».

Nan sa ki gen pou wè ak **Rekòmandasyon Oslo** yo menm, tèks sa a chita sou plizyè lòt dokiman entènasyonal ki nan domèn dwa moun tankou:

- Document de Copenhague;
- Convention-cadre pour la protection des minorités nationales;
- Déclaration universelle des droits de l'homme;
- Convention internationale sur l'élimination de toutes les formes de discrimination;
- Déclaration de l'ONU sur les droits des personnes appartenant à des minorités nationales ou ethniques, religieuses et linguistiques;
- Résolution 48/134 des Nations Unies du 20 décembre 1993;
- Pacte international relatif aux droits civils et politiques;
- Convention européenne de sauvegarde des droits de l'homme et des libertés fondamentales;

Kaye Akademi An

- Charte européenne des langues régionales ou minoritaires;
- Charte de Paris pour une nouvelle Europe, etc.

Nou site kèk nan dokiman ki sèvi baz travay **Rekòmandasyon Oslo** a, se yon fason pou nou montre tèks sa gen tout enpòtans li nan pledwaye ki ap fèt nan mond lan sou kesyon respè dwa lengwistik yon popilasyon nan tout sa ki konsène egzistans li. Pou nou bay yon ilustrasyon sou youn nan rekòmandasyon dokiman sa fè nan zafè lajistis n ap prezante **paragraf 17** la kote li presize:

Toutes les personnes, y compris les personnes appartenant à une minorité nationale, ont le droit d'être informées promptement, dans une langue qu'elles comprennent, des raisons de leur arrestation et/ou de leur détention, ainsi que de la nature et la cause de toute accusation dont elles font l'objet, et de se défendre elles-mêmes dans cette langue, si nécessaire avec l'assistance gratuite d'un interprète, et ce avant le procès, pendant le procès et en appel.

Nan sa ki gen pou wè ak pledwaye pou itilizasyon lang nan administrasyon an menm, Rekòmandasyon Oslo yo deklare nan paragraf 14 la sa nou pral di la yo :

Les personnes appartenant à des minorités nationales doivent avoir des possibilités adéquates d'utiliser leur langue dans leurs communications avec les autorités administratives, spécialement dans les régions et les localités où elles en ont exprimé le désir et où elles sont présentes en nombre significatif. De même les autorités administratives doivent également, quand cela est possible, assurer la fourniture des services publics dans la langue de la minorité nationale. A cette fin, elles

doivent adopter des politiques et des programmes de recrutement et/ou de formation appropriés.

Men ki kote Ayiti ye menm nan gwo deba k ap fèt sou dwa lengwistik yo?

4. Sitiyasyon Lang Ak Evolisyon Lengwistik Nan Peyi Dayiti

Si de (2) dokiman nou sot site pi wo yo, Deklarasyon Baselòn lan ak Rekòmandasyon Oslo yo, fè referans ak gwoup moun ki pi piti nan sa ki gen pou wè ak kantite popilasyon total yon peyi, pou sa ki konsène Ayiti se envès la. Sa vle di kòm premye Repiblik moun nwa nan mond lan, Ayiti se youn nan ra peyi kote lang majorite a pou nou pa di lang tout popilasyon an pale a, lang kreyòl la, pase anba pye epi yo konsidere l kòm si se li ki lang minorite a depi plis pase de san (200) an. Pèp la ap sibi diskriminasyon tout kote li pase sou pwòp teritwa li akòz lang li, lang manman li an ki se kreyòl la. nan men yon ti gwoup tou piti ki pale franse, lang kolon an. Lè nou di tout kote a, nou pa fè okenn eksepsyon. Sa vle di kit li nan lekòl, nan yon seri legliz, nan yon kategori medya, nan administrasyon piblik tankou prive, elatriye. Kanta pou lajistis la menm, se pa pale, se kòm si tout sistèm lan ta drese kont kategori moun sa yo ki pa konn ni pale ni ekri okenn lòt lang ke kreyòl la. Sa ki pi dwòl la se lang minorite a (yon ti gwoup moun tou piti) pale a ki ap domine sou lang mas la epi se nan non ti gwoup minorite sa a, yo ap toupizi majorite a ak tout lang li. Se sa espesyalis yo rele yon *paradòks* (yon sitiyasyon ki kontrè ak sa ki nòmal

oswa ki kontrè ak tout lojik). Nan sans sa a, ni Deklarasyon Baselòn lan ni Rekòmandasyon Oslo yo pa te pran an kont sityasyon lengwistik pèp ayisyen an ap sibi depi endepandans lan, paske se lang li an ki majoritè, alòske se li ki ap sibi diskriminasyon nan men yon kategori moun ki pale lang minoritè a.

Si pandan peryòd kolonyal la moun yo ki te konn pale kreyòl la sèlman an pa te gen dwa lapawòl ni tou yo pa te konsidere yo kòm moun nan sosyete a nan epòk sa a, apre pwoklamasyon endepandans lan, sityasyon an pa te chanje pou gwoup moun sa yo toujou. Yo te kontinye sibi diskriminasyon ak prejije sa a depi lè a jiska kòmansman venteyinyèm (21è) syèk la. Kidonk, diskriminasyon baze sou lang lan te blayi kò l sou tout lòt aspè lavi yo. Nan sans sa a, nou pa bliye enskripsyon «**peyizan**» (paysan an franse) ki te konn genyen sou batistè moun sa yo pou yo ka diferansye yo ak moun lavil ki te make «**sitaden**» (citadin nan lang kolon an). Okenn lejislasyon ni pèsonn, ni okenn konstitisyon ak lwa pa te janm panche sou sò moun sa yo. Èske sa se pa te enjistis kote ou tou mete yon mak distenksyon negatif sou dokiman nesans moun sa pou tout pòt louvri pou li ka sibi prejije ak imilyasyon? Se sa yo rele **estigmatizasyon** an. Sa vle di tou diskriminasyon pa te mache pou kò l, li te gen yon frè marasa ak li ki rele estigmatizasyon ki voye moun sa jete nèt nan sosyete a. Se kòm si yon moun ki chwazi pale kreyòl nan enstitisyon yo tou pran viza pou imilyasyon l.

Se apati konstitisyon 1987 la je anpil moun pral louvri epi pral gen yon lòt konsiderasyon pou sila yo ki pale kreyòl sèlman. Menm si sa pral pran anpil tan tou pou li reyalize, men ouvèti a pral kòmanse la.

a. Konstitisyon 1987 la

Fòk nou te tann jiska lane 1987 pou mo Kreyòl la te enskri pou premye fwa nan yon tèks jiridik tankou Konstitisyon 1987 la, kòm youn nan lang ofisyèl peyi a akote lang franse a. Konstitisyon sa a pa kontante l sèlman nan site lang kreyòl la kòm lang ki simante tout Ayisyen ansanm, men li mete l nan menm nivo ak lang franse a kòm de (2) lang ofisyèl peyi a genyen kote youn pa pi enpòtan pase lòt. Atik 5: *«Sèl lang ki simante tout Ayisyen nèt ansanm, se kreyòl la. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl Repiblik Ayiti»*. Pou nou konprann sans atik sa a nan konstitisyon 1987 la, fòk nou ta retounen al gade nan tout lòt konstitisyon ki te egziste anvan yo pou nou ta wè epi konprann ki plas lang franse a te genyen nan estrikti òganizasyonèl ak administratif peyi Dayiti. Gen kèk konstitisyon ki te menm entèdi itilizasyon kreyòl la nan administrasyon piblik la e ki bay kondisyon eksepsyonèl pou yon moun ta itilize lang kreyòl la anndan kèlkeswa enstitisyon piblik yo (administrasyon tankou lajistis). Konstitisyon sa a montre nou tou kijan konstitiyan nou yo te annavans sou yon seri travay ki ta pral fèt apre sou dwa lengwistik yo nan mond lan. Sa vle di, atik 24.3 Konstitisyon an pwouve nou te pran devan tout gwo defansè dwa lengwistik yo nan mond lan. Sa vle di tou nou te devanse e *Deklarasyon Baselòn* nan e *Rekòmandasyon Oslo* yo sou respè dwa lengwistik chak jistisyab. Akote atik 5 ak 24-3 a, gen atik 40 lan ki fè Leta obligasyon mete tout dokiman li gen pou l ekri yo an kreyòl menm jan yo te deja fè yo an franse a: *«Leta fèt pou li pran radyo, jounal, televizyon pou esplike popilasyon an, an kreyòl ak an franse, tout lwa,...»*. An fèt, se atik 213 la ki fè Leta

Kaye Akademi An

obligasyon pou li kreye **AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)** an, li di: *«Yo kreye Akademi Kreyòl Ayisyen. Li gen misyon pou li bay lang kreyòl la jarèt pou li fikse epi pou li ba li tout mwayen lasyans pou li devlope nòmal »*. Malgre sa anyen pa te janm chanje an favè mas pèp la apa AKA ki egziste e ki ap mennen yon batay san pran souf pou lang pèp ayisyen an jwenn vrè plas li merite a nan tout sosyete a. Se nan kontèks atik 213 konstitisyon 1987 la palman an pral vote lwa sa ki pral pibliye nan Jounal Ofisyèl Repiblik la nan dat 7 avril 2014 la ki kreye Akademi Kreyòl la pou vin defann dwa lengwistik tout pèp ayisyen an. Apati sa nou li nan konstitisyon sa a pa rapò ak tout lòt ki te egziste anvan l yo, nou kapab di li se yon revolasyon nan zafè aplikasyon lang kreyòl la.

b. Lwa 7 avril 2014 ki kreye AKA

Fòk nou di depi lwa sa a ki kreye AKA fin pibliye nan dat 7 avril 2014 la, e ki pral bay egzistans fizik ak kokennchenn Enstitisyon sa a ki rele **Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)** jou ki te 4 desanm 2014 la, ane 2024 sa a deja fè dizan (10 an), batay pou fè dwa lengwistik tout popilasyon ayisyen lan respekte a pa janm ralanti alewè pou li ta kanpe. Kidonk, AKA vin tounen prensipal defansè dwa lengwistik tout pèp ayisyen an. Atik 4 la presize: *«Akademi Kreyòl Ayisyen an se yon enstitisyon leta ki gen konpetans pou li travay sou lang kreyòl la jan Konstitisyon 1987 amande a egzije l. Li la pou garanti dwa lengwistik tout Ayisyen sou tout sa ki konsène lang kreyòl la»*. Men se nan atik 11 ak 12 lwa sa a misyon AKA a pral byen defini nan defans dwa lengwistik pèp la. Pami douz (12) alineya ki genyen nan atik 11 lwa sa a, nou estime li enpòtan pou

Kaye Akademi An

nou ta prezante kèk nan yo ki ap ede konprann misyon Akademi Kreyòl Ayisyen an, tankou: **ch)** *«Fè tout sa ki nesèsè pou kreyòl la gen bonjan reyònman ak prestij nan je popilasyon ayisyen an ak je lòt popilasyon yo»;* **e)** *«Travay pou enstitisyon leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl»;* e anfen **l)** *«Travay pou enstitisyon rejiyonal yo sèvi ak lang kreyòl la pou entegrasyon popilasyon kreyolofòn yo».* Epi atik 5 lan pral presize travay Akademi an p ap limite ak enstitisyon leta yo sèlman. Atik 5 lan di: *«Akademi Kreyòl Ayisyen an se referans pou lang kreyòl la nan peyi d Ayiti, kit nan pale, kit nan ekri, nan enstitisyon leta kou prive».* Donk dapre atik onz (11) lan, batay sa a AKA dwe mennen l nan Leta dabò, men tou, nan sektè prive a pou fè tout biwo ak administrasyon yo itilize lang kreyòl la nan sèvis yo ap bay pèp la. Kanta pou atik douz (12) la, li bay Akademi an estrateji pou li itilize pou li ka akonpli misyon li pi byen. Se nan kad aplikasyon dezyèm alineya atik sa a enstitisyon an, AKA, deja pibliye de (2) rezolisyon sou òtograf lang kreyòl la: premye a an jen 2017, epi dezyèm lan an septanm 2023 a. Kanta pou alineya **ch)** la ki di: *«Bay konsiltasyon epi sèvi referans sou sa ki konsène lang kreyòl la»* AKA jwe wòl sa a trè byen lè li te rantre nan yon seri konsiltasyon ak aktè yo nan sistèm Lajistis peyi Dayiti tankou: Lekòl Majistrati (EMA), Ministè Lajistis, Inivèsite Leta Ayiti (ILA) ak Fakilte Dwa ak Syans Ekonomik (FDSE), yon fason pou redui diskriminasyon sou lang kreyòl la nan sistèm Lajistis peyi a. Mete sou sa nou sot di la yo, Akademi an deja ap travay sou yon seri diksyonè kreyòl espesyalize nan plizyè domèn, pami yo youn sou lajistis ak yon lòt sou tematik administrasyon. San nou pa

Kaye Akademi An

fè twòp etalaj sou sa AKA deja reyalize nan lòt sektè yo, nou jis site sektè sa a kòm youn nan kategori ki deja benefisye akonpayman li pou entegre lang kreyòl la nan fonksyonman yo. San nou pa rantre nan twòp detay, nou ankouraje tout moun al fè yon kout je sou sit Akademi an (www.akademikreyol.net), non sèlman nou ap jwenn lwa sa a (7avril 2014 la) men tou, n ap jwenn tout lòt aktivite ak patenarya AKA fè ak lòt enstitisyon peyi a nan kad reyalizasyon misyon li.

5. Sitiyasyon Lang Kreyòl La Nan Lajistis Ak Administrasyon Peyi Dayiti

Li pa yon sekre pou okenn moun ki ap viv an Ayiti, sitiyasyon lang kreyòl la nan lajistis ak administrasyon yo pa bon ditou. Nou ka pran egzanp nan tribinal yo, kote pwosè yo ap fèt sèlman an franse pou yon bann moun ki pale epi ki konprann sèlman lang kreyòl la. Kidonk, yo pa konprann anyen ditou nan sa ki ap di nan tribinal kote yo ap jije yo a. Si avoka yon kliyan ta di yon bagay ki pa fin kòrèk oswa ki ka konpwomèt kliyan an, li p ap menm konnen. Konsa li p ap ka ni presize pou avoka a oswa korije sa avoka li a di ki mal la, ni defann tèt li yon lòt jan. Pafwa moun yo jwenn kondanasyon jis akòz yon mezantant oswa yon konfizyon lengwistik, kote jij la ak avoka yo ap itilize sèten mo an franse ki pa ranvwaye ak menm reyalyte nan lang kreyòl la ak nan lang franse a; sa vle di definisyon mo yo pa menm ant kreyòl ak franse (yon senp egzanp ant *sou* an kreyòl ak *sou(s)* an franse kapab ban nou yon lide sou abim ki genyen pafwa nan pasaj ant kreyòl ak franse). Yon lòt egzanp diskriminasyon baze sou lang kreyòl la, fwa

Kaye Akademi An

sa a nan adminitrasyon peyi a: yon moun ki nan liy depi byen lontan, li prèske rive devan fonksyonè a, yon lòt te jis dèyè, li apèn parèt, paske li sèlman lage de (2) ou twa (3) mo fransè, fonksyonè a fè li avanse pou ba li sèvis anvan lòt la ki te la depi maten an. Kidonk, sou pretèks moun ki pale franse a siperyè sila ki ka pale kreyòl sèlman an, li ba li privilèj sou lòt la, yon prèv dezekilib lengwistik ki defavorab pou tout mas pèp la. Se tout bagay sa yo ki karakterize enjistis, diskriminasyon ak vyolasyon dwa lengwistik tout popilasyon kreyolofòn lan. Anfen de (2) egzanp sa yo nou sot bay la ap ede nou konprann pwofondè batay Akademi Kreyòl Ayisyen an ap fè pou li defann dwa lengwistik pèp ayisyen an an jeneral, epi sila yo ki pale sèlman lang kreyòl la an patikilye. Tout demach AKA yo chita sou prensip pou tabli ekilib la, kote tout fòm diskriminasyon ki baze sou lang yo dwe disparèt definitivman anndan peyi Dayiti.

Se tout pawòl sa yo Akademi Kreyòl Ayisyen an te ban mwen manda pou mwen vin di nou nan non li.

Bibliyografi ak Webografi (sit entènèt nou te konsilte pou ekri tèks sa a)

- ✓ Le Moniteur. Lwa 7 avril 2014 ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen. Edisyon Le Moniteur, Pòtoprens, 169è amne # 65
- ✓ Constitution de la république d'Haïti de 1987 amendée le 9 mai 2011. Les Éditions Fardin, Port-au-Prince, 2012
- ✓ <https://www.madinin-art.net/le-bilinguisme-de-lequite-des-droits-linguistiques-en-haiti/> M te li paj sa a nan dat ki te 22-10-24
- ✓ https://www.axl.cefan.ulaval.ca/Languages/Declaration_univ-droits_ling1996.htm#:~:texDéclarationuniverselledesdroits,

Kaye Akademi An

desindividusetdescollectivités. M te li paj sa a nan dat ki te 22-10-24

- ✓ Organization for Security and Co-operation in Europe
<https://www.osce.org> › files › documents, M te li paj sa a nan dat ki te 22-10-24
- ✓ [https://fr.wikipedia.org/wiki/Déclaration_universelle_des_droits_linguistiques](https://fr.wikipedia.org/wiki/D%C3%A9claration_universelle_des_droits_linguistiques), M te li paj sa a nan dat ki te 22-10-24
- ✓ [https://www.observatoireplurilinguisme.eu/les-fondamentaux/politiques-linguistiques/15379-la-notion-des-droits-linguistiques-sous-la-loupe-du-linguiste-giovanni-agresti-le-national-république-d-haïti](https://www.observatoireplurilinguisme.eu/les-fondamentaux/politiques-linguistiques/15379-la-notion-des-droits-linguistiques-sous-la-loupe-du-linguiste-giovanni-agresti-le-national-r%C3%A9publique-d-ha%C3%ACti), M te li paj sa a nan dat ki te 22-10-24
- ✓ [https://www.madinin-art.net/le-bilinguisme-de-lequite-des-droits-linguistiques-en-haïti/](https://www.madinin-art.net/le-bilinguisme-de-lequite-des-droits-linguistiques-en-ha%C3%ACti/), M te li paj sa a nan dat ki te 22-10-24

Pwofesè Beaunel BEAUZILE,

Espesyalis nan Patrimwàn Etnolojik,

Anseyan nan Inivèsite nan Pòtoprens

25 oktòb 2024



Pwofesè, Otè, Inivèsitè, Responsab pwojè ak rechèch nan Akademi Kreyòl Ayisyen, mesye Beaunel BEAUZILE deja pibliye 3 liv nan diferan domèn. L ap travay sou yon lòt piblikasyon. Pwofesè Beaunel konsakre tout vi li nan pataje konesans ak tout respè sa mande.

AKADEMI KREYÒL AYISYEN KI SA LI YE?

Gesner JEAN-PAUL

Anpil ayisyen kwè lè nou di kreyòl, nou wè lang. Gen lòt ki wè pito se tout ètvivan ki fèt, ki grandi nan men yon moun, li rele li kreyòl. Tout jan tout jan kreyòl se kreyasyon pèsònèl yon moun, yon gwoup moun. Nan sans sa a lang ayisyen pale a se yon kreyòl, se kreyasyon pèp ayisyen.

Istwa nou rakonte nèg ki te soti an Afrik vin bourike pou fè blan rich nan koloni an te oblije goumen pou kreye yon lang tout esklav diferan tribi t ap ka konprann. Lang sa a yo kreye a, yo fòje a rele kreyòl. Depi lè a kreyòl la te deja sèvi kòm siman ki soude chak esklav, chak gwoup esklav youn ak lòt. Se yon mwayen esklav te sèvi pou kominike. Kominikasyon an te fèt avèk omwen de (2) zouti: lanbi pou sonnen rasanbleman; pawòl kreyòl pou fè deba, pou motive. Se gras ak kreyasyon lang kreyòl ki te pèmèt tèt ansanm ki abouti nan revolisyon ayisyen an. Revolisyon ayisyen an konsakre libète esklav yo an 1804. Donk lang kreyòl la se yon zouti, yon zam pou kenbe lit la ant klas ki fò ak klas ki fèb la. Klas fò a fò paske se ladan li ou jwenn moun ki posede tout bagay anba tè a, anwo tè a nan peyi a, ki gen relasyon ak etranje, ki kapab achte lanmò, bay lavi. Klas fèb la se ansanm moun yo, pèp la ki pa posede anyen, ki gen tout bezwen, ki san rele san reponn yo. Kreyòl la se byen pèp la. Se lang sa a li pale soufrans li, li di lajwa li tou.

Kijan pèp la sèvi ak kreyòl?

Pèp la abite tout espas 27,750 kilomèt kare a. Entelijans li fè li itilize lang kreyòl la sou fòm ekri ak sou fòm pale. Nan volonte sila a ki kreye moun yo, se pawòl li voye devan pou transmèt brase ki fèt nan sèvo a. Pèp ayisyen pale kreyòl epi dapre bezwen li, li repwodui pawòl la sou papye. Donk li ekri sa li panse a. Li pale jan li vle, li di sa li panse selon yon aranjman mo li gen pou li anplwaye yo.

Moun ki konn li yo sèvi ak kreyòl pou pale ak lòt, ak pèp la. Yo di Napoléon Bonaparte te ekri yon mesaj an kreyòl ayisyen pou li te pale ak ansyen esklav Sendomeng. Te gen yon kolon, Mahotièr, ki te konn ekri an kreyòl santiman li, jalouzi li pou yon ti peyizàn laplenn. Men kijan kreyòl ekri sa a konn pase anba plim moun save yo, moun ki sèvi avèk lang franse a?

Yo chita sou franse a: semantik franse, mòfoloji, òtograf franse, leksik franse pou fè fraz pou di sa yo bezwen di a. pa egzanp yo ekri: «l'heur la rive pou commencé pratique'r l'amour». Moun yo ki pale kreyòl sèlman ap konprann mesaj la lè yo fin li l. Men se pa an kreyòl mesaj la ekri. Kreyòl la ap ekri pito: «Lè a rive pou kòmanse pratike lanmou». De (2) tip ekriti sa yo fè parèt de (2) kan. Youn anfas lòt.

Anpil liv ekri avèk volonte sa a pou ekri jan yo renmen, paske yo p ap trayi. Nan tèt anpil ayisyen se nèg sòt ki pale kreyòl. Yo konpare lang kreyòl la avèk tèt kanna. Lang kreyòl la pa ka trete tout ka, ni itilize tout kote.


Kaye Akademi An

Dessalines, Anperè Ayiti te bay tout moun menm dwa nan sosyete a. Mank respè a ki soti bò klas fò a akouche yon konba paske lang kreyòl la, kreyòl an jeneral, ap souffri, li vle fòk li kontinye egziste. Pou egziste gen yon enstitisyon ki te kreye sou presyon Ayisyen ki deside pou bay kreyòl la fòs la, ki rele Akademi Kreyòl Ayisyen. Misyon li se fè lang nan rive nan nivo pi wo a. Malgre Leta pale, nou konstate nan menm Ayisyen ki ap ekri yo yon fòm lit sou baz règ pou ekri kreyòl. Pa gen diskisyon sou pale kreyòl: kontraksyon, asimilasyon, ipèkoreksyon nou jwenn sitou nan domèn pale a poze pwoblèm nan kreyòl ekri.

Malgre Minis Joseph C. Bernard te travay pou amonize kreyòl ekri pandan li te eseye ansèyman kreyòl nan lekòl, plizyè direktè te refize mete règleman Leta yo an pratik. Se batay ant pèp la ak Leta, ant gwoup. Vle pa vle pèp la santi li alèz nan lang kreyòl la. Men Ayisyen yo pi kwè nan lang franse. Atitud ipokrit sa yo, se youn nan rezon lit la.

Akademi Kreyòl Ayisyen kreye pou rezoud pwoblèm ki nan lang kreyòl la. Tout Akademisyen yo dwe kenbe nan sèvèl yo se nan konba yo ye, konba sa a ki mande volonte, konesans, konviksyon, angajman.

Gesner JEAN-PAUL
Akademisyen
1^e novanm 2024



Gesner JEAN-PAUL

Akademisyen **Gesner JEAN-PAUL** etidye lengwistik nan Fakilte Lengwistik Aplike. Li se pwofesè, otè liv pou anseye lekòl. Akademisyen Jean-Paul se yon gwo defansè lang ak kilti kreyòl

**SOUVERÈNTE LENGWISTIK, DÈNYE
WÒCH DIFE SOUVERÈNTE LETA PEYI
AYITI**

Jean Grégory CALIXTE

Se yon tèks ki elabore nan okazyon entévansyon Akademi
Kreyòl Ayisyen nan kad deba k ap fèt nan Chè Dwa
Konstitisyonèl Monferrier Dorval la nan lokal Ofis
Pwoteksyon Sitwayen (OPC)

De mo silvoulè

Tout moun ki pran yon tan pou yo reflechi sou lavi an jeneral, y ap rive dakò nètalkole ak verite sa a : lavi oubyen legzistans se chanjman. Dayè depi plis pase 2500 an, genyen yon filozòf grèk, Eraklit, ki te deklare : « *pèsonn pa janm travèse menm rivyè a de (2) fwa* ». Men, depi finisman premye mwatye 20^{èm} syèk la, limanite antre nan yon dinamik chanjman san parèy ki gen tandans pou li boulvèse fondasyon sosyete nou yo, peyi nou yo, kilti nou yo e menm sa moun genyen kòm valè ak idantite pèsonèl.

Nan kòmansman dezyèm mwatye syèk pase a, gen yon seri aksyon lòn pral poze e ki pral chanje lavi moun sou tè a. Men kèk nan yo : Nan dat 25 jen 1945, yo pral vote chat nasyonzini an. Aprè dezyèm gè mondyal la (se premye konfli ame ki pral gen konsekans sou tout senk (5) kontinan yo monn nan pral fann an de (2) blòk; blòk Lwès ki gen Etazini nan tèt li epi blòk Lès la ki gen kòm majòjon Inyon Repiblik Sosyalis Sovyetik (URSS nan lang franse); se sa

Kaye Akademi An

ki pral bay lagè fwad la (gè frèt oswa gè ideyolojik ki pa gen tire kout zam).

Nan menm peryòd la, limanite pral fè yon pakèt pwogrè syantifik ak pwogrè teknolojik ki pral transfòme divès fason moun fonksyone, tankou : vwayaje (sou tè, sou lanmè, nan lezè e menm nan lespas sidèral la), fè kòmès, travay (endistriyalizasyon, enfòmatisasyon ak wobotizasyon), kominike (telegraf, telefòn afil, telefòn san fil, entènèt), manje (manje biyo, manje OGM¹), epi abite zòn yo (zòn vil yo ap vini pi gwo e yo menm pale de vil entèlijan tou).

Mete sou sa, sosyete nou yo vin ap devlope yon seri tandans pou yo ta kraze tout fòm diferans ki ta gen rapò ak sèks, fanm ak gason vin ap gen menm dwa e depi kèk tan, nan anpil peyi, menm konsèp fanmi an ki te chita sou maryaj de (2) endividi ki pa gen menm sèks vin ap chanje.

Sa ki pi enteresan toujou, pwogrè k ap fèt nan branch lasante vin lakòz gen : mwens timoun ki mouri anbazaj, plis moun viv pi an sante e plis moun viv pi lontan tou. Nan faz sa a, li bon pou nou sonje yon pawòl yon gran sosyològ franse, Alain Touraine, te di : « ***Chanjman pa chita sou pwogrè sèlman men, chanjman chita sou dekonpozisyon ak kriz tou*** ».

An reyalite, nou ka wè : tout pil pwogrè sa yo trennen yon pil move konsekans sou lanati, sou anviwònman an, sou klima a, sou eta sante planèt tè a menm, san konte efè negatif yo genyen sou lavi nan fanmi yo epi sou lavi ak

¹ OGM, nan lang franse a lèt sa yo vle di Organisme Génétiquement Modifié (an kreyòl òganism ki gentan modifye depi nan fòmasyon li)

òganizasyon sosyete nou yo. Epi kounye a menm, sa yo te rele Eta-nasyon an prèske pa egziste ankò. Kouman, nan kontèks sa a, nou kapab pale de yon sijè, tankou : **« Souverènte Lengwistik dènye wòch dife souverènte nasyonal la »** ? Depi plizyè deseni, koze **souverènte a** tounen yon blasfèm nan je anpil entelektyèl, pansè ak ideyològ k ap fè lwanj (apoloji) pou mondyalizasyon, mache lib ak multilengwis, nan yon monn ki vin ap panche yon sèl bò, bò « loksidan »!

Ki Leta ? Epi ki Souverènte Nasyonal ?

Jan sosyològ la di l la, chanjman yo mache ak dekonpozisyon ansanm ak kriz e youn nan konsekans chanjman sa yo, se dekonpozisyon fòm Leta yo rele Eta-Nasyon an e ki konekte ak yon bann kriz ki vin gen plis koulè entènasyonal. Sa vle di : depi kèk tan, gwo peyi yo sitou pase atravè yon rezo òganizasyon ak enstitisyon entènasyonal, pou yo enpoze lide yo, vizyon yo, mòd fonksyonman yo ak enterè yo. Anvan nou ale pi lwen, li enpòtan pou nou sonje sa y ap rele Eta-nasyon an e ki vin tounen Leta a : se yon vizyon oubyen yon lide ewopeyen (oksidantal) ki konsène fason yon seri pèp chwazi òganize yo pou yo jere tèt yo nan sans byen komen an. Dapre sa nou sot di la a: genyen twa (3) eleman ki defini sa yo rele Leta a : 1) eleman teritwa a (yon espas tè, anba tè a, espas ayeryen an ak espas dlo teritoryal yo) ; 2) eleman demografik la (popilasyon an) ak 3) eleman politik la (fòm gouvènman an). Yon fwa eleman sa yo la, kounye a, ou kapab pale de souverènte a ki tounen reyalite apati kapasite yon Leta genyen pou li bay tèt li yon seri lwa, pou li aplike lwa sa yo epi fè aplike lwa sa yo tou.

Kouman Leta montre li souverèn (li granmoun tèt li) ?

Leta montre li granmoun tèt li lè li gen kapasite pou li kontwòle sekirite eksteryè li (diplomasi ak lame), sekirite enteryè li (lapolis ak lalwa), lajistis ak finans peyi a (lajan /deviz, enpò ak kontwòl mache finansye li yo).

Anplis, li dwe gen pouvwa/konpetans pou li kondui politik edikasyon, politik sante, politik sosyal li yo (chomaj, lojman, travay, sekirite sosyal) epi li dwe an mezi jere sistèm enfòmasyon li yo, anviwònman an oubyen kilti a. Pou Leta peyi yo fonksyone an granmoun tout bon, òganizasyon Nasyonziini vini ak prensip « non enjerans » lan, prensip ki entèdi yon Leta kèlkonk foure bouch nan zafè yon lòt oubyen monte sou teritwa yon lòt Leta. Youn nan fenomèn ki make peryòd ki enterese nou la a, touswit apre gè mondyal la, se fenomèn entènasyonalizasyon an, kote jesyon divès eleman, tankou : konfli, komès, finans, mòd pwodiksyon, sante, edikasyon, echanj byen ak machandiz, sikilasyon moun, eks... tou sa pral pase anba kontwòl òganizasyon entènasyonal yo (ONU, UNESCO, OIT, OMC, BM, FMI, OMS/OPS, OEA, UE, OCDE), san konte gran blòk mache komen yo (UE, ZLEA, AZEA, KARIKOM, BRICS, G8, G20, Bulderberg, Davos) ets... mete sou sa, vin gen yon seri gran miltinasyonal nan petwòl, nouvo teknoloji, finans, ets... ki konn pi puisan pase Leta yo menm (FMI, Bank mondyal, paregzanp), e lè yo bay dikta yo, se pou dirijan peyi yo obeyi.

E an reyalyte kouran mondyalis sa a ki chita sou koze mache lib la, se yon kouran ki pa danse kole ak koze tankou : souverènte, pwoteksyonis, fwontyè, mouvman nasyonalis, otonomi ak kèlkeswa fòm ideyoloji politik ki

Kaye Akademi An

anti-globalizasyon. E kòm tout sa lòm nan ap fè, li toujou bezwen yon fòm kouvèti lejitim, ebyen gwo puisans politik ak militè yo sèvi ak gwo miltinasyon yo ki makònen ak òganizasyon entènasyon pa yo, jouktan yo fini ak tout sa ki te reprezante fondman ak konpetans yon Leta souveren. Gwo pandemi mondyal KOVID 19 la se yon ilustrasyon ki demontre kouman òganizasyon entènasyon tankou : OMS gen gwo kontwòl sou jesyon sistèm sante Leta yo, lè OMS di konfinman ebyen se konfinman tout kote.

Nan kòmansman dezyèm mwatye 20^{èm} Syèk la, pa te menm gen 50 òganizasyon entènasyon, an 2017 yo resanse plis pase 300 òganizasyon entènasyon ki la pou yo bay dirijan Leta ti peyi yo tout kalite dikta. Nan sikonsans sa a, kote fenomèn globalizasyon politik, globalizasyon ekonomik, ak globalizasyon kiltirèl, pa sispann vale teren an, èske gen mwayen pou moun kontinye pale de Leta souveren oswa dwa granmoun tout pèp genyen pou li dirije tèt li, dapre enterè li epi dapre vizyon li genyen de monn lan ? Dayè, kesyon souverènte a tèlman pran frap anba pil òganizasyon entènasyon sa yo, menm gwo peyi yo oblije antre oubyen fòme blòk ekonomik ak politik, tankou : UE, BRICS, OUA, KARIKOM, oubyen nan alyans militè tankou : OTAN (Òganizasyon Trete Atlantik Nò), OTASE (Òganizasyon Trete Azi Sidès) epi dènye a se AES (Asosyasyon Eta Sahèl yo). Jounen jodi a, jan rapò ant peyi yo vin entènasyonize ak globalize, yon Leta ki pa dakò pèdi nan dwa granmoun li, p ap ka defann ak pwoteje pèp li ak teritwa li. Men kote nou ye jounen jodi a. Ki dènye ranpa Leta yo genyen pou yo montre yo genyen yon minimòm souverènte ki rete ?

Souverènte lengwistik: lejann oubyen reyalite ?

Pil ak pakèt pwogrè ki ap fèt tout boulin nan monn lan lakoz gwo chanjman nan anviwònman lengwistik mondyal la, menm jan sa lakoz genyen yon kantite espès bèt ak espès plant ki ap disparèt chak jou ki jou nan ekosistèm planèt la. Selon espesyalis nan antwopolengwistik, depi 5000 an, genyen plis pase 30,000 lang ki disparèt nan monn lan epi kounye a nou kapab kontwole ant 6000 ak 7000 lang yo ap pale sou latè. Anvan nou ale pi lwen, an nou gade sa yon lang ye. Yon lang se yon fenomèn sosyal (Ferdinand de Saussure- Introduction à la linguistique 1919) sa vle di : lang pa menm ak langaj (Fakilte pou moun pale). Se lang ki baz fondamantal tout sosyete. Lang nan pi gran pase kapasite lokitè endividyèl yo, li parèt, li evolye dapre jan sosyete a ap chanje epi yon jou li ap disparèt. Lang se prensipal sipò panse a, san lang pa gen panse. Lang nan se yon sistèm siy konkrè (son / lèt) k ap sipòte tout sistèm senbolik sosyal ki bay tout sosyete yo sa yo genyen kòm sibstans ak orijinalite.

An gwo tout lang reprezante yon vizyon monn nan, e se sa ki fè sans divèsite lengwistik la, epitou ki baz divèsite kiltirèl la ki se rezèwa patrimwàn imateryèl limanite. Li pi fasil pou nou pale de disparisyon lang yo pase pou nou pale de nesans yo. Men, sa ki posib pou nou di, tout kote ki gen yon fòm komunikasyon sosyal, w ap jwenn yon lang ki pou fasilite kesyon sa a. Nan koz ki kapab fè yon lang mouri oubyen disparèt, nou kapab site kèk, tankou :

- 1) Jenosid - yo touye popilasyon ki te pale lang sa a;
- 2) Asimilasyon – yo fòse yon popilasyon abandone lang li pou li pale yon lòt lang;

Kaye Akademi An

- 3) Yo pa pale lang sa a ankò, tankou : ansyen grèk oubyen laten;
- 4) Lang ki pi gwo yo bwè pi piti yo;
- 5) Lang nan sèvi pou kèk sitiyasyon kominikasyon sosyal espesyal tankou : kominikasyon entèpèsònèl, kominikasyon famiyal oubyen relijye, men li pa sèvi pou pyès kominikasyon enstitisyonèl.

Daprè yon gran lengwis franse, Claude Hagège : jounen jodi a gen yon lang ki ap mouri chak kenx (15) jou, sa vle di 25 lang konsa ap disparèt anvan syèk sa a fini. E dapre antwopolengwis yo, pou yon lang gen chans pou li kontinye viv fòk lang nan se :

- 1) yon lang ekri, sa vle di li gen yon òtograf;
- 2) yon lang ofisyèl oubyen ko-ofisyèl, sa vle di li gen yon teritwa, yon eta;
- 3) yon lang plis pase 10 milyon lokitè pale, sa vle di : li gen yon teritwa oubyen yon Eta;
- 4) yon lang yo pale nan plizyè teritwa, sa vle di li se yon lang entènasyonal.

NB : *An nou tou di sa : lang kreyòl la ranpli tout kondisyon ki garanti li kòm youn nan lang ki dwe gen lavi long.*

Pil ak pakèt chanjman ki ap fèt yo vin lakoz yon fenomèn lengwistik nouvo : nan peyizaj lengwistik mondyal la, vin gen yon lang yo kapab konsidere kòm yon lang «inivèsèl» yon lang veyikilè oubyen yon **lingua franca**, yon lang yo itilize prèske tout kote nan monn lan ak nan tout òganizasyon entènasyonal epi mete sou sa, li se lang moun plis itilize nan devlopman ak itilizasyon nouvo zouti teknoloji ak enfòmasyon yo.

Kaye Akademi An

Rezon an, lang angle a genyen gwo bwa dèyè bannann li, tankou peyi Etazini, ki se pi gwo puisans militè, ekonomik ak kiltirèl nan monn nan (film, mizik, mòd, manje, estil vi), eks. Genyen de (2) gwo òganizasyon entènasyonal ki tradui tout puisans lang angle a genyen an, se Nasyonzini kote menm lè gen sis (6) lang ofisyèl, òganizasyon sa a prèske fonksyone nan lang angle sèlman. Epi genyen Inyon Ewopeyen kote yo tradui deba yo, men tout tèks ekri yo an angle. Konsa menm, gen yon depite ewopeyen franse, Emmanuel Morel, ki deklare: *«Le débat en plénière est traduit, mais tout le reste est monolingue. Si vous n’êtes pas angliciste, vous ne pouvez pas travailler»*. An bon kreyòl, depite a di: «Si ou pa gen angle sou ou, ou p ap regle anyen». Lafrans, Itali ak Espay pote plent nan lane 2022 ak 2023 devan tribinal ewopeyen akòz se ak tèks angle yo sèvi pou yo fè rekritman anplwaye pou Palman Ewopeyen an.

Poukisa tout batay sa yo ? Se paske, lè yon peyi oubyen yon pèp adopte lang yon lòt pèp, li tou deside adopte vizyon pèp ki mèt lang nan, e konsa li tou bay pèp sa a mete yon pye sou kou li.

Chodyè prete pa bouyi pwa kongo sèch

Si nou ta pran sosyete peyi Ayiti epi nou mete li anba yon mikwoskòp, epi nou bay chak espesyalis nan diferan disiplin bay dizon li sou ki pwoblèm ki pi grav peyi sa a genyen; edikatè yo t ap di se pwoblèm edikasyon, ekonomis yo t ap di se yon pwoblèm ekonomi, doktè yo t ap di se moun yo ki malad epi lengwis yo t ap di: si nou

Kaye Akademi An

bezwen fè dyagnostik sitiwayon Ayiti, se pou nou fè dyagnostik sosyolengwistik Ayiti. An nou fè yon koudèy sou jenèz istwa lengwistik peyi Ayiti rive jounen jodi a. Istwa lengwistik peyi Ayiti konplike anpil, Pou kòmanse, nou kapab di tè Ayiti a se te espas rankont pi fò pèp ki te soti Afrik Lwès: Ginen, Dawome, Kongo, ak lòt peyi ki te gen plizyè referans kiltirèl tankou: Banbara, Bantou, Fang, Fon, Yoruba, Malinke, eksetera. Chak gwoup kiltirèl sa yo te gen pwòp lang pa yo e esklav ki te soti nan zòn sa yo te rive nan koloni an avèk lang manman yo byen fèt nan tèt yo, epi yo vin kwaze ak lang endyen yo (pandan 20 premye lane istwa esklavaj la: 1503- 1530 yo) epi yo vin rankontre avèk lang ewopeyen yo, (panyòl, franse, angle). Menm lè sosyete kolonyal Sendomeng nan te òganize an klas fèmèn (blan, milat, nèg), vle pa vle, t ap toujou gen nesite pou eleman divès gwoup sosyal yo kominike antre yo, epi pou yo kominike youn ak lòt.

Men, lè nou konsidere ka Sendomeng pi espesyalman, 1625-1791, kouman fè pa genyen youn nan lang ki te deja la yo ki ta rive tounen yon lang veyikilè oubyen yon **lingua franca** nan espas kolonyal la? Menm lè te gen yon jefò kolon yo te toujou fè pou yo gaye afriken ki soti nan menm etni nan divès zòn, yon manyè pou yo te evite konsantrasyon moun menm etni nan yon menm zòn, epi pou yo anpeche gen twòp kontak ant afriken ak afriken. Kouman lang kolon an (panyòl oubyen angle pa rete kòm lang nasyonal?

Tè Ayiti a te vin tounen yon kafou kote tout kominote ki pale diferan lang ki nan diferan fanmi lang t ap viv ak kominike ansanm, menm lè pa te janm gen rapò zanmitay, rapò solidarite oubyen rapò bon vwazinaj ki te egziste antre

Kaye Akademi An

yo. Aprè lendepandans, te toujou gen plis nèg bosal pase nèg kreyòl nan koloni an (57% kreyòl, 63% bosal) e malgre sa, lang kreyòl la rive enpoze li kòm lang nasyonal pandan tout egzistans peyi Ayiti, malgre lang franse, yon eritaj kolonyal, te toujou reprezante lang dominan, lang savwa, lang moun eklere ak lang moun gwo zouzoun ak gwo palto.

Malgre edikasyon an te fèt nan lang franse sèlman rive jouk nan finisman 20^{èm} syèk la (Joseph C. Bernard, 1980) lang franse a toujou rete lang yon ti ponyen moun zuit pale nan peyi Ayiti. Gen yon rezon nou avanse pou sa : menm lè nèg, milat ak blan t ap evolye ansanm nan koloni Sendomeng, sistèm sa ki te chita sou eksplwatasyon, rasis, vyolans ak divizyon te tèlman sovaj ak kriminel, sa te fè Nèg afriken nan Sendomeng te gen degoutans pou tou sa ki te fè yo panse ak blan kolon an, menm lè yo t ap pran pòz katolik yo, menm lè yo te pran pòz imite mòd pale blan an e menm lè yo te konn met rèss rechanj blan an epi manje rèss bav mèt la. Lang kreyòl la te tounen yon kachèt pou Nèg nwè nan Sendomeng kontinye danse vodou, chante mizik yo, pale sou jan yo te konn ap viv nan Lafrik Ginen, ranje tout fòm konplo nan bab Blan an, epi pase blan mannan nan rizib kont yo. Mete sou sa, lang kreyòl la toujou reprezante chwal batay pèp Ayisyen nan tout moman listwa li. Menm si lang franse toujou rete lang dominan an, lang administrasyon, lang kominikasyon enstitisyonèl, lang edikasyon, lang lajistis epi sèl lang ofisyèl reyèl tout gouvènman ki pase nan peyi Ayiti jouk jounen jodi a.

Yon gran lengwis Ayisyen, Iv Dejan, toujou repete sa: lè w ap pale de kreyòl ak entelektyèl ayisyen, yo menm pran pòz moun sòt yo pou yo montre yo pa konprann. Etranje ak entelektyèl ayisyen toujou fè konprann Ayiti se yon peyi

Kaye Akademi An

frankofòn ; epoutan, Ayiti pa gen 10% moun ki pale franse ladan li. Konsa se Ayiti ki peyi frankofòn, men peyi sa yo tankou : Almay (12,3% frankofòn), Itali (11,8% frankofòn), Wayòm Ini (11,8%) ak Ejip ki gen 17% frankofòn, youn nan peyi sa yo pa peyi frankofòn. Pou kounye a, se sèl nan lekòl la lang kreyòl ayisyen an fè yon ti pwogrè : yon mouvman ki koumanse avèk refòm Joseph C Bernard a, apati 1981. Malgre gwo rezistans, lang kreyòl ap anseye nan klas tèminal, NS1 rive NS4.

Pou nou koupe kout mete nan makout, men kòman reyalite lengwistik la ye : si ou deside mache epi vizite tout rakwen nan peyi Ayiti, ou gen dwa pa janm tande yon ti koze an franse ki ap pale nan lari, ki pou ta fè ou di Ayiti se peyi frankofòn. Konsa tou, lè w ap mache epi vizite tout rakwen nan peyi Ayiti, sèl chans ou kapab genyen pou li yon koze ki ekri an kreyòl, ki pou ta fè w di : Ayiti se yon peyi kreyolofòn vre, se devan oubyen dèyè kamyonèt.

Kòman pou yon ras moun ki grandi nan yon kilti, nan yon lang ak yon sivilizasyon ki egziste depi plizyè lane ta kapab abandone bagay sa yo ki reprezante chapant idantite li kòm nèg, nègès ayisyen epi pou li ta vin adopte lang, relijyon ak kilti yon lòt ras moun (ras blan ewopeyen) ki pa te vle wè li ak je, ki te jis konsidere li kòm yon bann zannimo ki genyen kòm sèl valè : bourike pou kolon mennen bèl lavi san swe.

Menm jan ak anpil Ayisyen, lang kreyòl gen batistè

Genyen ant 6000 al pou 7000 lang yo pale nan 193 Eta ak kèk lòt peyi ki sou kont lòt peyi, se pou sa nou kapab konte

Kaye Akademi An

kantite peyi ki gen yon sèl lang sou dwèt nou: Repiblik Dominikèn, Repiblik Kiba, Fenlann, Kore Dinò...

Aprè sa, tout rès peyi nan monn nan gen de (2) lang pou pi piti, swa yo gen yon lang ofisyèl ak plizyè lang nasyonal, swa yo genyen plizyè lang ofisyèl. Nan ka Ayiti, peyi sa a genyen de (2) lang ofisyèl, men se kreyòl la ki lang nasyonal ak lang ofisyèl an menm tan.

Depi 1805 pou rive 1987, peyi Ayiti pase 22 konstitisyon, san konte konstitisyon 1801 an, men se nan konstitisyon 1918 la (atik 24) otorite Leta yo pral pale de lang, e konstitisyon sa a pral rekonèt peyi Ayiti gen yon sèl lang ofisyèl, yon fason pou okipan ameriken yo te kalme entelektyèl Ayisyen yo ki te pè pou lang angle a pa vin ranplase franse an Ayiti. Lòt konstitisyon ki vin pale de lang, se konstitisyon 1964 la ki deklare nan atik 35 lan : *« lang franse se lang ofisyèl e lang kreyòl se lang nasyonal e se lalwa ki va fikse kouman ak ki kote pou yo sèvi ak lang kreyòl la pou yo pwoteje enterè moun ki pale franse yo »*. Epi atik 5 konstitisyon 1987 la deklare: *« sèl lang ki simante tout pèp Ayisyen an se lang kreyòl. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl peyi Ayiti »*. Menm jan Ayisyen renmen di sa : *« konstitisyon se papyè e bayonèt se fè »*. Se vre lang kreyòl la fè yon gwo pa gras ak vòt pozitif konstitisyon an te resevwa nan referandòm 29 mas 1987 la, men, klas moun ki genyen tout avantaj ak privilèj yo, oubyen puisans etranje ki gen tout avantaj yo, e ki kenbe sitiyasyon lengwistik la jan li ye a nan peyi Ayiti, pa t ap janm bay legen akòz vòt sa a. Moun ak puisans sa yo kontribiye nan kreye kondisyon pou lang kreyòl la pa jwenn plas li merite a nan peyi a, sa vle di pou li rive jwe wòl ko-lang ofisyèl la.

Kaye Akademi An

Aprè lwa 7 avril 2014 la ki mete kanpe Akademi Kreyòl Ayisyen, sèl lwa ki pibliye nan 2 lang ofisyèl yo, otorite nan peyi Ayiti (Pouvwa Egzekitif kou palman) poko janm pran yon lwa sou lang peyi Ayiti. Tout dwèt se dwèt men yo pa gen menm longè. Youn nan eleman enpòtan pou nou konsidere lè nou ap fè refleksyon sou lang, se pwen sa a: **tout lang se lang, pa gen lang ki pi lang pase yon lòt lang e sa yon lang fè, tout lòt lang ka fè li tou.** Menmsi sou plan sosyolengwistik ou kapab di gen ti lang ak gwo lang, gen lang domine ak lang dominan, gen lang ofisyèl ak sa ki pa ofisyèl, gen lang vènakilè, gen lang veyikilè.

Ou ka menm di gen lang ki pi rich sou plan leksik, kantite mo ak kalite mo, pase yon lòt. E ou ka menm antre nan sa yo ap rele nivo lang: langaj soutni, langaj familye, langaj vilgè eksetera...Tout sa eksprime pèsepsyon sosyete a genyen sou lang an jeneral. E moun ki ap reflechi sou koze lang fè konnen: lang se poto mitan idantite kiltirèl yon pèp, sa vle di se lang ki tradui tout sa yon kominote genyen kòm mantalite, vizyon, kwayans, santiman, valè tout kalite ak filozofi yo genyen an komen. Se poutèt sa gen moun ki konsidere lang tankou yon zam politik epi tankou yon zouti pou yo enpoze vizyon yo ak valè yo bay lòt kominote ki ap itilize lang yo a. Se youn nan rezon ki fè gouvènman peyi Lafrans kreye OIF (Òganizasyon Entènasyonal Frankofoni) nan Nyame, nan peyi Nijè (Afrik), yon fason pou li bloke lang anglè a ki t ap vale teren toupatou, epi OIF kanpe dèyè koze divèsite lengwistik la tou pou li eseye bare lang angle a tout kote. Paske lang angle a se prensipal zam Etazini itilize pou li tabli yon dominasyon kiltirèl ak yon dominasyon ideyolojik nan monn nan, paske ideyològ *Wachintong* yo rekonèt "ou ka domine yon pèp ak lafòs

Kaye Akademi An

pou yon bout tan, men ou ka domine li pou tout tan depi w rive domine li sou plan lengwistik ak sou plan kiltirèl". Konsa Lafrans mennen batay pou pwoteksyon lang franse a, sa vle di : valè franse yo, kilti franse a, imaj Lafrans an jeneral. Eta franse kreye enstitisyon, tankou:

La délégation générale de la langue française et des langues de France, l'académie française, l'association de défense de la Langue française, l'association Avenir de la langue française, oui je parle français dans mon entreprise, maison de la francité, l'organisation Internationale de la francophonie, l'agence universitaire de la francophonie (AUF), l'association de défense des français, Portolingu, Association diversum, Alliance Champlain, etc...

San konte RFI ak rezo enstiti franse ak Alyans fransez. E lang franse a pa sispann pèdi pye devan fenomèn lengwistik yo rele enperyalis lengwistik lang angle a, kote gen yon lang k ap domine lavi entènasyonal nan yon seri domèn kle tankou : domèn politik, domèn diplomasi, domèn militè, domèn komèsyal, domèn finansye, domèn medyatik, domèn syantifik, domèn kiltirèl eks... E se fòs lang angle a nan peyi End ki te tèlman fò ki fè Mahatma Ghandi te deklare: « *pi plis lontan pase kolon angle yo, se anglofòn pa nou yo ki lage peyi nou an (End) nan esklavaj* ».

Tout pèp ak tout eta peyi yo konprann nesite pou yo defann lang yo pale a kòm sèl espas ki rete yo pou yo kapab ranfòse sa yo genyen kòm idantite, epi defann ak fè pwomosyon pou idantite sa a. E nou menm pèp Ayisyen ak

Kaye Akademi An

gouvènman Ayisyen, ki pozisyon ak mezi n ap pran pou nou pèmèt lang manman nou an pa disparèt nan fal gwo pwason lengwistik nan monn jounen jodi a ?

Fèmen baryè anvan kabrit antre vin manje jaden

Michel Serres, yon filozòf ak akademisyen franse, deklare: *«lè yon lang mouri, se yon vizyon limanite te genyen sou monn nan ki disparèt. Lè yon lang mouri, li tou ale ak yon kilti, yon filozofi, yon fòm panse ak yon mòd panse tout yon kominote, e se limanite ki vin pi pòv. Konsa, depi yon lang pèdi kapasite pou li di tout bagay, lang sa a mouri debou e li ap disparèt kanmenm».*

Dapre deklarasyon sa a, nou tou wè yon lang pa yon jwèt, yon lang se nanm yon pèp, se gras ak kanal sa a, transmisyon idantite yon pèp pase jenerasyon an jenerasyon. Mete sou sa, lang se baz youn nan dwa ki pi enpòtan apre dwa lavi a, dwa pou moun fè konnen: sa ki nan panse li ak nan kè li, dwa pou li di sa ki ap fè li mal epi sa ki ap fè li byen. Epi lang nan reprezante fondasyon de (2) lòt dwa : dwa pou moun jwenn edikasyon epi dwa pou yo jwenn tout kalte enfòmasyon nan lang yo.

Se rezon sa a ki fè Oganizasyon Nasyonzi, UNESCO ansanm ak plizyè gwo òganizasyon rejyonal pa sispann pran yon seri konvansyon entènasyonal ak trete entènasyonal sou dwa lengwistik ak pwoteksyon lang minorite yo, tankou :

- 1- 1948- Oganizasyon Nasyonzi: Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun;

Kaye Akademi An

- 2- 1966- Oganizasyon Nasyonzini: Pak Entènasyonan sou dwa sivil ak dwa politik;
- 3- 1966- Oganizasyon Nasyonzini: Pak Entènasyonan sou dwa ekonomik, dwa sosyal ak dwa kiltirèl;
- 4- 1969- Oganizasyon Nasyonzini: Deklarasyon sou dwa moun ki fè pati minorite sosyal oubyen minorite etnik, minorite lengwistik oubyen minorite relijye;
- 5- 1996- UNESCO ak ansanm òganizasyon nan sosyete sivil la – Deklarasyon Inivèsèl dwa lengwistik (Deklarasyon Baselòn);
- 6- 1969- Oganizasyon Eta Ameriken (OEA): Konvansyon Ameriken sou dwa moun.

Lis sa a pa genyen tout kalite lòt trete ak akò entènasyonan gwo òganizasyon rejyonal yo pran sou pwomosyon, pwoteksyon ak defans dwa lengwistik tout pèp, espesyalman lang minorite yo ki reprezante 80% al pou 90% lang ki dwe disparèt anvan lontan yo.

Chat Nasyonzini an deklare nan atik 103 li a: *«Depi ta gen konfli ant lwa nasyonan yo ki manm Nasyonzini ak dispozisyon ki nan Rezolisyon, Akò ak Trete Nasyonzini yo, se prensip ONI yo ki ap pase e yo ap oblije pase men nan lwa nasyonan sa yo»*. Sa se yon gwo kou pou souverènte Eta-peyi yo, menm lè gen yon arè Lakou Pèmanan Jistis Entènasyonan la pran nan dat 17 Dawou 1943, li deklare: Obligasyon Eta-peyi yo genyen pou yo respekte dwa ak desizyon entènasyonan yo pa wete anyen nan dwa pou yo dirije tèt yo selon lwa yo deside bay tèt yo pou sa.

Sou baz sa a, nou kapab di: genyen yon baz legal ki tabli kad jiridik sou lang kreyòl la nan peyi Ayiti akoz

Kaye Akademi An

obligasyon Leta Ayisyen genyen pou li respekte tout Akò ak Trete entènasyonal li siyen ak ratifye yo. Yon lòt bò, gen Konstitisyon ayisyen 1987 la ki fikse estati ak fonksyon de (2) lang yo: lang kreyòl ak lang franse nan atik 5 lan. Nan atik 213 la, li kreye yon enstitisyon, Akademi Kreyòl Ayisyen, ki pou “fikse” lang kreyòl ayisyen an epi ede li devlope sou yon baz syantifik. Epi nan atik 40 lan, Konstitisyon an fè Leta egzijans pou li pran tout dispozisyon pou li bay popilasyon ayisyen an tout enfòmasyon ki konsène lavi piblik la ak fonksyonman Leta a nan lang kreyòl. Men, malerezman, poko genyen ankenn lwa aplikasyon ki mache ak atik sa yo, esepte lwa sou Kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an (atik 213).

Sa ki sèten Konstitisyon an tabli yon baz legal ki konsène yon seri dwa lengwistik pèp ayisyen genyen, men poko gen yon lejislasyon jiridik ki konsène: estati lang yo, itilizasyon de (2) lang an prezans yo, e ki ta tabli yon ansanm dispozisyon sou: pwomosyon, defans ak pwoteksyon pou youn nan de (2) lang yo, lang kreyòl ayisyen an, apati kèk dispozisyon legal ak jiridik ki fèt pou sa.

Se nan menm sans sa a, desidè politik yo ta kapab anvizaje posiblite adopsyon yon dokiman ki poze fondasyon yon politik amenajman lengwistik pou peyi Ayiti e ki dwe ede oswa pote solisyon pou pwoblèm kominikasyon lengwistik ak pwoblèm kominikasyon enstitisyonèl ki egziste yo. Absans yon lejislasyon lengwistik ki ta dwe mache ak yon politik amenajman lengwistik louvri baryè pou yo kontinye vyole dwa lengwistik sitwayen yo, pou pratik kominikasyon piblik yo kontinye fèt san respè pou Konstitisyon an, pou peyizaj lengwistik la pa reflète

Kaye Akademi An

reyalite lengwistik ki egziste a, pou lang san pou san pèp ayisyen an vin pase pou lang minoritè epi pou lòt gwo lang yo (angle ak panyòl) kontinye anvayi espas lengwistik ayisyen an, mete sou tout plas lang franse deja okipe a.

Tout moun jwenn

Nan kòmansman refleksyon sa a, nou te prezante twa (3) prensipal eleman ki kapab pèmèt yon moun defini yon Eta: (1) nasyon (yon kominote moun ki dakò viv ansanm epi fonksyone anba menm lwa); (2) teritwa (yon espas jewografik ki reprezante limit espas operasyon ak entèvansyon Leta e kote lonbrik pi fò pèp la tere); (3) souverènte (pouvwa grandèt majè Leta a genyen pou li fè lwa, fè aplike lwa yo epi kontwole enstitisyon li yo kòm sadwa). Se konsa kèk gran ideyològ, gran politològ ak gran sosyològ oksidantal konprann koze sa a. An jeneral, save sa yo pa konsidere tout atachman yon popilasyon kapab genyen pou nasyonalite li, ti bout tè kote li ap viv la epi pou mòd dirijan li deside obeyi yo e ki reprezante baz sa nou rele patriyotis la, renmen pou peyi kote nou moun nan.

Se dènye aspè sa a pansè ak ideyològ neyoliberal yo pa konsidere ki fè yo ap travay san gade dèyè pou yo kontinye vanse nan lojik entènasyonalize ak globalize tout rapò ant peyi ak peyi, e menm rapò ant moun ak moun tou. Konsa, gen anpil peyi, menm sa ki fè pati G8 ak G20 yo ki nan gwo goumen pou yo wè kouman yo pa ta rive pèdi souverènte yo nèt. Kòm egzanp, nou ka pran Inyon Ewopeyèn kote se Briksèl (kote Palman Ewopeyen an ye a), ki ap kontwole: finans, agrikilti, komès, lame,

Kaye Akademi An

edikasyon, santé, endistri, enèji, diplomasi, ak menm lang pou yo itilize nan kad relasyon yo anndan Inyon an epi ak lòt peyi. Almay, Lafrans, Lespay, Itali, etsetera, tout nan menm panyen an; anwetan Angletè ki wete kò li nan Inyon an.

Sa pi grav toujou nan ka ti peyi yo, kote se gwo pisans yo, toujou atravè òganizasyon entènasyonal yo oubyen dirèk dirèk, ki ap dikte politik ekonomik ak politik sosyal yo. Ayiti pa yon ka izole.

Konsa, nan kòmansman 21^{èm} syèk la, genyen de (2) dènye eleman ki rete pou idantifye yon Eta, se (1) drapo ak lang. Jouk kounye a, se tout nasyon ki gen gwo santiman atachman pou drapo peyi yo, e sitwayen yo pa janm rate okazyon kouvri kò yo ak drapo peyi yo, sitou nan ka kote yo ap selebbre viktwa yo nan kèlkilanswa konpetisyon entènasyonal. Lè Ayisyen fè yon bèk kote sa yo menm, se pa pale.

Dènye a ki toujou rete pi gwo senbòl inite nasyonal la, potomitan idantite yon nasyon e ki charye tout sa nou genyen kòm abitud, koutim ak tradisyon, lang nan. Se lang nan ki pèmèt pèp la eksprime fristrasyon li, desiderata li, volonte li, santiman li ak kwayans li nan yon pi bon demen pou konpatriyòt li yo ak pou peyi li. Se pou sa, Almay, Lafrans, Itali ak Lespay ap goumen anndan Inyon an ak tout lòt yo pou yo pa kite lang angle a layite kò li pi plis, epi bwè lang yo a, ni nan monn reyèl la ni nan monn vityèl la (sou nèt la). E se pou sa tou, Etazini ak Angletè ap lite pou lang angle a kontinye anvayi tout espas lengwistik ki genyen nan monn reyèl la kou nan monn sibènètik la.

Pou yo fè sa, yo itilize twa (3) fòm lejislasyon lengwistik:

Kaye Akademi An

- 1- Lejislayon lengwistik defansif la, yon ansanm dispozisyon legal ki la pou yo defann yon lang oubyen yon gwoup lang;
- 2- Lejislayon ekspansyonis la, yon ansanm dispozisyon legal ki la pou yo fè pwomosyon pou yon lang epi ki pou ede nan kraze tout baryè ki kapab anpeche lang nan pran plis teritwa;
- 3- Lejislayon pwoteksyonis lan, yon ansanm dispozisyon legal ki pou pèmèt yo estandadize lang nan epi pou pèmèt lang nan gen yon devlopman sou yon baz syantifik pou li ka kanpe devan tout lòt lang.

Jounen jodi a, menas dekiltirasyon ak asimilasyon kiltirèl la rete yon gwo malèpandye sou tèt anpil peyi nan monn nan, se pou kòz sa a ki fè yo kreye yon bann òganizasyon ak enstitisyon ki ap goumen pou yo kore koze divèsite kiltirèl la ki chouke nan divèsite lengwistik la drèt dirèk. E yon pèp san kilti, se yon pèp san ideyal, se yon pèp san defans, se yon pèp zonbi e anvan lontan konsa, li gen pou li disparèt.

Tout pèp ki gen yon konsyans istorik ki byen chouke, tout pèp ki rekonèt tout enpòtans mès li, koutim li ak tradisyon li yo genyen pou li, epi tout pèp ki kwè nan yon bèl avni pou peyi yo ap toujou fè efò pou li defann ak pwoteje lang li ak tout fòs li epi ak tout mwayen posib. Se yon enperatif.

Kòm konklizyon

André Gide, yon gran ekriven franse ki te ranpòte Pri Nobèl Literati an 1947, ekri koze sa : *«Ce n'est pas le monde qu'il s'agit de changer, c'est l'homme»*. André Gide ta di sa an bon kreyòl: *«Se pa bat pou nou chanje monn nan*

Kaye Akademi An

sèlman, men moun yo sitou». Vle pa vle, tou sa ki ap viv deja enskri nan yon dinamik chanjman e pafwa se yon chanjman san pran souf ak tout boulin, jan sa ye nan syèk sa a. Kesyon an se pa ki lè chanjman ap rive, men se kouman li ap rive?

Nan tout refleksyon moun ap fè sou kèk gran tematik ki konsène òganizasyon, fonksyonman ak avni peyi nou, tankou refleksyon sou: edikasyon, sante, politik, pwodiksyon byen ak sèvis, anviwònman, kilti oubyen lang; se pou nou wè moun, sa vle di: Ayisyen (tifi kou tigason, fanm ak gason) ki gen tout kalite pwoblèm pou yo: manje, jwenn yon kote pou yo rete, jwenn bon kalite edikasyon, jwenn travay epi jwenn yon lavi miyò.

Pandan nou ap reflechi sou tout pwoblèm ayisyen genyen yo, pwoblèm nan lang nan pa dwe rete dèyè ditou. Pwoblèm lang pa yon senp pwoblèm save vant plen rete yon kote ap anlize. Kesyon lang se yon kesyon ki gen rasin li plonje byen fon nan tout yon seri lòt kesyon ki parèt pi enpòtan, tankou: Kouman fè nan 21^{èm} syèk sa a:

- Pou yon pèp kontinye ap resevwa edikasyon nan yon lang ki pa lang matènèl li?
- Pou yon pèp ap resevwa jistis nan yon lang li pa konprann?
- Pou yon pèp aksepte obeyi yon bann lwa ki pa menm ekri nan lang li?
- Pou dirijan yon pèp (Prezidan, Premye minis, minis, diplomat, direktè jeneral, palmantè) kontinye ap pale ak pèp sa a epi pou pèp sa a nan yon lang pèp sa a pa ni pale ni konprann?

Kaye Akademi An

- Pou otorite Leta poko janm deside bay peyi Ayiti yon politik amenajman lengwistik, yon mannyè pou yo mete lòd nan pratik kominikasyon enstitisyonèl nan peyi sa a?
- Pou genyen tout kantite analfabèt ak kantite iletre sa yo nan peyi a?
- Pou Ayiti toujou rete dèyè, nan ke kamyonèt devlopman an pandan peyi a gen tout pil richès materyèl ak richès kiltirèl sa a?

Koze a di: *«Baton w genyen se ak li ou pare kou»*. Nan ka pa Ayiti, ki sa Leta ayisyen genyen oubyen rete nan men li kòm zam pou li moutre li grandèt majè toujou tout bon? Ayiti gen yon ekonomi ki sou lagraba, se bòl ble ki nan men dirijan yo tout lasentjounen. Ayiti pa ka defann tèt li kont lòt peyi e li pa gen mwayen bay ayisyen ki nan peyi sa a mòso sekirite. Se lòt peyi ki ap finanse manje, sante, edikasyon pou moun nan popilasyon an. Se gwo peyi yo ki ap bay dirijan ayisyen yo dikte, lè se pa yo menm ki deside kiyès ki pou la ak kiyès ki pa dwe la nan pouvwa a. E ki sèl zouti Leta Ayisyen gen nan men li toujou, sèl lang kreyòl ayisyen an. Sèl wòch dife a. E ki sa n ap fè avè l'?

Menm jan desten chak moun chita nan de (2) pla men li, se konsa desten peyi Ayiti chita nan de (2) pla men pèp ayisyen. Se pou otorite nou yo pran tout dispozisyon legal, se pou yo adopte bon jan politik lengwistik pou yo mete lòd nan fason n ap sèvi ak lang yo nan peyi Ayiti epi se pou yo kreye tout kalite enstitisyon ki la pou yo defann ak pwoteje lang nou an kont envazyon kiltirèl ak lengwistik k ap fèt la a.

Kaye Akademi An

Nou menm pèp ayisyen, se pou nou puize nan renmen nou gen pou Ayiti Cheri nou an, se pou nou pran fòs nan sakrifis zansèt nou yo te fè pou nou an, se pou nou vire fas nou epi chouke lespri nou nan kilti nou an ki tèlman rich ak bèl, epi se pou nou chèche tout bèl enspirasyon ak lide nan kenbe lang kreyòl nou an byen di, pou nou tout mete volonte ak detèminasyon nesesè pou nou konstwi Ayiti Cheri nou tout ap reve depi lontan an.

Lang kreyòl ayisyen se nanm, zam ak bousòl pèp ayisyen, pou li kontinye trase chemen libète ak chemen jistis pou tout lòt pèp sou Latè beni.

Bibliyografi ak wèbografi

- ✓ Compilation, deux siècles de constitutions haïtiennes 1801-1987, les Éditions Fardin, Port-au-Prince, 2011
- ✓ <https://www.madinin-art.net/le-bilinguisme-de-lequite-des-droits-linguistiques-en-haiti/> Consulté le 30-08-24
- ✓ https://www.axl.cefcan.ulaval.ca/Langues/Declaration_univ-droits_ling1996.htm#:~:texDéclarationuniverselledesdroits,desindividusetdescollectivités. Consulté le 30-08-24
- ✓ Organization for Security and Co-operation in Europe <https://www.osce.org> › files › documents, consulté le 30-08-24
- ✓ <https://www.observatoireplurilinguisme.eu/les-fondamentaux/politiques-linguistiques/15379-la-notion-des-droits-linguistiques-sous-la-loupe-du-linguiste-giovanni-agresti-le-national-république-d-haiti>, consulté le 30-08-24
- ✓ <https://www.madinin-art.net/le-bilinguisme-de-lequite-des-droits-linguistiques-en-haiti/>, Consulté le 30-08-24

Kaye Akademi An

Akademisyen Jean Grégory CALIXTE
Sekreté Jeneral Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA)
Sektanm 2024.



Akademisyen Jean **Grégory CALIXTE** se pwofesè, tradiktè epi yon gwo kad nan biwo Sekreteri Leta pou Alfabetizasyon. Akademisyen Calixte suiv anpil fòmasyon nan domèn Edikasyon. Li etidye Lengwistik. Se yon potòrik gason ki kanpe tennfas nan fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen an.

DEZYÈM PATI

**LANG KREYÒL LA NAN
LITERATI EPI KÈK DISKOU**

**MESAJ KONSÈY ADMINISTRASYON
AKADEMI KREYÒL AYISYEN POU
TOUT PÈP AYISYEN AN NAN
OKAZYON JOUNEN
ENTÈNASYONAL LANG KREYÒL LA
28 OKTÒB 2024**

Onè ak Respè pou nou tout ki reponn “Prezan ” pou nou kontinye selebre Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl la. Selebrasyon Jounen sa a, chak 28 Oktòb tounen yon tradisyon nou dwe kenbe pi di nan moman sa yo la a, kote gwo puisans yo ap fè anpil jefò pou tout moun ak tout pèp ta rive panse menm jan, viv menm jan, konsome menm jan, wè bagay yo menm jan epi menm rive pale menm lang. Sa vle di : jan gwo peyi sa yo vle a epi jan ki ap bon pou yo a tou. E sa fè nan moman sa yo la a, gen kèk mo ki pa sonnen nan zòrèy pansè ak entelektyèl k ap defann oubyen k ap travay pou gwo puisans sa yo, tankou mo : idantite, souverènte, nasyonalis, otonomi, divèsite lengwistik ak divèsite kiltirèl. Pansè ak entelektyèl k ap kore mouvman ekonomik neyoliberal ak mouvman globalizasyon an, pa sispann klewonnen nan tout gran medya ak inivèsite : « Yon sèl monn, yon sèl vizyon, yon sèl ekonomi, yon sèl panse ak yon sèl gouvènman mondyal ».

Chak fwa nou ap selebre 28 oktòb, Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl, nou dwe sonje se fwi volonte ak solidarite istorik Ayiti, kominote kreyolofòn ki nan Karayib la ak sila ki nan Oseyan endyen. Jodi a, nou reyini la a nan non yon tradisyon nou pa ka trayi. 1983 – 2024, sa fè 41

Kaye Akademi An

lane lang ak kilti kreyòl gen yon Jounen pou nou kontinye fè sonje « Kreyòl pale kreyòl konprann », « Kreyòl dwe ekri pou kreyòl konprann » epi pou nou kontinye fè sonje tou « Se kreyòl nou ye ».

Karanteyen lane apre, nou ka pèmèt nou di lang kreyòl krabinen anpil baryè imajinè, defèt anpil pèlen tèt, pouse miraj anpil limit ak vye etikèt yo kole sou do li enjisteman. Karanteyen lane apre, lang kreyòl nwaye anpil prejije ragòj pou ban nou plis rezon jodi a pou nou reyafime avèk fòs lang nou kòm temwen listwa nou, dwe kontinye rakonte istwa nou. Karanteyen lane apre, ekriyen yo, atis yo, powèt yo pa sispann plonje nou nan inivè estetik lang lan atravè bèl zèv yo ap pwodui. Karanteyen lane apre, lang kreyòl ap avanse avèk asirans sou gran boulva lasyans, menm si wout la long. Karanteyen lane apre, 28 oktòb kòm eritaj solidarite ak volonte kontinye ap louvri zèl li menm andeyò espas jewografik pèp kreyolofòn yo, pou li layite li tout kote ki gen yon dyaspora kreyolofòn. Konsa, nou ap pwofite espas sa a pou nou voye yon bèl ochan pou inisyativ divès òganizasyon ki nan dyaspora ayisyen an pran pou make randevou tradisyonèl sa a, nan Kanada, Etazini, prensipalman. Se bèl bagay. An menm tan, nou panse li nesèsè pou nou gade kòman nou kapab jwenn plis enspirasyon nan bèl jès solidarite kreyòl sa a ki mete nou tout kreyolofòn opa chak Jounen 28 oktòb pou nou selebre sa nou ye jouk nan fon kè nou ak nan fon nanm nou. Jodi a, koze ki ap pale nan mond la, se globalite, mondyalizasyon, entèkiltiraliz. Nou vin konprann li gen nesèsite pou nou kreye plis espas rankont kiltirèl ak echanj entèlèktyèl pou nou ranfòse epi konsolide lyen istorik ki deja marande nou kòm pèp kreyolofòn. Gen nesèsite pou nou kontinye kreye

Kaye Akademi An

plis espas pou lang nou an nan Inivèsite, Lajistis, ak nan tout sektè ki la pou itil konsitwayen nou yo.

Eritaj 28 oktòb nou ap selebre jodi a kòm Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl, fè nou sonje chak jenerasyon gen yon dèt anvè sila yo ki dèyè. Chak jenerasyon gen yon jès siyifikatif li dwe poze pou devlopman lang sa a ki se rezèwa patrimwàn imateryèl nou. Kont nou yo, chante popilè yo, bèsez yo (dodo titit nou yo), chante sakre nou yo, mitoloji nou, kosmogoni nou, pou nou site sa yo sèlman, se nan lang kreyòl yo pale avèk nou. Mezanmi, toutotan sa nesesè, nou p ap sispann klèwonnen se yon devwa, yon nesesite pou Leta santral mete plis resous finansye pou Akademi Kreyòl Ayisyen kontinye ranpli, kòmsadwa, misyon Konstitisyon 1987 la konfye li. Kit se sou plan demografi, kit se sou plan moral, kit se sou plan istorik, peyi Ayiti gen mil rezon pou li moutre li valorize tout bon vre lang ki simante tout Ayisyen yonn ak lòt la. Enstitisyon Leta, Pati politik yo, Inivèsite yo, Òganizasyon dwa moun yo, tout sektè òganize nan peyi a, gen tout enterè pou yo antre nan won an, ak tout kò yo, san jeretyen nan batay pou respè dwa linguistik tout Ayisyen.

Lang kreyòl plis pase lang nou. Li se nanm nou. Li se idantite nou. Li se lang ki te ban nou fòs ak ranfò pou nou te batay epi rele viktwà kont lesklavaj ak lanfè kolonizasyon. Lang kreyòl se lang estrateji militè nou lè nou t ap derasinen kolonizasyon sou bout tè sa a epi plante lespwa nan kè tout pèp yo ki kontinye ap debat pou lavi ka miyò. Se vre, nou peye chè pou sa. Men kreyon listwa make se nou menm ak lang nou, ki te simen premye grenn libète ki te leve epi ki te donnen anpil fwi. Ochan pou tout

Kaye Akademi An

pèp ki gen rekonesans pou jès sa a Ayiti te fè nan kominote yo pou fòse pisans ki te ap toupizi popilasyon yo rekonèt yo se moun, nou tout se moun. E, se lang kreyòl la nou te sèvi kòm medyòm pou klewonnen pawòl libète ak idantite.

Nan 30 al 40 dènye lane sa yo sitou, genyen yon bèl dinamik literè ki ap devlope nan peyi nou Ayiti, kote lang kreyòl okipe yon plas vrèman enpòtan. Akademi Kreyòl Ayisyen ap suiv pyepoupye mouvman pozitif sa a epi pwofite felisite tout yon machin enstitisyonèl ki kontribye nan voye bon siyal sa a, tankou Mezon edisyon yo, Pri literè yo, Ajans distribisyon yo, evènman literè yo. Akademi Kreyòl Ayisyen deja lanse Pri woman kreyòl Emile Celestin Mégie ki la pou rekonpanse chak ane otè yon woman wòdpòt nan lang kreyòl. Nou pa ka pase sou silans anpil lòt enstitisyon tankou Sosyete bibliik, Jounal Bon Nouvèl ak anpil lòt òganizasyon relijye ki pote gwo kontribisyon yo tou. Nou vle pwofite okazyon jounen jodi a pou nou onore memwa tout moun ak enstitisyon ki te travay kinalaganach pou devlopman lang ak literati kreyòl, men tou e sitou ankouraje pwodiksyon divès varyete tèks nan lang kreyòl.

Ane 2024 la, Akademi Kreyòl Ayisyen ap selebre 10è anivèsè kreyasyon li nan yon kontèks sosyopolitik frajil. Anpil pwojè ki nan kouti ap souffri malerezman. Depi nan kòmansman selebrasyon mwa kreyòl la, nou te anonse yon ansanm aktivite pou make deseni an. Pandan tout mwa novanm nan pou rive desanm, nan menm kontèks selebrasyon deseni sa a, nou ap kontinye egzekite kalandriye aktivite nou te prevwa a.

Kaye Akademi An

Mezanmi! Lang kreyòl la bezwen nou tout pou li make pa enpòtan sou chemen devlopman. An nou kontinye travay pou nou moutre nanpwen lang ki gen limit si pèp ki pale lang lan deside tout bon vre pwodui bon jan zèv nan tout domèn, tankou : lasante, lajistis, literati, atizay, lakilti, diplomasi, matematik, metafizik, relijyon, elatriye.

Se tout chantye sa yo ki louveri devan nou tout. Se tout chantye sa yo ki ap tann ankourajman ak enplikasyon Akademi Kreyòl Ayisyen pou nou kontinye kenbe lit rezistans kont tout kalite lide de grenn gòch ki ta vle bare lang nan nan devlopman li. AKA konte sou nou chak. Nasyon an mèt konte sou AKA pou nou fè chemen an men nan men pou jenerasyon ki ap vini yo jwenn bon rasin ak bon baz pou yo kontinye konstui lavni. Se pandan nou ap mache nou ap ranje kò nou.

Bon fèt lang kreyòl. Bon ane selebrasyon 10è anivèsè.

Mèsi anpil.

**Konsèy Administrasyon
Akademi kreyòl Ayisyen
28 oktòb 2024**



Akademisyèn Rosilia se premye fanm ki okipe fonksyon Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen (depi 2024). Li genyen plizyè ane eksperyans kòm jounalis nan jounal Bon Nouvèl kote li pibliye yon bann tèks an kreyòl. Se yon fanm djanm ki toujou kanpe an bandisyon pou fè pwomosyon lang kreyòl la toupatou.

MAKE LIV

Iléus PAPILLON

Rezime istwa a

Mak se nonm ki konnen pi plis nan gran otè ak zèv ki make mond lan pakè. Depi Mak li yon liv, liv sa a tou make l. Sa vle di, liv sa a tou tache nan tèt li. Nenpòt ki lè Mak nan diskisyon ak yon moun, oubyen yon deba louvri, li toujou pare, li te gentan file zèpon l pou li rakonte vi ak liv nenpòt otè a. Jou Mak ta pral mouri, pi gwo regrè li te genyen se paske li ta pral kite dèyè li kèk liv li pa t gen tan li. Pami yo, *Ti dife boule sou istwa Ayiti*, Michel-Rolph Trouillot. Mak te priye zanmi li ak fanmi li yo angras pou fè tout timoun ayisyen k ap grandi konnen verite ki kouche nan liv sa a.

Make liv

Pri kamyonèt kole nan fetay kay malere. Si nou peye Leta kotizasyon, se sèlman pou fè boujwa souri. Se pou nou fè bèbèl. Se pa kounya y ap di: Leta dwe di pase lanmè. Yo di Leta siye je l ak fèy kann. Yo di Leta pa kwè nan lekòl. Yo di Leta pa kwè nan moun ki konn li, se pou sa, Leta poko janm mete yon inivèsite ki gen nen nan figi kanpe pou jenn Ayisyen etidye. Yo di tout bagay melimelo. Espwa toujou pandye nan fetay kay. Demen se yon vigil tan bliye sou pwent lang nou. Elèv lekòl bliye grangou yo sou ban lekòl. Kotidyen yo koule nan enfidelite solèy. Se pa tout lè yon istwa kòmanse ak bon sans. Sanble pi bèl kote yon istwa ta dwe demare se douvan yon machann ze, fig mi ak pistach.

Kaye Akademi An

Gen yon machann liv ki chita sou Plas Desalin, nan mitan Channmas. Li la depi anvan 1990. Se yon abitud pou tout moun ki renmen li fè yon pase kote sa, vin fè yon chap, jete yon koudèy pou gade ki tit nèf ki tonbe. Si ou pèdi yon vye kòk liv, si w ap chache gason ak fanm ki renmen liv, se anba pye Papa Desalin nan pou vin jwenn yo. Liv yo pa twò chè. Men yo pa twò nèf tou. Antouka, sa ki plis enpòtan, se rive niche lekti ladan yo. Antre nan mond ekriyen yo, se sa ki te pi enpòtan pou djo kannèl liv yo. Dekouvri kijan ekriyen yo konprann epi bwose limanite. Soti 25 rive 250 goud, ou pa ta di gen pri pou tout moun. Se likidasyon. Se piyay liv. Lesetonbe liv. Pa gen pi bèl vi pase sa pou Mak. Mouche Mak se yon plengrennen nan liv

Yon lendi maten, kòm gran lektè, kòm gason ki renmen manje liv anwo anba, adwat agoch, Mak bese pou triye liv, peze liv, gade liv, charye liv. Valiz li prèske pete, sachè nan men li boure epi tout anba bra li chaje ak liv, malgre sa, l ap ranmase toujou. Depi w pale koze liv, djakout Mak pa janm plen. Se tankou Mak gen yon twouying lakay li pou depoze liv. Tout elèv lekòl k ap pase toujou f on kanpe pou gade Mak k ap lote liv. Se yon plezi pou elèv yo gade Mak k ap fè liv jedou. Gen nan elèv yo ki pa t menm konprann pou ki sa Mak te oblije ap triye liv konsa. Gen nan elèv yo ki di si se pou yo, yo p ap nan pèdi tan plen tèt yo ak pil liv sa yo. Gen lòt ki di se paske Mak pa gen anyen pou l fè ki fè li ap manje liv konsa. Kèk elèv menm gade Mak pòtre yon moun tèt pati. Tèt vire. Tèt chire. Tèt van. Tèt bòbèch. Tèt k ale.

Konsa, Fabyèn, yon elèv ki nan klas reto vin ap pase. Lè li tande tout kalite pawòl k ap di sou Mak, li di elèv yo : « Atansyon, nou pa dwe pale konsa sou mesye a ! pa azade nou di vye koze sou moun nou pa menm konnen.» Fabyèn

Kaye Akademi An

fè yo konprann liv ka ede yo dekouvri yon bann konesans. Liv ka fè yo vizite yon bann peyi, yon bann sivilizasyon, yon bann sosyete, san yo pa menm deplase. San fè yon pa. Fabyèn fè yo konnen yon moun ki pa li, se tankou yon radyo san pil, yon machin san fren k ap glise desann sou yon tèt mòn. Fabyèn di yo lè yon moun nan chanm ou epi ou plen liv toupre w, se tankou ou te gen vwa yon bann otè tou pre w. Otè yo ka pale avè w lè w deside. Se maji sa a ki kache nan lekti. Se sekre sa a anpil moun poko janm ka dekouvri. Lekti se sewòm pou lespri. Fabyèn fè elèv yo konnen menm jan vant moun dwe resevwa manje, se konsa tou, lespri li dwe plen konesans ki kache nan liv ki se manje lespri a tou. Alòs, se nan lekti ak echanj yo ka rive nourir lespri yo. Elèv yo fè tankou yo pa tandè. Yo kontinye ap grennen tapaj. Bougonnen. Lanse pawòl van. Pawòl tètchaje. Pawòl mankemelanj. Pawòl chire sèvèl. Boutofen, Fabyèn pwoche kote Mak pou salye li epi mande li kèk enfòmasyon ak detay sou lavi li kòm lektè... Mak vire gade Fabyèn epi li souri. Men, nan souri Mak, Fabyèn gentan jwenn plis pase bonjou. Fabyèn jwenn plis pase repons ak enfòmasyon li te bezwen yo. Fabyèn jwenn yon souri lespwa nan men Mak, yon souri melanje ak yon sinyal liv yo lage k ap limen tenyen sou figi Mak. Yon souri ki pote plis pase pawòl. Yon souri ki pote mo ak yon pil bèl istwa ki trese nan yo. Mak sèlman mande Fabyèn èske se liv li vin achte... Fabyèn di Mak li pa gen ase kòb pou li achte liv li bezwen an. Mak di Fabyèn, si li pase 5 minit ap gade liv la, l ap gentan li ata prefas la. Fabyèn ri... Pawòl sa fè li konprann plis kijan Mak atache ak liv. Tan pou Fabyèn ale chèch, Mak pito konseye li gentan gade sa ki gen nan papòt liv la. Liv se bwat sekre Mak. Avan Fabyèn deplase, Mak

Kaye Akademi An

di li nan ki adrès li ka jwenn li pou yo kontinye pale epi diskite sou kesyon liv. Nan yon premye moman, Fabyèn pa t vle bay Mak enfòmasyon sou li twòp paske li te yon jan wont lòt elèv yo ki t ap di ou pa wè jenn fanm sa kijan li antre fal li anba yon mesye li pa menm konnen. Boutofen, Fabyèn reziye l, li di Mak s on zanmi yon jenn dwe genyen nan fichye lamitye l, li pran adrès Mak, li ale. Mak fè li kado yon liv. Fabyèn twouve jès la te ranpli ak sajès. Sa te fè Fabyèn byen anpil. Li deplase ak yon souri ki kouvri tout lari a.

Pandan Fabyèn rive nan lekòl la, li ap rakonte kijan li sot kwaze yon mesye, se yon kòlòs, yon chabrak, yon potanta, yon gason kanson, yon mèt douvanjou. Fabyèn di nan lespri li, si li t ap rebatize mesye a, li t ap rele l: Mesye-liv. Fabyèn di tout kò mesye a plen liv. Li sezi wè sa. Tout pòch mesye a anvayi ak liv, sa ki pa ka antre nan pòch li, li foure yo nan ren l... Depi nan espikasyon ak deskripsyon Fabyèn ap fè yo sou Mak la, kèk elèv je kale ki abitye tande emisyon ki fèt sou liv te gentan wè se pa lòt moun Fabyèn ap pale, se Mak. Gen kèk elèv ki rele li: Mak-Papa Liv (M.P.L.). Se konsa yo tonbe rakonte Fabyèn ak ki kalite moun li sot kwaze la, ki moniman vivan, ki mapou, ki vanyan, michan epi potorik gason li sot pale la. S on mouche ki konnen literati tout peyi sou latè latètopye. Gen moun ki ka twouve sa pa posib. Menm si sa ta rive Mak pa ta konnen tout otè ki pwodui nan literati yon peyi, men, kanmenm, li konnen tout otè ki gen nen nan figi yo, l ap ba w zèv yo lit lit, trapde, san grate tèt. Yon lòt elèv ki rele Lin te mete zòrèy li anpant, li kouri antre nan koze a epi li di mezanmi, mesye sa, se pwofesè yon frè m li te ye, se toutan frè m nan ap rakonte m kalite mesye Mak genyen. S on

Kaye Akademi An

mesye ki pa ka wè liv. Kidonk, li pa ka wè yon liv pou li pa pwoche bò kote l. Li pa ka wè yon liv pou li pa touche l, manyen li, vire li, gade li, santi l, plòtonnen li, admire li, dolote li, chouchoute li... Si Mak wè yon liv, tan pou li pa ta genyen l, li ta pito pran sant liv la, pran tit li ak edisyon li pou li al achte l rapid rapid. Misye se yon rat liv. yon fouyapòt. Yon nonm ki manje liv devan dèyè. Li dòmi leve ak liv, sou liv, nan liv... Li dolote liv. Li karese liv. Mak toujou fè kòmand liv toupatou. Nan tout chenn konsomasyon liv, nan tout aktivite ki gen pou wè ak liv, nan tout vant siyati liv, nan tout koze ki gen prezans liv, tout kote non liv site, Mak reponn prezan. Mak vwayaje nan yon bann sivilizasyon anndan liv yo. Mak mache toupatou nan panse otè yo. Li fè laviwonndede ak lide yo. Mak fè konesans ak yon bann gwo palto ki konstui limanite ak panse yo. Mak vwayaje nan yon bann vil. Li fè faskare ak yon bann istwa: istwa lagè pou relijyon, istwa lagè pou gaz, pou min lò, pou bout tè, pou zile, pou gwo enterè kapitalis. Mak li liv sou rechofman klimatik, pwoblèm anviwònmantal, gwo antrepriz kapitalis plante toupatou k ap ponpe vye gaz pou pouri lespas nan lide pou reyalize gwo envansyon epi tire gwo pwofi... Mak li istwa sou pisans enperyalis yo k ap vare sou lòt ti peyi sou baz yo gen lwa Veto ki kanpe dèyè bannann yo. Istwa pastè demachè ki fè legliz tounen labank, ki ap kase ponyèt malere nan kwochi jenou tann Bondje nan syèl. Pastè ki tann dra pou souse san pèp san pye ni tèt ki ap konte zetwal nan rèv. Mak prèske konnen tout istwa. Menm yon tèks anpil gwo lektè, lektè ansyen ansyen, lektè ki pouse bab pa konnen, liv moun pa ta panse ki te menm pibliye, nan lane 1850: *La*

*vie et les voyages de Mme Nancy Prince*², se Nancy Prince ki ekri liv sa a. Se yonn nan premye ekriven fanm nwa Etazini konnen nan listwa li. Anverite, Mak konnen tèks la pakè. Li menm konnen pou ki sa Nancy PRINCE te ekri tèks sa a. Nancy PRINCE se te pitit yon ansyen esklav ki te soti an Afrik. Papa Nancy t ap bourike kòm esklav nan gwo abitasyon Etazini pou ede konstui yon bann gwo vil ki kanpe jodi a k ap fè nou filalang. Apre lanmò papa Nancy, li te santi li mal alèz pou li al pran liy, kanpe tann grenn lasibab òganizasyon karitatif t ap charite moun. Li te pito ekri liv sa a *La vie et les voyages de Mme Nancy Prince* pou li te jwenn mwayen pou l viv. Olye li al lonje lanmen pou yo lage retay zo, kras dan ak myèt nan men li. Li te pito goumen, mare ren li malgre sosyete ameriken an te kankannen ak madichon ki rele esklavaj la. Nancy te fè tout sa yon fason pou li te rive manje ak pwòp kouraj li, malgre sante l pat kòdjòm. Apèn yon moun louvri bouch pou pale de Nancy, woy ! Mak kanpe zòrèy li tankou mangous Pòmago, Mak te gentan wè sou ki istwa moun nan ap pale, Mak te gentan konnen listwa a latètopye san manke yon yota. Mak konnen istwa Adolph HITLER ak Almay nazi ki te deside boukannen yon bann Juif sou pretèks yo pa bon blan. Kidonk se blan Alman ki bon blan. Mak konnen yon ribanbèl volim koze sou tout istwa ki make mond lan.

Mezanmi ! Mak se pa jwèt gason. S on nonm ki fè anpil moun fè bak. Si yon moun konprann w ap vin chante kantamwa w paske w te li kèk grenn liv, oubyen ou t ap pase yon kote ou tande yon moun t ap pale de yon liv epi ou kouri vin rakonte sa, Mak ap mete w KO, l ap fèmen w

² PRINCE, Nancy. *La vie et les voyages de mme nancy prince*, Mémoire d'Encrier, Montréal, 2006. Se yon bon liv nou rekòmande tout moun ki poko li l, pou yo ta li l.

Kaye Akademi An

tankou parapli... Depi non otè a soti nan pwent lang ou, Mak deja ranje kò li pou li rakonte w tout liv otè sa a ekri. Lè konsa w ap tranble kou fèy bwa, si ou pa t byen konnen sa w ap pale a. W a sezi wè Mak esplike w liv ou konprann w ap vin rakonte li a. Mak li liv sou timoun, sou agrikilti, sou fizik nikleyè, liv sou blan Meriken ki te boukannen 2 vil Japon ak tout timoun, granmoun, tibebe ki ladan yo ansann, liv sou chimi, liv sou motivasyon ak devlopman pèsonèl, liv sou filozofi, liv sou Jezi, liv sou Mawomè, liv sou Bouda, liv sou Sokrat, liv sou Konfisiyis, liv sou kabal, liv sou franmasonni, liv sou maji, liv sou mizik, liv sou sosyoloji, liv sou antwopoloji, liv sou ekonomi, liv sou jewografi, liv sou jesyon, liv sou matematik, liv sou revolisyon, liv sou lespas... men sa yon moun ka pa rive konprann se kijan yon nonm fè rive fè rankont ak tout otè sa yo, tout domèn sa yo epi li rive metrize tout sa ki di nan yo ak fasilite konsa! Gen moun ki di se paske Mak te konn bwè epi manje anpil kokoye, manje pistach, bwè ji chadèk epi manje anpil pwodui peyi a ki fè li konsa. Gen lòt ki di li soti nan bon lakou. Nan bon fanmi. Yo di Mak konn pale nan dòmi. Tout sa l li nan lajounen, li pale yo nan dòmi. Bri ta menm kouri di se nan liv Mak wè konsèy sa a: «Yon moun ki manje pwodui ki pouse nan peyi li gen plis chans pou sèvo li fonksyone pi byen epi pouse entelijans li ale pi lwen.»

Sa ki enpòtan ankò pou tout moun konnen, Mak pa egoyis, li renmen pataje. Mak p ap fè chich pou rakonte sa l li nan liv yo. Li pa pè prete zanmi liv. Konsa tou li pa janm gen yon sèl grenn nan yon liv. Se petèt paske Mak konnen gen kèk moun ki prete liv ki pa renmen renmèt fasil. Mak gen liv ki soti sou tout tematik ak tout liv ki soti nan

Kaye Akademi An

koleksyon yo. Tout kalite koleksyon, nan tout peyi. Kèk vwazinaj rakonte, kay Mak se yon mèvèy. Yon migmag. Vwazinaj di depi nan papòt kay Mak se liv ki di w bonjou. Se pou lapli ki fè tout lakou Mak pa anvayi ak liv. Salon, chanm pou kouche, kabann, anba kabann, salamanje, anwo tab, anba tab, sou kapèt, douch, twalèt tout kote, nan tout kò kay Mak liv gaye, liv pouse kou djondjon, liv fè pil, liv fè lo nan tout kwen fenèt, liv monte sou bifèt, sou tèt televizyon. Mak se yon obsede nan zafè liv. Si yon moun ta bliye non Mak rele Mak-Papa Liv. Depi Mak nan lari, yon moun di liv, Mak tou vire gade. Li zanmi ak tout moun k ap travay nan librerì, li byen ak tout boukinis toupatou nan lari, li zanmi ak tout bibliyotèk nan Pòtoprens. Li konnen chimen tout bibliyotèk. Li sipòte tout inisyativ ki ap pran, swa pou ankouraje moun li, fè konkou lekti, oubyen pou mete kanpe yon sant lekti.

Lè Mak ap li yon liv, li branche linèt li, li kadre li anba yon pye bwa nan lakou li, men Mak tèlman gen abitud ak liv, se tankou Mak gentan wè davans kijan istwa pral defile nan liv la. Kijan sa pral fini, sitou si se liv ki gen pou wè ak literati. Èske istwa sa pral fè san koule? Èske l ap pote lespwa? Èske se yon istwa ki pral fè lapli tonbe? Èske se yon istwa ki ap rakonte kijan peyi a malad? Kijan peyi a pa la? Anpil moun ki ap swiv Mak mande si nonm sa a te prezidan peyi a èske li t ap li konsa oubyen tou ou kwè prezidan peyi a li tankou Mak? Gen moun ki menm mande si prezidan peyi a te li konsa èske peyi a pa t ap sispann ranmase wont anba men lòt peyi nan tann kwi pou ranmase retay san diyite?

Kaye Akademi An

Anpil tan te pase. Mak te rete kole ak liv. Li pase tout vi li ap li, anseye, rakonte sa l li nan liv. Eseye aplike bon lide ak istwa li tire nan liv yo.

Nan dènye jou Mak ta pral bay lavi do, dlo t ap ponpe nan je li, dlo te pete nan je l ou ta di lapli mwa desanm. Lè madanm li mande li poukisa l ap kriye konsa... se ak anpil emosyon Mak te reponn:

Pi gwo regre m jodi a, se paske m santi m pral mouri, m gen yon liv m pat gentan fin li. Tanpri souple, lè m mouri, avan nou antere m, mwenn priye nou angras, mete liv sa a nan tèt sèkèy mwenn: *Ti dife boule sou istwa Ayiti*, Michel-Rolph TROUILLOT. Epi fè tout timoun ayisyen k ap grandi konnen verite ki kouche nan liv sa a.

(Ekstrè nan rekèy nouvell *Sèt kle pou louvri letènite*)

Iléus PAPILLON

Auteur, Publiciste, Sociologue

Master en Histoire, Mémoire et Patrimoine

Président-Fondateur Salon du Livre et des Arts du Grand Nord d'Haïti

Président de l'Observatoire Patrimoine

Manm Direksyon Kominikasyon nan Akademi Kreyòl Ayisyen



Ekriven, sosyològ, **Iléus PAPILLON** gen yon Metriz nan Istwa, Memwa ak Patrimwàn. Li se prezidan fondatè Salon Liv ak Atizay Gran Nò Ayiti (Salon du Livre et des Arts du Grand Nord d'Haïti), animatè Emisyon N AP LI pou timoun. Iléus ap travay nan Direksyon kominikasyon Akademi Kreyòl Ayisyen.

FILOZOFI AK SYANSZIMÈN: KI SA LANG KREYÒL LA DI?

Richardson LUBIN

Nou toujou ap panse nan orizon yon lang. Gen plizyè pwoblèm ki mache avèk nou e ki fè nou janbe lorizon. Tankou nan filozofi pwoblèm Èt la (l'Être), transandans, etik, alterite, gade tout bò (Rega). Oubyen nan syanszimèn ak syans koyitif, nou fè faskare ak pwoblèm eskizofreni, plizyè pèsonalite nan yon sèl moun (pèsonalite miltip), memwa objè yo (memwa fòm), kesyonman sou aprantisaj, lit sosyal, eklatman vil sou vil yo, kesyon chanjman sèks ak dwòg. Pwoblematik filozofik ak koyitif sa yo pa genyen nan nannan yo yon preferans pou yon lang. Lang ak refleksyon toujou makònen youn ak lòt. Amwenske ta genyen yon lang ki pi pre orizon pwoblèm yo. Yon powèt alman ki rele Paul Celan di deja pa gen tèks powetik ki posib apre dram jenosidè ki pase pandan dezyèm gè mondyal la. Kote Hitler te fè ekstèmène plizyè milyon jwif nan kan lanmò tankou *Auschwitz*. Ki sa lang jwif la pote, lòt lang tankou kreyòl la pa genyen?

Emmanuel Lévinas, filozòf fransè ki fè piblik Lafrans lan fè konesans ak filozofi Martin Heidegger a, di genyen yon matris nan lang grèk la ki pouse deyò kèk pwoblematik moun pa jwenn nan lòt lang yo. Toujou dapre Lévinas, fòk yo ta kesyone lang grèk la pou yo konnen kijan pwoblematik sa yo fè abite li.

Fikse yon idantite lengwistik inivèsèl se prèske yon pyèj ideyolojik. Se kòm si ou ta di ou tou pran yon lang pou sèvi modèl pou tout lòt lang yo, tankou kòmantatè tèks

Kaye Akademi An

rabinik yo konn abitye fè sa an Espay ak an Frans nan peryòd Mwayennaj la. Gwo konèsè yo nan domèn kabal la, nan peryòd renesans sou kontinan ewopeyen an, foure nou nan menm pyèj la.

Lévinas di nan etid talmidik li yo, lang ak panse jwif la jwe pyezemen pou li foure kò li anba vant kilti grèk la. Se paske lang jwif la bezwen orizon grèk la pou li jwenn lapawoli li. Men, ki kote pwoblèm lang lan ye? Toudabò, genyen yon orizon yo rele sajès grèk, kòm kwa tout sajès, tout kilti, tout lang, pou yo ka jwenn zouti pou yo fè filozofi ak syans dwe rantre nan kilti grèk la.

Ki sa ki fè powèt Georges Sèféris di kilti grèk la se yon so ki make tout kilti, e kidonk tout moun sou latè trape viris grèk la (nous sommes frappés de grécité)?

Si nou byen konprann, genyen yon kilti ak lang, ki se lang grèk klasik la, k ap flote nan konsyans nou tout, vle pa vle, wè pa wè. Finalman, nou ap mande kòman lang jwif la fè genyen menm pretansyon ak lang grèk la? Paske kilti ak lang jwif la poze tèt yo tankou yo se manman tout kilti ak tout lang. Sitou nan etid talmidik (talmudique) ak kabalistik yo. Se konsa lang grèk la ak lang jwif la pral tounen orizon pou tout lòt kilti ak tout lòt lang.

Plizyè nan syanszimèn yo, tankou antwopoloji, istwa, jewografi ak sikoloji pral itilize zouti epistemoloji grèk ak jwif pou avili, foure nan yon aliyasyon total, tout kilti ak lang ki pa kadre ak yo. An nou di tout kilti ak lang, tankou lang kreyòl la ki pa vle aliye tèt yo, se negriye lang grèk ak jwif yo.

Ki sa lang kreyòl la ye?

Kaye Akademi An

Se yon lang ki nan orizon tout pwoblematik linivè. Filozofi, sikoloji, antwopoloji, matematik, medsin, jwèt sinema ak teyat, penti, sosyoloji, demografi, jounalis, elatriye. Di nou ki kesyon ki poze nan lang grèk ak jwif la, lang kreyòl la pa genyen nan orizon li? Ki kesyon fondamantal lavi a, filozofi ak syanszimèn lang kreyòl pa travèse?

Richardson LUBIN

Bibliyotekè, dokimantalis
Akademi Kreyòl Ayisyen
Novanm 2024



Richardson LUBIN

Sikològ, atizan, dokimantalis, ansyen Bibliyotekè Akademi Kreyòl Ayisyen, Richardson se yon pèsonalite ki gen anpil pasyon pou atizay ak literati.

W AP KONN JÒJ !

KOTE EKSPRESYON SA A SOTI?

Iléus PAPILLON

Se pa jodi a n ap tandé Ayisyen k ap lanse gwo menas bay lòt Ayisyen parèy yo nan itilize ekspresyon : « W ap konn Jòj ». Ou ka tandé yon Ayisyen di, an ! ou p ap remèt mwen lajan an ! Ok ! An ! Ou menm ki poze aksyon sa a ! Ou rete la toujou... ! Ebyen ok, w ap konn Jòj, mwen pral fè w konn Jòj. Otorite yo kase kès Leta, si lajistis te gen nen nan figi l, li t ap fè yo konn Jòj. Ou ka tandé tou, m ap fè w konnen pou ki sa « *Georges* » pran s an franse tandé ! nan sans m ap fè ou respekté moun. Pafwa, lè Ayisyen an fache, ekspresyon sa a souvan glise anba lang li pou ekspriye kòlè, mekontanman, elatriye. Jodi a ekspresyon *w ap konn Jòj* la antre nan patrimwàn lengwistik pèp ayisyen an danbang. Li menm rive janbe fwontyè ale nan peyi blan meriken. Ayisyen ki nan peyi kay Tonton Sam menm rive vire koze a nan jan pa yo: « W ap konn Jòj ak tout Jòjèt nan Jòjya ». Alòs, Jòjya se yon Eta nan peyi Etazini. Men, an nou poze yon kesyon. Èske gen anpil Ayisyen ki janm chèche konnen vrèman kote menas sa a soti vin tabli kò li nan sosyete ayisyen an konsa? Jodi a, li enpòtan pou nou di kote ekspresyon *w ap konn Jòj* sa a soti. Nan chita anba bouch moun ki wè kèk jou avan nou, nou rive fè limyè sou dosye sa a. Nan yon tèks Madanm Marie Andrée ÉTIENNE (Mariedesîles Étienne / Madanm Frankétienne) pataje ak nou, nou rive jwenn rasin kote koze *w ap konn Jòj* la ta soti. Anvan nou rive konnen kote *w ap*

Kaye Akademi An

konn Jòj soti, li enpòtan pou nou konnen, kiyès ki te Jòj la. Kiyès Jòj te ye? Jòj, se te yon oungan (bòkò), se te tou yon gwo tonton makout 57, li te pami premye rejiman makout Divalyeris 1957 yo. Mouche sa a te menm rive chèf biwo politik nan blòk kote li te rete a sou rejim boutdi Divalye premye vèsyon an. Mete sou sa, Jòj te Chèf seksyon tou pou zòn Bolòs, Fontamara ak Matisan nan Pòtoprens, Ayiti. Jòj pa te byen konn li, dapre sa ki rapòte. Se anba gwo goumen pou Jòj rive fè lèt J ki nan Jòj la. Men, nonm sa a te toujou pote zam sou li. Sa vle di, ou pa gen dwa rankontre ak Jòj pou li pa gen zam epi gwo linèt nwa nan je li. Pafwa li abiye an ble, ou ka jwenn mouche a tou an nwa ak de revòlvè bò ren li. Ou pa ta di se Zowo, yon ewo ki nan fim lejann meksiken yo.

Malgre vizaj Jòj te makawon tankou siray, sa pa te anpeche li konpòte li tankou yon sipèsta nan zòn nan, kididonk, yon pedan. Plaka vizaj degoutan ak orijin sosyal pwoletè Jòj te rann li vin pi konplekse toujou. Li te kwè nan tèt li anpil. Depi ou gade Jòj yon jan ki pa fè li plezi, ou te deja anba chaplèt. Jòj pa te pè Pap alewè pou li ta pè Pè. Li pa te jwe ak pèsonn. Jòj te achte bouda moun lajan kontan. Jòj p ap rate yon segonn pou vide baton sou tout moun ki ta vle iyoure otorite li. Si yon moun pa ta konnen Jòj, se tankou se yon krim moun sa ta komèt pou chèf makout sa a. Tout moun te oblije konnen non Jòj. Jòj te tèlman brital, sa konn rive li frape nenpòt moun nan zòn nan; gen tò oubyen rezon, sa pa te mele Jòj. Se gwo kout kokomakak, gawòt, raso, kout baton, kout frèt nan rèl do. Sòf chèf ki te pi wo pase Jòj li pa te frape. Istwa rapòte, Jòj te toujou sou. E pou Jòj fè jijman, se baton li te rale an premye. Moun ki te konnen sekre Jòj fè konnen sèl fason

pou Jòj sispann kale yon moun, se lè moun nan rele Viv Divalye ! Lè sa a, li bay prizonye a oubyen moun ki anba men li an yon souf. Lè yo arete yon moun mennen li nan biwo lwijanboje sa a, Jòj di moun nan : « Ou pa konnen kote w ye la ? Ou pa konnen m ? Mwen pral fè w konnen m ! W ap konn Jòj ! » Men kijan koze w *ap konn Jòj* la ta pran nesans. Se konsa, moun ki te abite zòn Bolòs ak nan katye ki tou pre yo te konn souvan di lòt moun : « Anmède kò w, wa wè si m p ap fè w konn Jòj. » Gen moun nan zòn Bolòs ki ta menm rakonte Jòj te arete yon madanm ki te rele Damokliz paske li te pase sou Jòj li pa di Jòj bonjou. Malerèz sa a se te yon lesivyè, sa vle di li te konn lave pou moun pou bay kèk kichòy tankou ti grapday monnen, manje ak rèd rad, pafwa. Ronald A. DERENONCOURT rakonte nou, jou yo te touye gwo makout ki te rele Tibobo a sou Gran ri, anpil moun nan Bòlòs te konprann se te Jòj, tèlman yo t ap tann lanmò mouche sa a. Nan yon lòt ribrik, n ap di vrè non Jòj, kijan li mouri epi nan ki zòn. Se konsa ekspresyon sa a ta pral gaye nan tout peyi a, sou pwent lang tout Ayisyen kòm yon eritaj. *W ap konn Jòj* vin tounen yon menas, yon presyon, yon pinga pou yon advèsè oubyen pou anonse yon malèpandye ki pral rive oubyen ki ka rive. Men, jenerasyon 1980 ak 1990 yo ki pa te byen konnen orijin w *ap konn Jòj* la ta mare ekspresyon sa a ak de (2) ansyen prezidan peyi Etazini (Georges Herbert BUSH, papa ak Georges Walker BUSH, pitit la). Karaktè towò gwonde petefyèl ak belijeran ansyen prezidan ameriken sa yo ta fè kèk Ayisyen panse se bò kote yo ekspresyon *W ap konn Jòj* la ta soti. Pou kounye a, nou gen lapè ak kesyon sa, nou konnen rasin ekspresyon w *ap konn Jòj* la. Dis mil (10 000) goud pou Ayisyen ki nan dyaspora a peye chak

Kaye Akademi An

ane a parèt tankou yon gwo menas paske se yon sèl kout kle otorite yo foute li. Se tankou Leta ta di, si ou pa peye li, w ap konn Jòj !

Iléus PAPILLON

Auteur, Publiciste, Sociologue

Master en Histoire, Mémoire et Patrimoine

Président-Fondateur Salon du Livre et des Arts du Grand Nord d'Haïti

Président de l'Observatoire Patrimoine

Manm Direksyon Kominikasyon nan Akademi Kreyòl Ayisyen



Ekriven, sosyològ, **Iléus PAPILLON** gen yon Metriz nan Istwa, Memwa ak Patrimwàn. Li se prezidan fondatè Salon Liv ak Atizay Gran Nò Ayiti (Salon du Livre et des Arts du Grand Nord d'Haïti), animatè Emisyon N AP LI pou timoun. Iléus ap travay nan Direksyon kominikasyon Akademi Kreyòl Ayisyen.

JOUDLAN

Joseph Sauveur JOSEPH

Anpil ti zanmi konn mande ki sa Joudlan an ye. Ebyen, san nou pa bezwen ale fouye zo nan kalalou, an nou gade dabò ki sa li ye, ki sa li reprezante nan lavi kèk pèp epi ki sa li senbolize pou Ayiti; apre sa, n a konpare mouvman li reprezante Ayiti a ak lòt mouvman ki gen menm baz ak li lòt kote: Rebelyon, revòlt, soulèvman, revolisyon.

Joudlan an se premye janvyè, sa vle di premye jou ane a, selon kalandriye gregoryen an. Gen anpil peyi kote pèp ak otorite selebre Joudlan, poutèt se premye jou nan ane a. Sitwayen peyi sa yo fè gwo fèt. Fanm kou gason, timoun kou granmoun pran fete. Pou yo, se yon gras ki fè yo wè jou sa a. Mizik, banbòch, bweson, kado fè mikalaw nan selebrasyon an! Se lè sa a, youn swete lòt: Bòn Ane!

Granmoun yo konn fè echanj kado epi yo fè kè timoun kontan ak zetrenn. Men, gen kèk peyi, tankou Lachin, ki pa fete joudlan premye janvyè menm jan ak nou. Jou pa yo a apa. Yo suiv yon lòt kalandriye. Yo fè gwo fèt tou lè moman pa yo a rive. Nou pa gen menm almanak ak yo.

Sepandan, menm si tout moun oubyen tout peyi ap fete Joudlan san gade dèyè, men, senbolik fèt sa a genyen plis sans toujou pou peyi Ayiti ak Pèp ayisyen. Pou ki sa? Ebyen, kite m di nou Ayiti, tankou lòt peyi yo, selebre Joudlan an kòm premye jou nan ane tou nèt la.

Men, anplis, se jou nesans peyi a kòm nasyon ki chita sou twa wòch dife: libète, egalite, fratènite. Wi, se deviz peyi a ki benyen nan basen solidarite, kote men anpil, chay

Kaye Akademi An

pa lou. Se nan tèt ansanm, zansèt yo, fanm vanyan, gason kanson, te rive kase chenn esklavay la. Yo te rive konprann: yon sèl dwèt pa manje kalalou. Se inyon ki fè lafòs. Konsa, premye janvyè se pwoklamasyon Endependans Ayiti ki vin kanpe kòm Premye Repiblik nwa sou latè. An nou di evènman sa a rive apre yon seri gwo batay ak desizyon ki te dewoule sou plis pase de syèk. Pou nou konprann pòte zak sa a yo poze a, nou ta dwe konprann listwa epòk sa a, kote ekonomi mondyal la te toujou chita sou esplwatasyon moun nan yon sistèm esklavay.

Men, zansèt Ayisyen yo, desandan afriken, pa te janm asepte sistèm nan. Nan sans sa a, plizyè esklav te prefere mouri oubyen mawon olye pou yo te viv kòm esklav. Anvan jou sa a te rive, wout la te long tout bon. Genyen kèk lidè ki te trase chemen an. Nou pa dwe bliye yo. Pami yo, nou ka site:

- ✓ Makandal, senbòl volonte, yo te boule tou vivan poutèt li pa te vle asepte viv nan imilyasyon sa a ;
- ✓ Boukman, nan seremoni Bwa Kayiman, te trase vèvè baz revolisyon an. Malgre kolon sanginè yo te koupe tèt vanyan gason sa a epi espoze li sou plas piblik Okap, lit pou delivrans la pa te janm kanpe;
- ✓ Tousen Louvèti, senbòl lalibète, ki te montre kouman pou yo te òganize lit la, apre yo te fin arete li epi voye li ale mouri nan kacho Fort-De-Joux, an Frans, jeneral ak sòlda li yo, Desalin, Kristòf ak lòt yo te kontinye konba a pi rèd, avèk plis detèminasyon toujou.

Yo te fè fas kare devan espedisyon fransè a ki, ame jouk nan dan, te sou kòmanman Leklè (Leclerc) ak Wochanbo (Rochambeau). Detèminasyon batay san pran souf la te mennen yo resouse yo nan Lakayè, jou 18 me

Kaye Akademi An

1803 a, kote yo te kreye drapo bikolò (de koulè) ble e wouj la, pwòp drapo pa yo pou yo te fè tout puisans esklavajis yo konnen se pa pou libète sèlman yo ap batay, men pito, pou endepandans koloni an, Sendomeng, y ap goumen. Se konsa, yo pa te ezite, anba nouvo drapo ble e wouj la, mennen anpil gwo batay kont lame franse a. Gen nan yo ki pi enpòtan pase lòt. Sa ki te pi gwo epi ki pi enpòtan an se te batay Vètyè a (18 novanm 1803), kote Desalin ak jeneral li yo, nan tèt lame revolisyonè a, te kraze lame franse a ki te gen Wochanbo alatèt li.

Depi lè a, apre viktywa sa a, Ayiti te deja lib. Men, Desalin, kòmandan an chèf la, jeneral venkè a, te pito tann premye janvyè pou li pwoklame endepandans nouvo peyi a. Se te yon gwo mirak devan je lemonn antye, kote esklav vin tounen sitwayen lib. Konsa, se te gwo fèt nan site endepandans la, vil Gonayiv, kote selebrasyon endepandans la t ap dewoule. Pa te genyen ni Esklav, ni Afranchi, ni Kolon ankò. Se te yon sèl pèp ki t ap selebre epi ki t ap rele toupatou: viv Ayiti! Viv lendepandans! Aba esklavay! Aba esplwatasyon! Libète, egalite, fraterinite! Ayiti, se ansyen non peyi a ki ranplase Sendomeng, non madichonnen an. Se te pou nou pa janm bliye se Gonayiv batistè Ayiti, peyi endepandan tou nèt la, te siyen premye janvyè 1804.

Pou Desalin te montre esklav yo lib toutbon vre, yo kapab manje sa yo vle, li fè yo òganize gwo konbit toupatou nan peyi a pou yo fè soup joumou bay tout moun bwè (jodi a, UNESCO rekonèt soup joumou an fè pati patrimwàn imateryèl ayisyen). Se yon prèv ki fè esklav yo te santi yo lib, paske yo ka manje epi bwè sa yo vle, san yo pa ni mande pèmasyon ni pran kout baton. Yo se granmoun tèt yo. Soup joumou an te rezève sèlman pou bouch kolon

Kaye Akademi An

blan. Esklav yo pa te kapab bwè soup la ki te yon gwo pinga pou yo. Se ta gwo malè si yo ta oze goute manje sa a. Se te yon lòt fason pou zòt te limite dwa esklav yo pandan yo t ap imilye yo.

Se konsa Ayiti te trase wout libète pou tout pèp yo te kenbe nan esklavay. Zansèt yo kraze sistèm nan anba gwo sakrifis ki te chita sou deviz revolisyon an: LIBÈTE OU LANMÒ. Puisans esklavajis yo te panike. Sa ki te pi rèd la, Van libète a soufle nan Amerik la kote yon lidè, tankou Simon Bolivar, te vin pran leson ak konsèy nan men Ayiti pou li te kapab libere Bolivie ak tout lòt peyi nan zanviwon an. Li te jwenn zam ak minisyon gratis nan men Ayiti pou li te ale mennen konba libète a lakay li. Sèl kondisyon Ayiti te enpoze li, se te pou li libere tout esklav nan peyi li ta pral delivre yo. Pou listwa e pou laverite, nou ka ajoute drapo venezuela a te koud nan vil Jakmèl, nan Sidès peyi a. Gen yon verite tout istòryen ak bouskadò konnen: se Ayiti ki manman libète. Li pa bezwen okenn estatid pou reprezante Libète lakay li. Chak pye palmis, pye kokoye, pye mango, pye zorany ak tout lòt pye bwa yo se siy libète nou. Rivyè yo, briz lanmè a, plenn ak tèt mòn yo se gadyen libète a. Chak grenn Ayisyen, piti kou li ye, fanm kou gason, ki ap viv nan peyi a oubyen lòt bò dlo reprezante fòs libète sa a!

Anvan 1804, te genyen kèk mouvman revòlt enpòtan nan Amerik ak Ewòp. Men, tout moun konnen: mouvman sa yo, ki ta vle genyen yon ti koulè revolisyon, pa ka parèt nan pwent pye 1804. Pou ki sa? Pou nou ka reponn kòrèkteman, an nou fè yon ti kout je sou listwa.

Te gen yon leve kanpe nan Amerik ki te abouti jou ki te 4 jiyè 1776, kote Etazinyen yo te pwoklame endepandans

Kaye Akademi An

peyi Etazini apre yo te fin chase Anglè yo nan Amerik la. Eslogan yo se te Amerik pou Ameriken. Lòt mouvman an te fèt an Frans, an 1789, kote yo te koupe fache nèt ak rèy pouvwa monachi a pou yo te ranplase li pa yon repiblik demokratik. Lè nou byen gade, apre 1776, Etazini te toujou rete yon peyi esklavajis. Se 31 desanm 1865, apre anpil pale, 13è Amannman konstitisyon Etazini an te resi rive mete fen ofisyèlman nan esklavaj, menm si pratik la te toujou ap kontinye anbachal. Pi ta, jou ki te 7 jiyè 1789, se te tou pa Lafrans pou li te rekonèt tout moun se moun. Sa ta vle di pou yo te fini ak sistèm esklavajis la. Poutan, Lafrans te toujou ap benyen nan sistèm esklavaj peze souse a. Malgre kèk jefò ki te fèt pou yo te aboli lesklavaj nan koloni yo, dirijan franse yo te pito kenbe sistèm nan ki te rapòte anpil. Pou rasis sa yo te kapab an pè ak konsyans yo, yo di : Nèg nwè pa moun. Se an 1848, sa vle di 44 lane apre endepandans Ayiti, yo te rive asepte sispann esklavaj ofisyèlman nan Gwadeloup, men, ki toujou rete yon koloni franse. Se gras ak 1804, ki fè yo te resi bouje nan sans sa a.

Jodi a n a konprann pou ki sa gwo puisans esklavajis yo rayi Ayiti jouktan yo toujou ap konplote pou detwi oubyen efase tras listwa grandèt majè sa a ki se manman lalibète.

Joseph Sauveur JOSEPH,

Akademisyen

Tèks sa a te deja soti nan rekèy korespondans

Out, 2023



Joseph Sauveur JOSEPH

Akademisyen Joseph Sauveur JOSEPH se pwofesè epi manm fondatè Akademi Kreyòl Ayisyen. Pwofesè Joseph gen yon Doktora nan Lengwistik. Se yon kokennchen, defansè lang kreyòl ayisyen.

AYITI ZANTRAY MWEN

Christophe Philippe CHARLES

Ayiti ala tray
Ala maskay
Ayiti kite ray
Tonbe nan deblozay

Ayiti toujou swaf
Ayiti ap pran baf
Awousa nou yo saf
Yo tankou chat sou waf

Ayiti fanmi pa m
Ayiti zokòt mwen
Ayiti se nanm mwen
Ayiti zantray mwen

Ayiti se venn mwen
Ayiti se san mwen
Ayiti se mwèl mwen
Ayiti se vi mwen

Ayiti manman mwen
Ayiti cheri mwen
Ayiti bouldik mwen
Ayiti bouldik mwen

Lè w ap soufri
Nanm mwen senyen
Lè w ap jemi
Kè m eklate

Kaye Akademi An

Ayiti doulè
Ayiti malè
Ayiti jeklè
Tout ap toufounen l

Ayiti nan lamelas
Ayiti nan lavalas
Ayiti nan move pas
Li pran nan gate ras

Ayiti cheri mwen
Malfèktè yo fwennen w
Demon yo filange w
Bandi yo sizonnen w

Ayiti cheri mwen
Malpouwont malmennen w
Dirijan tizonnen w
Sangwen yo toupizi w

Ayiti cheri mwen
Lavi w pa ka fini
Rèv nou ap boujonnen
N ap ka fè bon rekòt

Menm si nou ta grangou
Lespwa nou tankou grandou
L ap toujou vole wo
Nan syèl ble Bondye a

Christophélès

Akademisyen Ayisyen
2 novanm 2024



Akademisyen depi 2014, pwofesè, editè, ekriven pwolifik, Christophe Philippe CHARLES se yon kreyatè plengrennen. Akademisyen Christophe Philippe CHARLES se Envite donè 31è edisyon Livres en folie pou ane 2025 lan. Li deja pibliye plis pase 100 liv ak bwochi.

LANVÈ LANDWAT

Richardson LUBIN

I

Mwen se lanvè
Mwen se landwat
Mwen san lanvè
Mwen san landwat
Mwen mache dwat lè tèt pa dwat
Mwen se lanvè foli k fè
Katchouboumbe mache dwat tankou w
Mache dwat

2

Lòt jou... non se pa sa m t ap di
Lanvè pa landwat
Landwat se dèyèdo lanvè
Lè lanvè kouche sou do
Pou l pise sou lalin

3

Tout moun di
Weeee!
Men yon komèt ap vin tonbe sou nou
Gen lòt ki di se Jezi
Gen lòt ki nan lòt
Ki di se Èzili Freda k ap lave bòbòt li

4

Kòm kwa ke w lanvè
Ke w landwat
Ou toujou abò yon lalin
Ki pa gen lanvè
Ki pa gen landwat
Lòt jou mwen wè yon fanm k ap pase konsa

Kaye Akademi An

5

Poko
Sa m ap di la
Tankou si yon moun nan landwat li
Fè wout kwochi
Kwochi kwocha kwochi
Ou wè sa m vle di a
Ebyen lanvè lespri li
Se yon wout dwat
Tout moun ta dwe suiv
Lè lanvè katchouboumbe
Ap paweze nan landwat lavi a

6

Alòs m t ap di nou fanm lan wè mwen
Mwen gade l
Li gade m
Mwen souri
Li tchwipe

7

Mwen ranmase tchwipe a
Mwen mete l nan pòch mwen
Pou m fè lalin kado

8

Nou pa mande m koze
Mwen kouri vit rantre nan yon rèv
Men gwosè l fò nou ta wè sa
Menm gwosè ak yon grenn sab bò lanmè

9

Mwen monte
Mwen desann
Mezanmi sa m ap di konsa
Mwen t ap pale de lanvè ak landwat
Ki se menm dwat la

Kaye Akademi An

Lè w fè wout kwochi
Kwochi kwocha kwochi
Ki mennen w tou dwat
Nan rèv moun ki nan rèv ou a

10

Fò m di nou
Manman m te di m
Anvan blan je vèt fè nou pran
Kaka nou pou krèm kakawo
Souri
Se sa li te di m wi
Souri fè moun tounen Bondye
Se sa ki fè m souri
Lè rèv mwen landwat
Lè rèv mwen lanvè

11

Mwen pè di fanm lan
Lè rèv mwen dwat tèt mwen lanvè
Lè rèv mwen kwochi tèt mwen landwat

12

Lari plen ak bri
Bri djòl
Bri silans
Bri soufrans
Moun sou moun
Manti sou manti
Lanmou zagribay sou zagribay
Manti sou manti

13

Kochon pote plent pou nou devan Bondye
Nou fè bagay ki pa gen anyen pou wè ak lavi
Lè nou voye rèv nou kouche nan plas nou
Nan simityè

Kaye Akademi An

Nou pè mouri
Pou nou pa viv

14

N ap monte desann
San lanvè san landwat

15

Mwen di fanm lan
Kanpe m sou wout
Fè m fè wout kwochi
Kwochi kwocha kwochi
Pou landwat ka plenn
Nan sezon lawouze

16

Li te mèt fè bouch mwen fè pantalèt
Nan lanvè nan landwat
M ap toujou kanpe dwat
Nan tout rèv ki fè li
Santi l fanm

Richardson LUBIN

Bibliyotekè, dokimantalis
Akademi Kreyòl Ayisyen



Richardson LUBIN

Sikològ, atizan, dokimantalis, ansyen Bibliyotekè
Akademi Kreyòl Ayisyen, Richardson se yon
pèsonalite ki gen anpil pasyon pou atizay ak literati.

TWAZYÈM PATI

**OMAJ POU DOUZ (12)
AKADEMISYEN KI DEJA
KITE NOU YO**

AKADEMISYEN

Ayisyen di, ago, agosi, agola, abobo, ayibobo, amèn,
alélouya pou Akademi lang li;

Kilti n ak lang nou pale, se fòs ki simante n ansanm, pa gen
manti nan sa;

Ayiti se lakay; lang nou se zouti n; n ap sèvi ak zouti n pou
n fè kay la pi solid;

Depi nan Ginen, Nèg renmen Nèg, se sa ki pi bon verite a,
Ayisyen pale, Ayisyen konprann;

Egzistans Akademi an se zèv Pèp Ayisyen an, nan mòn,
nan plenn, nan vil, nan pwovens, nan jaden, elatriye;

Manman lang nou reklame dwa grandèt majè l nan GRAN
LAKOU a pou rasanble tout pitit li yo, pa bliye bèlmè pa
manman;

Isit nan peyi n, Ayiti, nou pa gen kont ak okenn lòt lang.
Okontrè, nou la pou n aprann kolabore, kominike ak tout
lòt pèp;

Sandipètèt, ou menm, ou se Akademisyen Ayisyen pami
premye yo;

Yo mèt tou kwè nou se yon gran Pèp ki p ap betize ak lang
nou, ak kilti nou;

Endepandans grandèt majè n, nou kwè nan sa, nou kwè
nan Ayiti; Ayiti ap vanse; Ayiti annavan, avivwa. Lapè nan
lemonn!

Remak enpòtan: Tout tèks omaj sa a pou akademisyen ki deja
travèse yo se Akademisyen **Clotaire Saint Natus** ki ekri yo an
septanm 2022. **Beaunel Beauzile** fè kèk aranjman nan
prezantasyon yo an novanm 2024.

I

**Max Gesner Beauvoir
Maks Jesnè Bovwa**



(25 dawou 1936-12 septanm 2015)

Ou **VO** anpil pou nou, ou de**DOU**ble kwayans nou nan
AYiti peyi **ZAN**sèt yo

kite pou nou an ;

vrèman vre ou make n, ou make pasaj ou,

ou fè le**MAK**Simòm ou kapab nan pasaj ou

pou demontre valè ak enpòtans lang matènèl la

Vrèman vre, ou se yon **Jeyan** gason, yon mak moun

EStwòdi**NÈ**,

Ayibo**BO** avi**VWA**, Ayibobo, Ayibobo

ATI nanchon an.

Ak ou, nou **KA**pab **DE**vlope tèt nou pou nou ka vin pi

MIyò kòm Ayi**SYEN**

Onè ak respè pou Moun ou ye a

Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl

II

**Claude Clément Pierre
Klod Kleman Pyè**



(28 fevriye 1941-24 jen 2017)

Ou **KL**è kon dlo kòk toupatou kote ou ye, e sou tè fèm e
bODmè bò lanmè

lè ou fè n konnen aklè lang pa gen zo,

sa a se yon pawòl **KLE** e pa gen **MAN**ti nan sa ;

PYÈ pa pyè ou swete nou rive bati kay la byen solid ak
lang matènèl la.

Ak ou n ap **KApab DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò
kòm Ayi**SYEN**.

Onè ak respè pou Moun ou ye a

Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl

III

**Rachelle Beauvoir Dominique
Rachèl Bovwa Dominik**



(18 me 1965-05 janvyè 2018)

Gade yon **RA**do bèl zwazo k ap vole, gade ou menm k ap monte ne**CHÈL** la

M ap di w, n ap di w, nou menm Akademisyen yo ki la a,
ak tout nanchon an ap di w

Ayibo**BO** aviv**WA**, pandan vwa tanbou ap deplòtonnen
Sou do mòn yo, nan plenn pou bò w tout onè ak tout respè
ou merite

ou se yon mètrès lawouze douvanjou pou demen ka pi bèl

Rachèl Bovwa, Rachèl Bovwa, Rachèl Bovwa

AYIBOBO...

**Onè ak Respè pou Moun ou ye a
Ou se yon Mètrès Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.**

IV
Ernst Mirville
Èns Mivil



(30 jiyè 1940-8 jen 2021)

Depi byen lontan non sèlman ou poze **pyè** ou, ou souffle
banbou ou

sou s**ÈN** ak fò**S** kouray entelektyèl ou kòm Ayisyen
konsekan

pou defann e montre enpòtans lang matènèl la
kòm lang tout bon ;

Ak ou nan pwen **MI**womiba, lang matènel la pa yon lang
deko**VIL**...

Onè ak Respè pou Moun ou ye a
Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

V

Marie Marcel Racine Buteau
Mari Masèl Rasin Bito



(31 me 1934-23 jiyè 2020)

Maten midi swa ou la e ou pa kache tèt ou dèyè rido,
ou **MA**che travay pou lang pèp la e kòm **SÈL** pa konn di
tèt li l sale,

se mwen k ka di pou ou w gen **RASIN** pa bò isit
epi **BI**chèt, laye, ba**TO** w chaje ak konesans ou vle met
osèvis nou

Ak ou n ap **KA**pab **DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò
grenmesi lang Ayi**SYEN** an

Onè ak Respè pou Moun ou ye a
Ou se yon Mètrès Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

VI
Odette Roy Fombrun
Odèt Wa Fonbren



(13 jen 1917-23 desanm 2022)

Onon peyi a, **onon** powèm nan, ou se yon **grandÈT** ki pa rete ak **grandèt**

WA a ki **FON**de syèl la ak tè a mete **BREN**n li nan ou pou montre n kijan pou nou bay lang nou valè, pou ankouraje w montre nou kijan pou nou met ansanm, fè konbit solidarite youn ak lòt.

Ak ou nou **KA**pab **DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò grenmesi lang **AyiSYEN** an

Onè ak respè pou **Moun** ou ye a,
Ou se yon **Mètrès** Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

VII
Marie Jeanne Léo Louis-Charles



(31 janvyè 1964-29 jen 2023)

MARIJÀN ki se youn nan vanyan fanm ki bann
endepandans nou

Te rive ka**LE YO**, ko**Lon** yo, kraze **Wayom** esklavaj**Is** yo
te vle kreye a,

Nou bat **CHAL**bari deyè yo; ou pot menm prenon ak li

Epi kòm ou batay pou defann epi mete kanpe lang matènèl
ou, bravo pou sa...

Ak ou nou **KApab DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò
grenmesi lang Ayi**SYEN** an

Onè ak respè pou Moun ou ye a.

Ou se yon Mètrès Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

VIII

**Pierre Michel Chery
Pyè Michèl Cheri**



(18 mas 1956-25 me 2024)

Ou poze **PYÈ** pa w pou bati fòtrès sitadèl lang matènèl lan ;

maten, **MI**di, swa ou apiye ne**CHÈL** ou sou amati lang lan pou travay ak zouti w,

pou fè l tounen yon **CHE**dèv pandan w ap kontinye ko**RI**je sa ki merite korije.

Ak ou nou **KAP**ab **DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò grenmesi lang Ayi**SYEN** an

Onè ak respè pou Moun ou ye a.

Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

IX
Emmanuel Michel Bazile
Emanyèl Michèl Bazil



(21 novanm 1942-30 jen 2024)

E se tankou **MANYÈL** k ap chache sous dlo a,
w ap chache lang nan
ou te toujou pa**MI** sila yo depi okòmansman san se pa
CHÈLbè pou chèl bè
k ap travay pou lang matènèl la vin pi majè
paske ou konnen se **BAZ** nou pou nou pa an**IL**e kòm pèp...
Ak ou nou **KApab DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò
grenmesi lang Ayi**SYEN** an

Onè ak respè pou Moun ou ye a

Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl

X

Michel Frantz Grandoit
Michèl Franz Grandwa



(19 septanm 1945-18 oktòb 2024)

Ou menm sa a ou wè la a,

Ou pa gen konviksyon ade**MI** ni pran pòz fè **CHÈL**bè sou zafè lang ;

FRanse se lang, kreyòl ayisyen se lang, youn pa gen pou bay lòt p**ANZ**ou, ou kwè nan sa ;

Ou kwè tout bon vre, youn nan pi gwo, pi **GRAN DWA** lengwistik nou se defann lang matènèl la,

E se sa ou abitye fè depi digdantan nan lavi ou


Ak ou, n ap **KApab DE**vlope tèt nou pou nou vin **MI**yò Granmesi lang Ayi**SYEN** an.

Onè ak respè pou Moun ou ye a

Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

XI

**Jacques Max Manigat
Jak Maks Maniga**



(29 desanm 1931-23 desanm 2024)

Depi lontan déjà a**K** fòs kouray ou ak konviksyon ou

Ou bay **MAK**simòm ou

kòm grandèt **MA**jè ki fou**NI** anpil jefò pou lang matènèl
Ayisyen an pran **GA**lon.

Ak ou n ap kapab devlope tèt nou pi miyò ankò kòm
Ayisyen

Onè ak respè pou Moun ou ye a

Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi bèl.

XII

**Christian Emmanuel Plancher
Krisyan Emanyèl Planche**



(24 jiyè 1967-02 me 2025)

Ou konn li ak **eKRI** nan lang matènèl la, ou pa fè zewo
oko**SYAN**

Ann fè pèp la konn li ak ekri tou nan lang matènèl la

Se yon bon ch**EMA**travay ki ni ma**NYEL**, ni entèlektyèl
tou

Ou se youn nan moun ki ka fè **PLAN** sa a ma**CHE** pi byen,
pi vit

Ak ou nou **KApab DE**vlope tèt nou pou nou vin pi **MI**yò
grenmesi lang Ayi**SYEN** an.

Onè ak respè pou Moun ou ye a
Ou se yon Mèt Lawouze Douvanjou pou demen ka pi
bèl.

Kaye Akademi An

Clotaire SAINT-NATUS

Akademisyen



Akademisyen Clotaire SAINT-NATUS etidye nan École Normale Supérieure (**ENS**). Akademisyen Clotaire se yon dizè, tradiktè, powèt epi jounalis. Li te jwe yon wòl fondamantal nan kesyon alfabetizasyon an Ayiti nan ane 1980 yo. Se yon gwo pasyone oraliti. Nan ane 2014, li te fè pati premye gwoup Akademisyen ki te prete sèman pou li vin manm Konsèy Akademisyen an.

Kaye Akademi An

20, Avni Lamartinière, Bwa vèna, HT6116, Pòtoprens, Ayiti
Telefòn: +509 3333-0815 / 33330816
Imel:enfomasyon@akademikreyol.net
Sitwèb:www.akademikreyol.net



KONTNI

Editorial

Samuel JEAN-BAPTISTE (p.5)

PREMYE PATI

REFLEKSYON AK PWODIKSYON SOU LANG LAN (p.13)

Brèf Istwa Òtograf Kreyòl Ayisyen
Pauris Jean-Baptiste (p.15)

Kritik Sou Gramè Kreyòl Ayisyen an
Hugues Saint-Fort (p.27)

Ayiti, Yon Gran Pisans Kiltirèl
Dominique Barthelemy (p.37)

Diskriminasyon Ak Pledwaye Sou Pratik
Lang Kreyòl La Nan Sistèm Jistis Ak
Administrasyon Piblik An Ayiti
Beaunel BEAUZILE (p.45)

Akademi Kreyòl Ayisyen Kisa Li Ye?
Gesner JEAN-PAUL (p.63)

Souverènte Lengwistik La, Dènye Wòch
Dife Souverènte Leta Peyi Ayiti
Jean Gregory CALIXTE (p.67)

DEZYÈM PATI

LANG KREYÒL LA NAN LITERATI EPI KÈK DISKOU (p.91)

Mesaj Konsèy Administrasyon AKA
Nan Okazyon Jounen Entènasyonal
Lang Kreyòl 28 Oktòb 2024 la
Konsèy Administrasyon AKA (p.93)

Make Liv
Iléus PAPILLON (p.99)

Filozofi Ak Syanszimèn:
Kisa Lang Kreyòl La Di?
Richardson LUBIN (p.109)

W ap Konn Jòj! Kote Ekspresyon sa a Soti?
Iléus Papillon (p.113)

Joudlan
Joseph Sauveur JOSEPH (p.117)

Ayiti Zantray Mwen
Christophe Philippe CHARLES (p.123)

Lanvè Landwat (powèm).
Richardson LUBIN (p.125)

TWAZYÈM PATI

OMAJ POU DOUZ AKADEMISYEN KI DEJA KITE NOU YO (p.129)

Omaj pou tout Akademisyen ki deja
kite nou yo
Clotaire SAINT NATUS (p.131)